Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

4/2020
июль - август









# *ГЪУДУЛЛЪИ*


**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**4**

**2020**

**июль - август**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**



**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов,
МухIамадрасул ГIумаров.



Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

Номералда руго:


**РЕДАКТОРАСУЛ РАГІИ**

**М.ПатахІов.** Жаваб батуларел суалал руго.....3

**ГІАБДУЛА ДАГАНОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 80 СОН**

**М.МухІамадов**. «КочІол хІасраталде чучула керен».....5
**ГІ.Даганов.** КучІдул.....11

**МУХІАМАД ХИРИЯСУЛАЕВ ГЬАВУРАЛДАСА – 75 СОН**

**М.АхІмадов.** МагІарул ракьалъул рокьулел бакънал.....23
**М.Хириясулаев.** КучІдул.....26

**ЖАБРАГІИЛ ХІАСАНОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 60 СОН**

**М.-Р.ГІумаров**. Гьаб гІумру анилан абе, дир гьудул.....34
**Ж.ХІасанов.** КучІдул.....38

**ГЪАЗИМУХІАМАД ГЪАЛБАЦІОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 60 СОН**

**Т.Зургьалова.** ГІелбащадав мугІалим.....44
**Гъ.ГъалбацІов**. ГъветІги цогидалги *(хабар)*.....52

**ТАРИХИЯЛ ХІУЖАБИГИ БАЯНАЛГИ**

**ХІ.ГІарипов.** ГІасруялъул байбихьуда магІарулал.....63

**АВАР ТЕАТРАЛЪЕ – 85 СОН**

**М.ГІабдулхаликов.** Унел руго, вацал, ниж армиялде.....66

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**

**З.Батирова**. МагІаруллъиялъул матІу.....74

**РАГЪУЛ СОНАЗУЛ КЪИСМАТ**

**ГІ.Аварский.** ЧІегІераб кагъат.....78

**КУЧІДУЛ**

**С.АхІмаднабиев.** МугІрузда свердиларо.....80
**Р.Амагаева.** Ункъиде рикьарал.....86

**ХАРБАЛ**

**Ш.Хъазанбиева**. Бигьародал хъупил гІазул саринал.....89

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

Босарасе гІакълу, босичІесе….....92


---


Журналалъул хъвай - хъвагІай гьабун буго хъвай-хъвагІай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хІакъалъулъ. РФялъул закон цІуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №4 2020 г.**
*июль - август*
*На аварском языке*

Выход в свет 17. 08. 2020 г.
Тираж 697 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ №593 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

*Редакторасул рагIи*

### *ЖАВАБ БАТУЛАРЕЛ СУАЛАЛ РУГО…*

*ЛъабгогIан моцIалъ туснахъалда тIамурал гIадинги рукIун, гьанже дагь-дагьккун рукIалиде бачIунеб буго халкъалъул гIумру-яшав. Аммаха жеги доб цебе букIараб куцалде кинабго тIадбуссине заман гIемер ина. Хасго гIадамазул гIакълу-пикруялъулъ гьадаб лъезе цIар лъалареб, гIаламатаб унтиялъги, гьелъул хIасилазги ккураб бакI бигьаго эркенлъиларо.*

*Цебеккун киданиги лъиданиги рагIун букIинчIеб, коронавирусин абулеб гьеб унти бижиялъулги, бачIиналъулги, дунялалда тIибитIиялъулги хIакъалъулъ гIемер батIи-батIиял пикраби руго. Гьезул, щивас жинди-жиндир къагIидаялъ, чIалгIинегIан, гIадан хадув гъорларел жал рицин гурони, цо ккураб хIасилалде жеги рачIинчIин абизе бегьула. ГIадамаз ургъараб вирусищ гьеб, кисан бачIарабали лъачIого бачIарабищали чIванкъотIараб рагIи жеги абичIин ккола. Гьеб гуребги, гьададин хехго тIолабго дунялалда гьеб тIибитIиги гьечIищ гIажаиблъи гьабизе ккараб жо. Гьебни щиб, щивас батIи-батIиял дарабиги рихьизарула гьеб унтуда данде. Амма гьезулги гIадан хадув гъолеб жо гьечIо. КигIан гIемер гьелъул бицаниги, жаваб батулареб суаллъун хутIулеб буго инсанияталъе гьеб хIакъикъат. Ратизе бегьула гьеб кинабго тIокIкIун лъалелги дагьалго гIадамал дунялалда. Ратаниги, нилъее гьеб лъицаниги гIагараб заманаялда рагьи щакаб буго. Бальго гьабизе ккараб, цо хасал чагIазул мурадалда гьабулеб, нилъеда бичIчIулареб гьенибги гIемер батила. Гьадав цо, коронавирус баккаралдаса халкъалда жаниб жиндир цIар машгьурлъарав Билл Гейтсин абулев миллиардер цIакъ рекIекълъун вугила кколеб хIалалъ гьеб унтудаса гIадамал хIинкъичIилан. Гьес жиндирго гIарцухъ тIолабго дунялалъул халкъалъе гьеб унтуде данде чIолел вакцинаби хIадур гьарун ругин абулеб букIана. Дунялалъул халкъ чанго нухалъ дагьлъизабизе хIалтIулезул цояв Гейтсида нилъер бугеб ургъел бихьуларищ?!*

*Дунял бижаралдаса цIакъ гIемерал рагъалги рукIана, вабаъ, къавуда гIадал унтабиги мех-мехалда тIиритIана, ракь багъари ва цогидалги балагьалги рачIана. Масала, абулеб буго Дагъистаналда тIоцебе къавуда унти щуабилеб гIасруялда букIанилан. Нилъеде гIагараб заманалда 1926 ва 1932 соназда тIибитIун букIун буго*

*гьеб унти нилъер гьаниб. Гьелъул хIасилалда гIезегIан гIадамал хунги руго. Амма гьединал цадахъго гIемерал камиял жидеца росун рачIунел унтабаз гьитIинал ратаниги, кIудиял ратаниги, дунялалъул цо хасал бакIал гурони жанире рачунел рукIун гьечIо, кигIан гIемерал гIадамал къурбанлъаниги. Коронавирусин абуни цIакъго къокъаб заманалда тIибитIана тIолабго дунялалда. КIинусгониги пачалихъ гъорлъе бачана гьелъ. Гьебги буго цIакъ хIикматаб, щаклъаби рижизарулеб иш. Гьеб гуребги, жакъа гIодобе къаниги, гIемерисел экспертаз абулеб буго гьеб унти хасалихълъияде цIидасан цIилъизе бугиланги. КIиго лъагIалида жаниб щуго нухалъ коронавирус тIа-тIадбуссун бачIине бугин абулелги руго. Гьедин хIисаб гьабуни, гьанжесеб дунялалъул халкъалъул гIумру кIийиде бикьараблъун лъугьунеб буго – коронавирусалде щвезегIанисебги, гьелда хадусебги. ХIакъикъаталдаги гьеб унти баккаралдаса дунялалда гIумруги гIадамазул психологияги гIемерго хисанин абизе бегьула. ХIисаб гьабураб мехалда, гьединаб балагьалда цебе кигIан къуватабги пачалихъги бихьана цIакъго загIипаблъун. Дунялалда тIадго ханлъи гьабизеян лъугьараб СШАялдагIан кIудияб кьаби коронавирусалъ кибниги щвезабичIо.*

*Дунялалъулго экономикаялъе коронавирусалъ гьабураб миллиардал долларазул зарал бичIчIулеб жо буго. Гьеб кида букIаниги рукIалиде ккезе бегьула. Амма халкъалъул пикру-гIакълуялъулъ ккараб хиса-баси кида лъикIаб рахъалде сверилебали лъаларо. Гьелъие заман гIезегIан хIажалъила. Цо кинабалиго хIинкъи, божилъи гьечIолъи, щаклъи тIагIине лъикIалан мех базе бегьула.*

*Цоги бакIазул бицинчIониги, цохIо нилъерго гьаниб Дагъистаналда букIараб ахIвал-хIалалъул хIисаб гьабунги абизе бегьула, жибго заман лъалхъичIониги, заманалда жаниб халкъалъул гIумру чIун хутIун букIанилан. Байбихьуда жибго гьеб унти бахчиялъулги, хварал гIадамазул къадар балъго гьабиялъулги, Россиялъул президент В.Путинилгун букIараб видеоконференциялда Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевас хIакъикъат баян гьабун хадуб ахIвал-хIал хисараб куцги киназдаго лъала. Гьелъул нахъеги бициналъул мурад букIинаро.*

***МухIамад ПАТАХIОВ.***

## «КОЧІОЛ ХІАСРАТАЛДЕ ЧУЧУЛА КЕРЕН»

Дагъистаналъул халкъив шагІир ГІабдула Даганов гьавуралдаса 80 сверилалда бан пикраби загьир гьаризе дица къалам кодобе босулеб буго гьесдехун букІараб рекІел хинлъиялдалъун. Гьесул асараз дун тІамулев вуго шагІир вахараб борхалъиялъухъ валагьизе ва нахъа тараб нухлул хал гьабизе.

РикІкІадал мугІрузда бугеб, берцинаб букІаниги, кьварараб тІабигІаталде ругьунлъарал, бихьинчияб гІамал-хасияталъул, захІматалъе къуркьуларел гІадамаз гІумру гьабулеб чІарадисезул Гьочоб ккола гІемерал машгьурал гІадамал рахъараб росу. Гьениса рахъана исламияб диналъул устарзаби, пачаясде данде Дагъистаналъул халкъаз гьабураб рагъул бахІарзал, имам Шамилил гІакълучагІи, Советияб власталъул заманалда ВатІаналъе хІажатал, гІуцІарухъанлъиялъул махщел камилал хІалтІухъаби: инженерал, профессорал, мугІалимзаби, гьебго заманалда гІадатияб махщел кодосел гІияхъаби, хурухъаби, къадахъаби. Гьеб росдал цо гьитІинибго минаялъул гордухъ, накабазда гІодовги чІун, рикІкІадал мугІрузде берги щвезабулаго, гІадамазул ракІал тамашаяб асаралъ хІеккинарулеб шигІрабазул гьайбатаб рокъобе кІикъоялда анцІабилел соназул байбихьудаго нуцІа къирана росдал школалъул цІалдохъан ГІабдула Дагановас. Лъаларо, дол, жеги жидее роржине жан-къуват щвечІел хІанчІи тІанчІазул хІеренал куркьбал гІадал кучІдул кинал рукІаралали, амма абизе ккола, нахъе цІунун хутІичІониги, гьезул кьучІалда бижана жакъасев магІарулазул машгьурав халкъияв шагІирасул творчество.

Гьесул данде гьарурал асаразул хал гьабулаго, дир пикру ккана 1958 соналдасан байбихьараллъун шагІирас рикІкІунел «ТІоцересел кучІдул» абураб бетІералда гъорлъе рачарал кучІдул цІалулелъул, ГІабдула нилъеда цеве чІола жинда сверухъ бугеб берцинаб тІабигІаталъулгун гІадамазул гІумруялъул гІемеркьеразулаб гьайбатаб сурат бахъулев художник хІисабалда. Бихьулеб буго гьелъие гьунар шагІирасулъ жеги гьитІинго загьирлъун букІин.

**Хасалил магІудулъ тІирщарал хурдуз**
**ТІабигІаталъул кьер хисизабуна.**
**Дир бахьинаб кьегІер ссанул рагІалда**
**ГІурччинхарил лазат босулеб буго.**

КочІол каламалда тІад, гьелъулъ загьирлъизе кколеб пикруялда, гьеб ахиралде щвезегІан бихха-хочизе биччачІого цІуниялда, вижараб ва гІураб бакІалъ, гІагараб ракьалъ, гьелъул гІадамаз, тІабигІаталъ, жиндиего гьабулеб асар гІадамазул ракІазулъе лъугьинабиялда тІад таваккалго хІалтІиялде байбихьудасанго кІвар кьуна ГІабдула Дагановас. Гьесда доб мехалдаго якъинго, гъваридго бичІчІана, кире щваниги ва кире кканиги, рекІелъ бакІ ккун букІунеб, гІагараб ракьалде бугеб рокьиялъ инсанасе жиндирго рухІалъул чІаголъи щулалъиялъе квербакъи гьабулеблъи. Гьеб рокьиялъ херазулъ бахІарлъи, бахІаразулъ лъимерлъи борчІизабула, гьел гІаданлъиялъулги, чилъиялъулги, гьунаралъулги рахъалъ жеги къуваталлъун, жидедаго ракІчІаралльун лъугьинарула. Гьелъул пикру гьабулелъул ракІалде щола Расул ХІамзатовасул кочІол рагІаби:

**ГІураб бакІалъул асар –**
**Алъул бухІи, гьайбатлъи.**
**ГьитІинаб мехалъул махІ –**
**Алъул лъикІлъи, гьуинлъи!**

Узухъда, дунялалдаго цІар рагІарав шагІирасги гІагараб росулъа, инсул минаялъул гъастІасанлъидал лъураб шигІрабазул кІудияб нухде гали, гьенисанлъидал гьес къирараб поэзиялъул дунялалъул горду.

ТІабигІат берцинаб гьочосезул ракьалдасан, жиндиего хасаб, хІеренаб чилиялдалъун чвахизе байбихьараб Дагановасул кочІол иццул лъар, нухда ратарал цогидал лъаралгун, гІоралгун жубан, жиндирго бацІцІалъиги, тІагІамги, цІоройги цІунулаго, гІедегІана поэзиялъул кІудияб ралъдахъе. Гьелъ квербакъи гьабуна ва гьанжеги гьабулеб буго живго гІагараб халкъалъе, хирияб Дагъистаналъе, кІудияб улкаялъе кІванагІан пайда цІикІкІаравлъун вукІиналъе.

**Дун мугІрузул ицц буго,**
**Дун бецІцІула чабхилъан.**
**БацІцІалъи, цІорой, тІагІам –**
**ТІолго гьел дир нигІматал.**

**Дун чвахула эхебе,**
**Чиллайдул кунал лъугьун,**
**Ралъдалъги дир бакъан-кечІ**
**БатІа бахъизе лъала.**

«Ралъдалъги дир бакъан-кечІ батІа бахъизе лъала» – ГІабдула Дагановасул махщел-гьунар кочІол ралъдалъ биличІого, батІа бахъизе лъалеблъун, жиб бихьулеблъун, жинде кІвар буссинабулеблъун лъугьана, инсанасул хІажалъиялъе пайда букІунеблъун лъугьана.

Гьеле гьеб тIабигIат берцинаб гьитIинабго мугIрул росулъ гьавурав ва гIурав шагIирасул кочIол лъаралъ квербакъи гьабуна ва гьабулеб буго жиб жанибе чвахулеб ралъад дагьабги гучаблъун ва къуватаблъун лъугьинабиялъе, лъол хъахIал тIогьазул чабхилъ жинда батараб бацIцIалъи кибгоги цIунун, гьелъул пайда гIадамазе щвезабиялъе.

ШагIирас жиндирго асаразулъ, кибего рагIуледухъ, борхун гьаракьги биччан, ахIана росдалги, гIураб ракьалъулги, Дагъистаналъулги хIакъалъулъ. Дица ракIчIун абила, гьеб кечIалъ хIайран гьарунин цохIо магIарулал гурелги, цоги-цоги миллатазул, ракьалъул, улкабазул гIадамалгиян. Гьелъие нугIлъи гьабула шагIирасул жеги доб мехалъго басмаялда рахъарал: «Дун гIуна мугIрузда», «Рогьел», «ХъахIилаб расалъи», «ГIинтIи тIегьалеб гIуж», «ЦIурмал», «Буругъазул цIваби», – абурал мажмугIаз. Гьезда жаниб бакI батарал асарал руго шагIирасул героясул рекIел ахIвал-хIал загьир гьабулел, гIумруялдехун, тIабигIаталдехун, гьелъул лъугьа-бахъиназдехун бугеб бербалагьи якъинлъулел. ГIабдула Дагановасул герой вохула ихдал цIилъулеб тIабигIаталдаса, щайгурелъул, ихалъ ракьалъе гуребги, гIадамазул ракIазулъеги бачIуна босун цIилъи. Пашманлъула хасалихъе тIабигIат бечIазе лъугьиндал, щайин абуни, бечIай, нур свин – гьеб ккола херлъиялъул гIаламат. «Нух битIаги, рии, дир кинаб ригь гьаб?» – илан цIехолеб буго шагIирас сонал унел рукIиналдаса рекIелъе лъугьунеб лъалеб пашманлъиялъул асар загьир гьабулаго. Дунялалде рачIинги гьаниса инги – гьеб ккола лъиданиги хисизабизе кIолареб нилъер гIумруялъул закон. Гьеб хIакъикъатин шагIирасги философиялъулаб гъварилъиялда хъвараб жиндирго «Нух битIаги, рии…» абураб кечIалдалъун бихьизабулеб бугеб.

ГIабдула Дагановасул поэзиялъе хасиятаб рахъ ккола магIарул кочIол пасихIлъи, гьуинлъи, бакъаназул гIадаб чвахи асаразулъ цIуни. Гьебго заманалда кIвар кьолеб буго, кечI сипат-сураталдалъун берцинги гьабун, героясул хасият, гьесул жанисеб дуниял рагьиялде. Гьеб якъинлъула «Херав къаралав» абураб кечI цIалулелъул.

**ГодекIанив ганчIида**
**Керчаб тIингъилъ кIусарав**
**Къараласул гъунки щиб,**
**Гъогъол гъунилъун вуго.**

**ХъахIккарал михъалъ бетун,**
**Тамахьодул кIкIуй буго.**
**ЧIагIдал лълъардай борхараб**
**Мех–мехалда гIупула…**

Херав къараласул сипат-сурат цебе чIезабулаго, берцинал дандекквеял руго гьарулел: «Рахханал гIадал кверал накабазда лъун руго, /Гьез хонжролги пурцилги гIоркьал ккуна гIемерал/. /Чан гIасрудай хутIараб

гьасул гъуждузда нахъа, «Хвезе бокьилищ гьикъе, къотIун рухила бераз…». Гьеле гьел ахирисел мухъаз жанибе бачунеб буго кIудияб магIна: гIасру дунялалда баниги, херлъаниги, гIумру, инсанасе гуребги, сунудего хирияб букIин.

ГIабдула Дагановасул поэзиялъулъ нилъеда бихьула нилъер заманаялъул лъикIлъиги, квешлъиги, тIадегIанлъиги, учузлъиги. Гьебго заманалда якъинлъула, роцадаги лъун, гьеб цадахъ босулел, гьезул гIорхъи гьабулеб гIадамазул тIадегIанлъи, гьунар, бахIарчилъи, гIакъиллъи.

Щибаб цIияб асар авторасул къалмикьан къватIибе уна, гьеб лъугьун бугищ, гьечIищали халги гьабулаго, гьелдехун рекIел бугеб разилъунгутIиялъул асаралда гъоркь. Гьебго заманалда гьес цIалдолезде хитIабги гьабулеб буго: «Дир кучIдул цIаларав, цIа дагьаб рагIи гьезда гьолъ батани, те гьеб дир гурин», щайгурелъул, жив гIедегIун кканила гIумру лъалелдго шигIрабазул нухде гали лъезе. «ГIедегIараб гIор ральдахъе щоларо», – ян халкъалъул кициялъухъего, шагIирасул рекIелъ щаклъи хурхунеб буго жиндир шигIрабазул гIорги щвеладай ральдахъеян. Гьес пасихIго, гъваридго, берцинго загьир гьабулеб буго жиндир рекIее жиндирго асараздасан бугеб бухIи, гьез гIагараб халкъалъе хъулухъ гьабизе бугеб хIасрат, амма гьебго заманалда ургъулевги вуго, нагагь:

**МагIарда бараб тIегь, тIаде саву ккун,**
**Сордо телалдего, батула бухIун.**
**ХIасратаб ихалъул лахIзатаз хъварал,**
**Дир кучIдул, нужеде ккечIодай саву?**

Нилъер заманалъул кIудияв шагIир Расул ХIамзатовас, шагIирзабазе ва гьезул асаразе къимат кьолаго, гIолохъанал кантIизе, гьел гIедегIичIого хъвадаризе, шигIрабазул кIвар гьезда бичIчIиялъе гIоло гIемер абулаан: «Нилъ гIедегIула, нилъерго асарал нилъецаго реццун, гьел кIванагIан хехго цIалдолезухъе щвезаризе. Амма зарал букIинароан цо-цо критикаялъулаб бербалагьи нилъецаго хъварабщиналдехун гьабуни», – ян. Жиндирго творчествоялде байбихьаралдаса нахъего ГIабдула Даганова, гьеб гIакъилаб абиги рекIелъ цIунун, гьелъул магIнаялъул гъварилъиги бичIчIун, хъвана асарал. Гьединлъидалин, гьелги щвалде щварал, гъваридал, цIалдолезул пикру ва кIвар жидеде буссараллъун лъугьанал.

Хъвадарухъан хъвадарухъан гурилан абила дица, жиндирго халккъалъул, тIолабго Дагъистаналъул цебесеб тарих, гьелъ гъорлъе рачунел гьунарал, бахIарчилъи, гIадатал, маданият, мугIрузул улкаялъул щибаб халкъалъул къисмат – гьеб кинабго рекIел бидурихьалъан биччалеб гьечIони, гьелдехун тIаса-масагояб бербалагьи гьабулеб бугони. ГIабдула Дагановасул кучIдузулъ ратулел мугIрулги, мугIрузда

сиялги, иццалги, лъаралги, некIсиял хъулбиги, умумузул хобалги рагIаби берцинлъизариялъе гIоло хIалтIизарулел жал гуро. ШагIирасе гьел руго мугIрулги, мугIрузда гIумруги даимаб букIин, нилъер заманалъул цебетIейги гьездасан букIин бихьизабулел аслулъунги кьучIлъунги. Гьеб кьучIалъул гIадатлъиги, гьеб гIадатлъиялъул кIодолъиги, гъварилъиги нилъее рагьулел асарал ккола: «Сиялда лъалкI», «Росдал къватI», «Эбел», «Ичаласул си», «Херасул сайгъатал», «Хоб», «КIодо», «Дир инсул мина», «АхIулгохIалъул хIакъалъулъ назмаби», «Гвангвара», «Сапар», «ГIолилавги бартиги» гIадал ва цогидалги кучIдулгун поэмаби. Гьезулъ гвангъун цебе лъун бихьула нилъер халкъалъул цебесеб ва жакъасеб къисмат, къисматлъун лъугьараб гьелъул рухI, яхI, намус ва бахIарчилъи. Гьезулъ буго чIванкъотIараб, хIакъикъияб пикру, шагIирасе хасиятаб пасихIлъи ва гъварилъи. Гьезул кьучIалда хъвадарулев Дагановасул бер щолеб буго батIи-батIиял рахъазде, заманаялъул балъголъабазде, цIилъабазде.

ГIабдула Даганов ккола жиндир лъимерлъиялдаго кIудияб ВатIанияб рагъул кьогIлъи бихьарав чи. Рагъул цIадулъ Дагъистаналъул росаби росун рукIинчIониги, рагъде унел бахIарзазда хадуб улбуца, лъудбуца тIолел магIил гаразулъ, гьел чIванилан фронталдаса рачIунел «чIегIерал кагътазул» кваркьабазулъ, тIолабго гIумруялде рехизабураб пашманлъиялъулъ бихьулеб букIана гьесда доб кьогIлъи. Гьеб асар загьирлъулеб буго «Ахирисеб гулла», «Зоя», «Бице, мугIалим?», «ЦIар лъаларев солдатасул хоб», «Эбел», «Нух битIаги» абурал кучIдузулъ ва «Школа», «Бергьенлъиялъул къоялъ», «ЦIадулал цIарал» абурал философиялъулаб гъварилъиялда хъварал поэмабазулъ. Гьел кучIдул-поэмабазулъ шагIирас бицунеб буго нилъер халкъалъул бахIарчилъиялъул, тушманасда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло хIехьараб захIматалъул.

Басмаялда рахъарал шагIирасул асаразулъ загьирлъулеб буго нилъер гIадамазул гIумруялдехун гьесул бугеб бербалагьи ва рекIел бухIи. Дагановасул асаразул героясулъ нилъеда бихьула жакъасев инсанасул рухIияб дуниял, гьесул ургъул-агъазал, гьесул захIмат ва рокьи. Гьев вуго гIагараб ракьалде, ватIаналде, халкъалде жиндирго бергьараб рокьи бугев, гьелъие гIоло ракIги пикруги хIалтIулев чи. Гьединлъидал, шагIирасул асаралги лъугьана цIалдолесул рекIелъ росулеллъун, жидее лъикIаб къимат кьолеллъун.

ШагIирасул бер щолеб буго кIудияб улкаялъул ва тIолабго дунялалъул гIатIалъабазде, гьениб гIумру гьабулел гIадамазул унти-бухIиялде, рохел-пашманлъиялде, гьез баччараб къоялде, къулчаIараб гIазаб-захIматалде ва гьеб къалеб буго гьесул рекIелъ:

**Белоруссиялъул гьитIинаб росулъ**
**Дида мун гIадинай эбел дандчIвана.**
**ГIумруялъго чIегIер бан бугоан гьелъ, –**
**Гьелъул васал немцаз гьанкъана рохьор.**

Гьес пашманго бетIер къулула политикаялъул къурбаналлъун ккарал Бакуялъул «Шехедляр ХIиябаниялда» рукъарал жакъасел гIадатиял гIадамазегун Гъарабагъалда ккараб рагъда шагьидлъаразул хобалазе, гьесул ракI унтула Афгъанисталалда, Таджикистаналда, чачаналда ккарал рагъулал тунка-гIусиязул хIасилалда сакъатлъарал гIолохъабазухъ, ватIанги тун, тIуризе ккарал гIадамазухъ. Гьеб киналъго бихьизабулеб буго ГIабдула Даганов гIумру бичIчIулев, заманалъул кIутIи рекIел гъварилъудасан унев шагIир вукIин.

Дагановасул асаразда гьоркьор рекIелъе ртортулел, цIалдолезе хIикматаб асар гьабулелллъун руго лирикиял кучIдул. Дунялалда кинабго рухIчIаголъиялъ, хасго инсанас, балагьула жиндирго рекIелъ босараб дандеяб. Гьелъул кьучIалдайин гIуцIулеб гIумруги. Дандеялдехун бугеб, хасго хинаб, бухIараб, гьуинаб, роцIараб, гвангъараб бербалагьи бецIцIула шигIрабалъ. Вижанадай яги вахъанадай шагIир, жиндица чIужугIаданалъул берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул рахъалъ рагIи угьичIев? Гьелъие мисал, рикIкIаде раккичIониги, нилъерго магIарул шагIирзаби Эльдарилав, ГIанхил Марин, Инхоса ГIалихIажияв, ЧIанкIа, МахIмуд, ХIамзат, Расул ва цогидалги. ГIабдула Дагановасги чIужугIадан кIодо гьаюлей йиго жиндиего хасал сипат-суратаздалъун.

**Духъ ккараб гIишкъуялъ бухIулеб керен**
**КочIол хIасраталде чучула гьанже…**
**ЧанцIул дица бухIун хIухьел угьулеб,**
**Арал дол лахIзатал ракIалде щведал.**

ЦIалдолесул кIвар буссинабула «Накъиш», «Къисамт», «ГIарацилова-сул рорхалъаби», «АхIулгохI», «МугIрузда гвангъараб цIва», «КватIараб гьоболлъи», «Даимаб рокъове къокъана шагIир», «Хасавюрт», «Сапар», «Уллубийил хвелгьечIолъи» абурал ва цогидал поэмабаз.

МагIарулазул ва тIолбаго Дагъистаналъулго адабияталда хасаб бакI ккола Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабдула Дагановасул творче-ствоялъ.

***МухIамад МУХIАМАДОВ,***
***Филологиял гIелмабазул доктор, профессор.***

ГIабдула ДАГАНОВ



## Т А В Б У

**Бисмиллагьи бахъун, босизин кагъат,
Бусурманавлъидал дунги вижарав.
Аллагь, дур цIар рехсон, гьабизин калам,
Какалги дугIаги къабуллъагиян.**

**Къоялъул мех буго бакъаниде щун,
Къокъидго нахъ тараб нух кинигинан.
Кидаго гIедегIун хIетI лъураб гIелищ
ХIисаб гьабичIого унеб гIумрудул?**

**ХIисаб – гьеб рекIел гьа. Дуе ритIухълъи,
БетIергьан, гьарула тIасалъугьаян,
Цо-цо лъан, лъачIого дихъан рорчIарал
ГъалатIал рукIанин, аставпируллагь.**

## ДИР ИНСУЛ МИНА

**Дуде рекIел бугеб урхъи чучизе
ЧанцIул гьесардарав гьале мех щванин,
Гьал хIалхьи лъаларел нухазул рахсаз
Бахъулаан лахIзат, дир инсул мина.**

**Духъе къанагIатав вас дир лъугьанин,
Гьарула рукIкIине гьаруге кьунсрул.
Ракьалда жегиги букIинчIо заман
Мун кIочон хутIараб, дир инсул мина.**

**Духъе вуссунелъул гьаниб нилъерго
Болъодул ганчIида хIетI лъолеб мехалъ,**

Цеве тIамула вас кIургIараб расул,
Гьев дунцин гуродай, дир инсул мина?

Огь, къокъаралщинал къоял долдаса,
Къаралазул гIорлъун чвахана гIумру.
ГIедегIарал нухаз гьале нахъеги
Духъе вачана дун, дир инсул мина.

«Басриябго кIазги» гъуждузде бачун,
Гъаримай эбелалъ гьабичIо дандчIвай,
ГьечIо гьей, доб жиндир рекIел гIатIилъи
Дуейин течIодай, дир инсул мина?

Гьаниб рохел буго, гъастIа цIа буго,
Яцазул лъималаз дун сверун ккуна.
Баракатаб гIумру гIахьал гьабулеб
Дур гIасраби чIахъа, дир инсул мина!

### ЦЫГАНАЙ

Мун цыганай йиго, ццидалай йиго,
Царалаб хасият чорхолъ бессарай.
Гогьдарун ругьунай, тункIил гуллацин
Галиялда хадуб гъезе кIоларей.

ЧIегIерал гъалазулъ гъуждузул кьурди,
Кьунсрузукь беразул сихIираб балай.
Дир хIалалъе гьадин хIалхьи течIого,
ЧIегIеркIкIубаб лага кIичIардулеб куц.

ГIундузда кIилкIазе кIихъвалхьараб моцI
ХъахIилаб зодихъан босараб гурищ?
Гургинал курмузда кенчIолеб гIарац,
Кинав устарасдай угьараб расен?

Надалда расулъан паркъолел цIвабзал
ЦIорораб канлъиялъ хинлъулев щивдай?
ЛъетIа хъаз киниги, бер халлъилалде,
Хадув валагьун тун, ятула тIагIун.

Кие мун тIагIуней, тIул-ракI биунеб
Балаялъул хIалалъ вухIичIониги,

Бокьула хал кквезе, хадув валагьун,
Дур хасиятаз ракI ххенолев дие.

МахIачхъалаялъул къватIахъ чанцIулго
ЧIинхал дий рехизе данде ячIуней!
Дир хъатиде къулун арал къоязул,
Къисматазул, рокьул дие бицине.

КIваричIо, кIваричIо, ракIалдещвеяз,
ГарцIахинабулин гьадингоги ракI,
Бице дий цохIого, букIунищ заман,
Каранда гIищкъул кор гIодоб буссунеб?..

Мун цыганай йиго, ццидалай йиго,
Царалаб сихIирлъи чорхолъ бессарай.
Гьел дур хасиятаз ракI ххенолев дун,
Унго, хутIулев куц хадув валагьун!

## РЕКIЕЛ ХИЯЛАЗУЛ ХАЛАТАЛ НУХАЛ

РекIел хиялазул халатал нухал,
Хирияй, рихьулищ дур гордухъе щун?
ХъахIил зодихъ нильей талихIалъул цIва
ЦIубан бугин ккола, якке къватIие.

Къоял унел руго ракI духъ инагьдун,
Унго, кинан дуда гьеб бичIчIулареб?
ЧIалгIен буссинегIан аскIор щвечIони,
Щиб къимат, гIагарай, гIолохъанлъидул?

ГIурул лъим гIадинан, гIумрудул заман,
ГIодоб буссинчIого, буго чвахулеб.
ГIонсоде къулараб херлъи рещтIиндал,
Хадур угьдизейищ гьаб рокьи телеб?

Мун йокьулин абун ахIулеб кечIалъ
Кинабго Дагъистан цIун буго жакъа.
ЦIа рекIараб гIадин, духъ хIасратлъиялъ
БухIулеб дир рекIел гьечIищ дуй ургъел?

ГIищкъул гъотIодаса тIегь бакъвалелде
КъватIире рахъине мех щвана нильей.
МугIрул аххалъуда тIогьол гIурдада
Риччанте журазе рекIел мурадал.

## АХIУЛГОХI

*(поэма)*

**I.**

**Вахаравха дунги доб АхIулгохIде,
Абадияб бухIи Дагъистаналъул.
Ххаранинха тIаде кьурул хъинсалъан,
Кьвари дол некIсиял васазул лъазе.**

**Зодибе бахараб борхалъи гуро,
Рорхалъаби чанги рихьарал дида.
Бераз босулареб гIатIилъи гуро,
ГIадатияб буцур мугIрузда гьоркьоб.**

**Гьаваялде арал сиял чан тарал
Тарих чIаголъизе пачазабаца.
Гьезул тIогьазда тIад гIаламатал щиб,
ГIарац-меседалъул накъищ угьарал.**

**Кьабар буго доба Санкт-Петералда
ГIалискандирил цIар кIодо гьабураб.
Гьелъул тIогьире цIан цIалтулел накIкIаз
БецIцIулеб магIу лъихъ, бице Европа?!**

**Ва амма АхIулгохI – гьеб дир умумуз
Ирсалъе, сиялъе сокIкIараб гуро.
Ругьнал ссудулаго, бид рецIцIунаго,
ЩIадульги хвалилъги борхараб буго.**

**Гьеб гохI загьирлъараб доб лахIзаталда
Зодил цIва бахиллъун батизе буго.
Арал заманаби, унго, тIуркIичIищ,
ТIокIаб тарих хъванин кьалулаб цойги?..**

**2.**

**Ракьалда хIетI лъезе хIинкъулев вуго,
Къабул гьабе, Аллагь, гьаб дир патихIа!
БахIарчилъиялда гьаб гохIтIа хварал
Дозул рухIазе гьеб хIалае щвезе.**

**ГохI-щобазда гьаниб харилъ щурщулеб,
Хабар щибдай бугеб гьорол мацIалъул?
Гьаваялда свери бахъулел цIумал,
Нужеда бихьараб хIакъикъат кинаб?**

**ХIикмалъи сверухъе цо кьурабазул,**
**Кьвагьизе хIадурал гIарадабилъун.**
**ГIунарал, кьварарал, кьуркьурарал гьел**
**Ццидакь ругищ жеги чучи лъачIого?**

**Гьез гъуждузде цIарал хъархъазул цIакал,**
**Сачмаялъ цIалкIарал бацIазул гIадин.**
**ГIодор кIкIалабахъе рецIцIулул иццал,**
**Йохъ, иццал гуро гьел, биял ратила.**

**Балагье ганчIазухъ, гуллбийин ккола,**
**БегIерго бадире речIчIун рачIунел.**
**РечIчIана гьел чанги гуллбузда данде,**
**СокIана гохI сверун сангаразе гьел.**

**ГохIазде сверараб сверухъе авал,**
**Ссанда мокъокъазул пашманал бакънал…**
**Гьанир хобал кинал? Хъирул заназда**
**Хъвай-хъвагIай гьечIелъул баянлъиялъе?..**

**Зодибе бахараб борхалъи гуро,**
**Борхана, Дагъистан, дур зодихъ цIвалъун.**

**3.**

**Бакъ буго чвахулеб цIалъун зодихъан,**
**ГIетI буго бецIцIулеб магIу кинигин.**
**МагIу щокъробги къан, цо къанабазда**
**Дун эхетун вуго гьаб АхIулгохIтIа.**

**Пикрабазул гьелчей, гьа цодагьалъги**
**Цевехун ваче дун гьел дур куркьбазда.**
**Зодихъан къокъарал къункъраби гIадин,**
**Дол арал къоязул бегье дихъе квелъ.**

**Ваче дун, цодагьалъ гIасруги бегун,**
**ГIагараб халкъалъул доб къисматалде.**
**Те дие хIехьезе дир умумуца**
**Гьаб гохIтIа хIехьараб цIаги бухIиги!..**

**Цо ганчIидаги чIун, мугIрузде вуссун,**
**Дозул рахъалъ пикру гьабулеб мехалъ,**
**Дир беразда цебе буго паркъолеб**
**Балагьаб цо къисмат, рагъул цIадул кор…**

**Цо гьаркьал, цо гъугъай, кьвагьигун хьуди,**
**Кьураби гуродай цоцалъ кьабгІелел?**
**ЦІирцІири гуллбузул, пештІей ганчазул,**
**ЧІвалелгун холезул гьи, зигарди.**

**Зодил гъварилъуде руго цІан унел**
**ЦІадулги кІкІуйдулги карачелаби.**
**Хвалчабазул балалъл чирулел цІаял,**
**Хъирмазул кІалдисан беролел кІкІуял.**

**Цин добаб рахъалъан «гьура!» рагІула,**
**«Аллагьу акбар!» – ан данде ахІтІола.**
**«Жакъа чучарасул чилъи хвагийин!» –**
**Руччабазул гьаркьал, гьоркьор рахъунел.**

**Бихъ-бихъун балеб ракь, кьварал тупаз**
**Кьурул гІусал уна гІодоре гирун.**
**Гьез цадахъ рачунел чІагоял рахсал –**
**ЧІварал гІадамазул жаназабийин.**

**Гъоре жаниблъуде гирарал гьезул**
**ГохІал руго лъугьун тІатІала-гъоркь ккун.**
**ТІадехун кьвагьиги, беролеб цІаги,**
**ЦІоб тун къисасалде бахъараб халкъги…**

**– Къалъул гІуж щун гьечІищ, гІешдерил дибир,**
**Щай халкъ ахІулареб мажгиталъубе?**
**– Мажгитал рихханин, какал кир ралел,**
**Гали бахъаралъуб бидул хІор чІедал?**

**БухІулеб АхІул гохІ, хІалккарав имам,**
**Ургъелазул гъугъай гІадалъ багъулеб,**
**ГІерекълъун щокъробго къан хутІун калам,**
**Кьерщелел цабзаца рукъулел михъпл.**

**Къварилъуде ккараб халкъалъе гІоло**
**Хирияв вас кьуна гьес гьоркьлъалие.**
**Досул къисмат кинаб гьесда лъаларо,**
**Амма рагъуй ахир лъечІо тушбабаз.**

**«Я, гІазаналлагьха, гІурус инарал,**
**Дур рагІи батичІо рекІкІаб гурони!**
**ЦІакъ рекІарабинха магІарул ханжар,**
**Хъатикь дица ккураб, къо цебе буго!..»**

4.

ГӀешдерил кӀкӀалахъе бакӀарун гӀалам –
МагӀарулал, чӀахъа нилъер байрамкъо!
Къарну чам свераpаб, бице, тарихчи,
Тарих биялъ хъвараб доб мехалдаса?

Дир бераз регула кьурул къанаби,
КьватӀелал ратула, расенал гьечӀо.
Кьурда гӀужал хъвазе регӀун рукӀинчӀо
ГӀажалалъ квачӀикье рачарал васал.

Дозие гӀумрудул букӀинчӀо ургъел,
ГӀумрулъун бихьана гьезда эркенлъи.
ГьитӀинабго бокӀон АхӀул гохӀалъул,
КӀудияб тана гьелъ тарих ракьалда...

Огь, гьаб тарихалде рокьукъаб къасдгун
Къавукъдарал гӀемер цо-цо «гӀадамал».
МагӀарул хвалчадул паркъи гьаб гохӀтӀа
Мекъи гьабизе гьел лъугьаралщинал.

Амма жавабалъе магӀарулаца
ГӀадатияб сабру гьабуна данде.
Гьезул ритӀухълъиги, къвакӀиги, цӀарги
ЦӀидахъе тарихалъ гьабуна тасдикъ…

ГӀешдерил кӀкӀалахъе бакӀарун гӀалам –
ГӀалимзаби руго хӀажизабигун,
ГӀедерал куркьбазда маккаллъун роржун,
РещтӀуна руччаби гьезда сверухъе.

Гьез бачунеб зикру, бачунеб мавлид,
Огь, хӀайранлъи гьелъул, гьардарав Аллагь!
Гьаб гохӀтӀа хваразул рухӀазейилан
Рорхун квералгун гьез буго гьарулеб.

Жакъад гьезул зикру – зияраталъе,
Доз гьеб бачунаан цӀадулъгун кӀкӀуйдулъ.
Жакъад гьал рахунел кьурул хъинсалъан
Ххарана, хвалчада цӀаял чирун, дол.

Гьанир дол шапана бид рецӀцӀунаго,
Гьел халгӀатал анищ ругьнал рухьизе.
ХалгӀаталнин кисса, чухъби гьечӀоан,
Чурхдузда ругъназул картӀабахъ къазе.

Дида цере руго кьурул къанаби,
Кьер хисизабурал биялъгун цIаялъ.
Кьурда гIужал руго гуллбуца лъурал,
Дозул чурхдуздасан кIанцIарал гурищ?

Гьел гуллбузе чучун чарамул васал
Чара хун шапичIо, йохъ, гьаб ракьалде.
Тушбабазде бугеб рокьукълъиялъул
КьогIлъиялъ ракI кьватIун хун ратана гьел…

ГIешдерил кIкIалахъе бакIарун гIалам,
МагIарулал, чIахъа нилъер байрамкъо!..

5.

– Нуж, эхеде ххарулел,
Нуж, эхере рещтIунел,
Нужер сихIкъотIиго щиб,
Щокърол бакъвайго кинаб?

Бице, бице дидаги
Цодагьаб АхIулгохIил.
Нужеда дол кьварарал
Кьурабаз щиб бицараб?

– Хабар гIемераб буго,
ГIенеккун хIалкIоларо,
Гьеб дудаги рагIила
ГIагарал лъол гъулдузухъ.

Бицен кIудияб буго
Лъоб гьитIинаб гохIалъул,
ГьитIинаб нилъер халкъалъ
Гьабураб гьунаралъул.

Дир ургьисан нахъойги
ХIохьлал буран бахъуна,
РакI кIетIола цокIалго
Цо къолол дамдам гIадин.

ТIаде къулун гIешдерил
Щулалъул гохIил гьумер:
«Щиб лъазе дуй бокьараб,
Доб кьалул тIехь – гьале дун?

Мун, хадусеб гIелалъул
ГIадан, хIетI хьадар босе,
Гьаб ракьулъ рукьби руго
Кьалда чIварал васазул.

Гьалъул кьерги хисараб
Дозул гIетIалъгун биялъ,
Ракьалде сверарал гьел
Гьадалго гIадамалин».

ГIодой къулун вуго дун,
Къварилъиялъ бакIлъарав,
Къадар гьаниб щваразул
Щурщур гурищ рагIулеб?..

Йохъ, щурщуди гуро гьеб,
Гьаркьал руго ахIтIелел
АхIул гохIил щобдасан
Шамилил муридазул:

«Ла-иллагьа илла-ллагь,
Аллагь, дуде аманат,
Аман гьарулел нижей
Гьабеха дуца кумек.

Капурзабазде данде
НусцIул дагьал руго ниж,
Дозул нусгояв щвела
Нижер цо-цо хвалчадуй.

Хвалдаса хIинкъун гьечIо.
Гьеб дур къадар, БетIергьан,
Къаркъалаби рагъила
РухIал зодой аниги.

АхIул гохI – нижер бухIи,
АхIул гохI – нижер чIухIи,
Нахъе къазе нух гьечIо,
Къисасалде гурони.

Ла-иллагьа илла-ллагь,
Аллагь, дуде аманат,
Аман гьарулел нижей
Гьабе кумек, бетIергьан!»

Кирго сверухъ рагъулел
Гьаркьалгун хъуязулъан
Гьале Шамил жиндирго
Муридазде ахIтIолев:

«Хвалчен, хъирим лебалал
Рахъа дида аскIоре,
АхIулгохI – нилъер бухIи,
РухIги кьун, гьеб цIунизе!»

Дида рагIула гьаракь
Ахбердил МухIамадил:
Имам, дун хьолбохъ вугин,
Хвалчен рекIараб бугин.

Михъида хIур кIутIарав
АхIулгохIил бахIарчи.
Гьесул чармил ракIалъе
Налъулалин нилъ жакъа.

Къо гуро, сордо гуро,
Ссварал мугIрул гъулдузде
Ургъелазулъ Бартихан
Вуго пашманго къулун.

ГIакълучиги имгIалги,
Имамасе гьев – мугъчIвай.
ГIакълу кьун бахъиналде
Гьев гъулдузде шапана.

Щобазда тIад пирилъун
Пирхула цIагун гъугъай,
Гьаримаб мугIрул росу,
Дур щиб хутIараб нахъе?

Бид росарал къватIазухъ
Къеркьолел дол бахIарзал,
Цоял – гъеж-квер камурал,
Цоял – хIетI, бетIер тIурал.

Цо ахIи: «Имам цIуне!» –
Циндаго кIанцIун арав
Дилималъул СултIанбег
Эхетана, гьев вахчун.

Хвалилаб гуллие гьес
Бегьана жиндир керен,
Камуна бахIаразулъ
ХIинкъи лъаларев мурид.

Гьесухъ угьун имамас
Абуна, кверал рорхун:
«Аллагь, щибдай гьабилеб,
Ана гьабги дир гъалбацI!»

Ана… Огь, чам рукIарал
РакI чармилал гъалбацIал,
Гьаримаб магIаруллъи,
Мун цIунулаго арал?

Гьезда гъорлъ дир Гьочоса
Дахдул МуртазагIали,
ТIинкIул МухIамад, МухIутI,
Ва Кан ШайихмухIамад!

Гьез хвалчабазгун биялъ
Хъвараб дур тарихалде
Хъвалсадго щай къулулел
Жакъасел гIалимзаби?

Гьезул цIаразе къанал
КъанагIалъуниц ккарал
ГамачI-къоно гьарзаяб
Гьаб АхIул гохIил буцралъ?

Щулалъул гохI, реге дий
Дур кьалул тIохьол тIамчал,
ТIаса хIурги бацIцIун, гьел
ЦIализе гIаламалъе.

ГIемер хъвана къисаби
Халкъалъул къисматазул,
Къисмат кIудияб буго
ГьитIинаб дир халкъалъул.

Гьелъие нугI – АхIул гохI,
Аваразул чармил ракI,
Чилъи тIокIал васазе
ТIабигIияб памятник.

6.

КIваричIо, кIваричIо гьаниб ахIи-хIур,
Гьанже гьеб гьадинги бугин гIемерлъун.
АхIул гохIтIа цере микрофонал лъун,
Лъим цIалкIизейищ нилъ данделъун ругел?

Гьаб гIадатияб халкъ, те гьеб цодагьалъ
Аллагьасде буссун илгьам гьабизе.
Гьел микройоназги кIалъаязгийин
КIотинабураб гьаб гIумрудул нухтIа.

Гьаб нужеца тIаде цIалеб рецц-бакъ щиб,
ЦIалулел одаби ургъарал лъица?
Угьун хIухьел биччан, хIайранлъиги щун,
Щурулеб анищ цо хирияб аят.

КIваричIо, кIваричIо чIухIдари гьаниб,
АхIул гохIтIа цере цин накаби чIвай.
Рецц-бакъалъе гIоло гуро умумуз,
Гуллбузе керен кьун, гьаб гохI цIунараб.

Ратизе бегьула хъулухъаз, чиназ
Чанги борхалъуде нуж рахинарун.
Аммаха АхIул гохI – гьелда цере нилъ,
Аллагьасда цере гIадин, ращадал.

ГIедегIуге лъоре тIаде ххаризе,
ТIокIкIараб лъоб лъарал лъим бахинчIого.
Хъублъи бацIцIад гьабе цин чурхдуздаса,
Чан махIцел-хьуцIцIилъе ккечIеб нужер хIетI?

КIваричIо, кIваричIо гьаниб ахIи-хIур,
Гьанже гьеб гьадинги бугин гIемерлъун…
АхIи-хIуралъ гуро АхIулгохIалъул
БахIарчияб къиса хъвараб умумуз.

**Гьале кьурул рагIал, кьватIелазулъан**
**КъотIулареб руруй бугоан гьорол.**
**Гъоба гъоркь ГIанди гIор – чIегIераб шаршав,**
**ЧIегIераб кIкIалахъан унеб аздагьо.**

**ГIодой балагьани, бетIер сверула,**
**ТIину гьечIел парсал мугIрул ракьалъул.**
**Зодихъ балагьани¸ цIумал рихьула,**
**ЦIвабзазда куркьбал хъван, свери бахъулел.**

**Гъоба рихьундерил жаниблъиялда**
**Женжелеб буго гIор сонгрол каранда.**
**Гьениб ГЭС балеб техникаялъул**
**Хъуди-гуч рикIкIаде буго рагIулеб.**

**Рихьула лъедолел гъора хIоринир,**
**ХIанкъваби кинигин, жакъасел ясал.**
**Бакъуца роркьарал гъол кьурабалъан**
**Ххарула рогьалилъ, буртIад гIадин гьел.**

**Огь, лъалебдай гьезда, гьаб АхIул гохIда**
**ТIупаналъул гуллил цIад тIолеб мехалъ,**
**Хъатикь хунжрулги ккун, жал гIадал ясал,**
**Тушбабазде кIанцIи гьадал парсахъан?**

**Ахирисеб сагIат… Асирлъи, я хвел,**
**АхIул гохI тушбабаз бахъулеб мехалъ,**
**Асирлъи босичIей имамасул яц**
**Арай гьаб кьурдасан абадиялъе?**

**Огь, куркьбал гIедерал мугIрузул цIумал,**
**Нуж щайзе лъугьинчIел гьелъий хIалае?**
**Гьелъ каранде къараб лъимадул гIоди,**
**Кьвагьи-гIанхъиялъдай рагIизе течIеб?..**

**ГIемерал сверана сонал долдаса,**
**Дагъистан, дур къисмат чанцIул хисараб?**
**ЧанцIулго бахъараб мугIрузда кьвагьи,**
**ГIайибго гьечIого тIураб гIодоб би.**

**Амма ишан кибе босананиги,**
**Гьанже Кавказалда щай гулла щолеб?**
**Щибаб улкаялъул пача-шагьабаз**
**Щай цаби къерщолел ццидакье гьелтIе?**

ГьитIинал халкъазул къвакIиги яхIги
Къарнаби бицунеб рагIичIогойищ?
МугIрузде рударал бацIазул цIакал
МагIарул къолода рай лъачIогойищ?

ЛъугIулареб питна, лъугIулеб гIасру,
МагIу бакIлъун буго улбузул бадиб.
АхIул гохIил къисмат цIигьабизейищ
ЦIиял кьвагьияца цIун бугеб Кавказ?

Бицея, тарихчи, мех кигIан араб
Тарих биялъ хъвараб доб мехалдаса?
Дун вахунев вуго АхIул гохIалде, –
Абадияб бухIи Дагъистаналъул…



## МАГIАРУЛ РАКЬАЛЪУЛ РОКЬУЛЕЛ БАКЪНАЛ

Дир цевегосев гьудул, магIарулазул шагIир МухIамад Хириясулаевасул цIар бахъарабго гIумруялда букIараб гIемераб хириябщинаб щола дида ракIалде. Бищунго хирияб – цадахъ араб гIолохъанлъи, гIолохъанго цIалараб Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб цIар араб, дунялалда доб заманаялда цо букIараб Литературияб институт, инсухълъиялъул бакIалде ниж ралагьизе бахъун чIараб КьилимегIер. Хириясулаев – Зивуриса, дун – Гьонодаса.

Ниж кIиялго тIоцере дандчIвана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалда цIорораб хасалил къоялъ. КечIги ракIги хинлъизабизе гьенире рачIарал нижеца цоцазе кучIдул цIалана. Гьезда гьоркьоб букIана ниж кIиясго Каспиялъул хIакъалъулъ хъвараб кIиго кечIги. Гьел цIакъ цоцада рельлъун ккун ругоан. Гьединлъидал, нижеца хIукму гьабуна гьел рихъ-рихъун разе. Гьедин гьабизеги гьабуна. Гьелдаса нахъе кIикъогоялдаса хадуб сон ана гIумруялдаги шигIруялдаги цадахъ.

Нилъеда лъикI лъалев шагIирасул тIехь кодобе босарабго, гьеб цIалулаго, жеги цIализегIан цебеги, нилъеда цеве чIола живго гьев шагIир. Гьесул къисматалъул нух, гьес адабияталда тарал лъалкIал. Гьевгун цадахъ арал сагIтал, рохелги пашманлъиги цоцазе гIахьал гьабурал лахIзатал, цоцазе рикьарал ургъелал, пикраби, къасдал. Гьеле гьединаб асаралъул асирлъуде, ракIалдещвеязул кверщаликье ккола дун МухIамад Хириясулаевасул тIехь кодобе босарабго.

МухIамад литератураялде вачIана щибго ахIи-хIур гьечIого, гьале дунилан вихьа-рагIизе жал гьаричIого, цIубарал кучIдулгун араб къарнуялъул лъабкъоялда анцIабилел соназул байбихьуда.

> **Ракьалда тIад бигъараб**
> **Зодил гъадароялъул,**
> **Гъурун, кескалги гьарун,**
> **КунчIун бачIана пири.**
>
> **Жиндирго гIумру къокъаб**
> **Къуват бихьизе гIадин,**
> **Гьелъ дагьалго лахIзатаз**
> **Дунял гвангъизабуна.**

Гьел руго Хириясулаевасул тIоцересел тIахьазул цоялде унеб «Пири» абураб кечIалдаса жугьаби. ЦохIо гьел мухъаздасан бихьулеб буго МухIамад поэзиялде жиндирго хатIгун, жиндирго рагIигун, жиндирго мухъккун, цохIо жиндиего хасиятаб дунял бихьигун вачIаравлъи.

Киналго хъвадарухъабазго гIадин газетаздагун журналазда рахъарал асараздасан байбихьана Хириясулаевасги жиндирго кочIол нух, поэзия бокьулезулгун тIоцересел дандчIваял. Хадуб гьесул кучIдузе лъикIаланго бакIал кьун рукIана Дагъгизалъги, Дагъучпедгизалъги, Москваялъул «Малыш» издательствоялъги къватIире риччарал «ДандчIвай», «ГIолохъанаб гьаракь», «Рогьалил гIуж» абурал ва цогидалги гIахьалал мажмугIазда. Гьел рукIанин абизе бегьула шагIирасе гьесул поэзия бокьулез къимат кьезе, гьев гьезда вихьизе гIурал дандчIваял.

«Ихдалил бакънал», «Ракьалда тIугьдул», «Лъаразул кучIдул», «Халкъалъе кьураб гIумру», «КучIдул ва поэмаби», «Рогьалил щуб», «ГIазул хIули», «Азбаралда цIваби», «Бакъул гьими» ва цогидалги магIарул ва гIурус мацIазда МахIачхъалаялдаги Москваялдаги къватIире риччарал Хириясулаевасул тIахьаз хасаб бакI ккола нилъер литератураялда. Гьез жанире рачунел, асаразулъ буго магIарул махIги, рухIги, яхIги. Гьезулъ буго лъикIлъи бокьизеги ракьалда тIад бугебщинаб берцинлъи бичIчIизеги, берцинаб гуребщиналдаса дорегIан чIезеги гIадамал, хасго тIаде гIолеб гIел ахIулеб къуват.

Дица гIадада гуро тIаде гIолеб гIел гьаниб ракIалде щвезабулеб бугеб. МухIамад литератураялде чIахIиязе кучIдул хъвалев поэт хIисабалда вачIаниги, гьеб рахъ гьесул творчествоялда хасаб бакI кколеблъун кидаго хутIаниги, Хириясулаевасе хадубккун аслияблъун лъугьанин абизе бегьула лъималазе асарал хъвай. Лъималазе кучIдулги харбалги цогидалги асаралги хъвазе гIемерго захIматаб букIуна чIахIизе хъваялдаса. Лъималазе хъвазе ккола гьел божуледухъ, гьезие асар гьабуледухъ, гьезул рекIел хIал бичIчIун, гьезул бакIалда живго авторги лъун. Гьеб кигIан гьунар бугевги хъвадарухъанасухъа кидаго гуро бажарулеб. Бажарана гьеб Хирасулаевасда. ГьединлъидалиН МухIамад цохIо магIарулазул гуревги, Дагъистаналъулго лъикIаздасан лъикIав лъималазе асарал хъвалев поэтлъунги рикIкIунев вукIаравги. Гьесул кучIдуз тIабигIаталъе гьабулеб берцинаб, гьайбатаб сипат-суратаздасан байбихьун, гъваридаб философиялъул пикру жаниб лъуралги гьорлъе рачун, гIемер батIи-батIиял рахъал инсанасул гIумруялъул, гIадамазул къисматалъул жанире рачарал кучIдулги. Рехселин цо-цо жугьаби:

**– Бице, гьаб нух лъукъизе**
**Лъица рахъал рахъарал?**
**– Цере гьаниса арал**
**Гьакибурдуз рахъана.**

**– Бице, нухлул гьурмада**
**Гьал гIужал лъица лъурал?**
**– Гьанисан риччан арал**
**Чуязул щанкIлаз лъуна.**

**– Гвендалги тIагIинарун**
**Нухал ритIизаризе**
**ТIад квер бахъараб лъица?**
**– Лъелго сапаралъ унез.**

Ялъуни:

**Хвел гІагарлъарабго херав инсуца,**
**Жиндирго васалги сверун чІезарун,**
**Ирс гІадин гьезие гьалбал рикьулеб**
**Регьекьдерил некІо букІана гІадат.**

**Гьеб «ирс» бикьулаго гьоркьов хутІарав**
**Кьолбоца толаан тохав чийилан.**
**Кьурун мугъги рехун, жамагІаталъги**
**Жойиде гьединав гьавулароан.**

Рехселин цогиги:

**Къед тІад сокІкІанагІан си борхалъула,**
**Сонал цІикІкІанагІан берцинлъана мун.**
**МугІрул тун анагІан гІор гІодоб цула,**
**ГІумру чваханагІан чалухлъана мун.**

**Киналго хІанчІазул кучІдуздасаги**
**Калам дур бищила, щвани, гІин базе.**
**ГІурдада тІугьдузул тІолго махІал тун,**
**ХІухьел дур босила рес ккун хадуса.**

Щиб кечІ цІаланиги, кинаб жугьа босун балагьаниги, Хирасулаевасул асаразулъ буго жакъасеб къоялъул къисматги къарнуялъул гьаракьги, гьуинаб, рагІизе бокьулеб магІарул мацІги, гьеб мацІалъул бечелъиялдаса пайдаги босун, маян кодобе кьолеб камилаб пикруги.

***МухІамад АХІМАДОВ,***
***Дагъистаналъул халкъияв поэт.***



**МухIамад**
**ХИРИЯСУЛАЕВ**

## ГIАГАРАБ РОСУЛЪЕ ВУССУНЕБ НУХДА

**1.**

**Дун, расалъи къотIун, сардил гIужалда**
**ГIагарал мугIрузде вуссунев вуго…**
**Сверулъан баккана некIсияб росу**
**НакIкIазулъе лъураб болъо кинигин.**

**Доба рагъабазда цIер гьечIо ккураб,**
**ЦIваби тIад паркъолеб зоб буго бигъун,**
**ЦIвабигун журалел росдал цIаяца**
**ЦIаруцIинаруна рекIелъ анищал.**

**Щвела дунги рокъой, бакила чирахъ,**
**КунчIила цоги цIва росдал каранда.**
**Ина дун нахъвуссун, канлъи босарал,**
**Беццал берал гIадин, гIодила гордал.**

**Цинги рогьалида гьезул цIоролъан**
**ЦIорорал накIкIазул тIелал хьвадила.**
**Хьулалгун хьухьилъан херай эбелги**
**ХутIила ялагьун дун араб нухде.**

**2.**

**МоцIрол лълъаранисан чвахулеб канлъукь**
**Чвердолаго ана дирги лъимерлъи,**
**Гьебго бакъаналда рекъон кколедухъ**
**Дицаги ахIана хIеренал кучIдул.**

**Цинги лъимерлъуда дудасан лъараб**
**Лъаразул хасият бессана чорхолъ,**
**Дуниял кьерхани, дуе щолеб гуч,**
**Гуреб заманалда дур гIодобиччай.**

3.

ГIагараб Зивуриб, дур звангъолеб цIар
ЦIумурлъун кIетIола каранда жаниб,
Гьеб тIолго гIумруялъ сабаблъун буго
СогIлъи дир рекIеда рекIине течIеб.

Ккола дур цIаралъги, дур цIумуралъги
ЦIунилин дир гIумру, гIамал, хасият,
Хиянатаздаса, бугьтаназдаса,
Гьел балагьаздаса, мунагьаздаса.

4.

Дун духъе вачIуна, гIагараб росу,
ГIайиб ккараб лъимер инсухъе гIадин,
Дур годекIабахъа гIакълуги босун
ГIумрудулъ гъалатIал ритIизаризе.

Рокьул какалги ран бетIер къулулеб
Къасдазул кагIбалъун буго мун дие,
Гьелъин духъеги щун тIадвуссунелъул
ТIаса росун анин кколел мунагьал.

Гьединан букIина гьаб нухалдаги,
Гьаниса нахъвуссун унеб мехалда,
Амма дун жегиги духъе рахунеб
Эхеде сухъмахъалъ къокъунев вуго.

5.

Свераби. Свераби дир сапаразда
Бохдул кквезе тарал кIичIал гIадинан,
Свераби гIемераб гIумрудул нухда
КватIун ккечIеб бакIго ракIалда гьечIо.

Зодиса бортараб талихIалъул цIва
Квер битIун щолелъуб кенчIола чанги.
Гьеб кквезе унаго, дандвчIала сверел
Сун батула канлъи кватIарав дие.

Цебе гъваридаб кIкIал, чIедераб тIинда
ЧIегIераб борохьлъун хьихьидула гIор,
Доб рахъалда мурад, гьаб рахъалда дун,
Дунялалда кьоял рукIин лъикIаб жо.

ЧанцIул ракI хIунсулеб, хIинчIлъун пархолеб,
Пикрабаз каранда кигIан цIа гIолеб…
ГIедегIараб нухда кьо ун батани...
Бихxараб лъараца нухал рехани...

**Анищазул нухги, рокьул сухъмахъги**
**Гьалго кьурабилъун руго регулел.**
**Гьел бетIер сверулел свералабалъан**
**«Свак лъачIого вуго цевехун унев…»**

**Амма гьаб росулъе вуссунеб нухда**
**Свералаби гIемер ругонаниги,**
**Гьаниб парахатго букIуна дир ракI,**
**Гьеб хинлъизабула хириял хьулаз.**

**Росулъ херай эбел, дун кватIанагIан**
**Ялагьун чIела гьей, чIалгIенги цIикIкIун,**
**Дир нух битIагиян дугIа гьабулей,**
**Дир гъалатIаздаса тIасулъугьуней.**

### КIУДИЯВ ИНСАН

*Муса МухIамадов ракIалде щвеялъе*

**«Рагъизе хьихьарал гьал бугъбуздаса**
**Магъилъ рекьарулел оцал рокьула,**
**Гьезул гьодаздаса тIинкIараб гIетIалъ,**
**ТIощелги гIезабун, гIалам хьихьула.**

**Юргъаялда унеб айгъиралдаса**
**Ябу батаниги, гьакил чуго лъикI,**
**Гьелъ канлъуда данде дунял бачана**
**Риччарал, ччукIарал гьал нухаздасан.**

**Бадир гьимгьидулел тIугьдуздасаги**
**ТIарцIаб букIаниги херго бокьила.**
**Хухазул чехь цIезе, цIани хьихьизе,**
**Хьонда харицелалъ васаз бецизе.**

**Эхеб Чачаналде бищун чергесаб**
**Чинариялдаса генул гъветIго лъикI,**
**ГохIазда ахIдолеб гагуялдаса**
**Мокърукь бусен лъураб милъиршо лъикIаб».**

**Гьедин цеве чIола Гьандихъа Муса,**
**Соназул, гIумрудул магIна цIехолев,**
**МагIарул гIаданлъи гIадахъ босарав,**
**Росабазул гIадат гIодоб рехичIев.**

**БакIаб гьунаралъул гьир баччараб гьод**
**Къисматалда цебе къулизе течIев,**

Къадру цIикIкIунилан цIавуцIахъдичIев,
ЦIар тIибитIунилан тIаде ворхичIев.

Къайицадахъазе къатIрацин щвечIеб,
Шайихлъи букIана рекIелъ бессараб.
Гъанже магIарухъцин гIад гьабулареб
ГIадатлъи букIана гIамал къачIараб.

ГьечIо гьанже дие ургъел бикьизе
Ракьалда вукIарав кIудияв инсан.
Нартасулаб захIмат къабул гьабурав
Къанабакье ана хIалхьи гьабизе.

Ккана дир халкъалъе кIудияб ками,
Кинан букIаниги бачIуна пикру:
Дос гIадин хирияб хазинаги тун
Хвани щиб ракьалда бокьараб къоялъ.

## ДИР МАЛАИКЗАБИ

Дие дарсал кьурал мугIалимзаби,
МагIарул поэтал – малаикзаби,
Малъизе чи гьечIев гьитIинав дие
Нужер кумек камун кибго хутIичIо.

Как гIадин, камилал нужер пикрабаз
Канлъи кьуна сардилъ кьурул сиртазда.
Кьурул рагIалдеги цо нухалъ гуро
Нужер гIакълу щвараб къан дир гъеж кквезе.

ГIадамил лъимадул бер гIунтIулареб
ГIелмуялъул тIинда гIумрудул магIна,
МакъначIисалъ гIадин, гьелъ цIан унелъул
ЦIалана жугьаби жагьилав дие.

ХIорал хиялазда хадувги лъугьун,
Лъугьунареб хIалтIи тIаде босидал,
«Биччараб цIулада цIа рекIунарин»
РикIкIаде рагIана гIагараб калам.

Бихьулареб лъикIлъи, лъалареб адаб
Дица тIадчагIазе тIатун гьабуни,
«ТIатIул чедалда тIад нах бахунарин»
ТIадинхосев щола ракI-макI гьабизе.

ТӀогьазде нур щвалеб шагьри моцӀ гӀадай
Цо шагӀиралъ каранлъ кор боркьарабго,
«Дунял берцинлъизе биччараб канлъи»
Кквезе лъугьайилан лъугьуна МахӀмуд.

ГӀададисеб чӀухӀи, чӀвадниб мичӀчӀ гӀадин,
Дир божулеб рекӀелъ бижараб гӀужалъ,
Жиндир «ГӀумруялъул дарсал» цӀалейин
ЦӀадаса ХӀамзатил гьаракь рагӀула.

Цо гьагав гьудулас рекӀкӀалъул рукӀкӀен
РекӀелъ хӀунсарабго хӀал дир хисани,
«ХӀатӀикь ракь тӀуниги тӀуркӀугейилан»
Дие салам кьола Сулимановас.

Хъулухъазе гӀоло, цин-цинал лъугьун,
Ццидалъ цоцазулъ нилъ къацандулелъул,
«Цолъи гӀадаб къуват гьечӀин ракьалда»
ВачӀун аскӀов чӀола ГӀумархӀажияв.

МагӀарул шагӀирал, дир малаикал,
Баркалагун кири камун тогеял,
Нужер пикрабазул, нужер чилъидул
Чирахъал кунчӀана кирго дир нухда.

Ва, гьал дир къоязул хӀисаб гьабидал,
Гьениб гӀаданлъидал лъалкӀал ратани,
Гьеб нужер дарсазул, хӀалбихьиялъул
ХӀасил букӀиналда ракӀчӀун вуго дун.

## ГӀАРАБУСТАНАЛЪУЛ КАРТА БИХЬИДАЛ

ГӀарабазул ракьги бикь-бикьизабун,
Гьоркьосан рахъарал мухъал-гӀорхъаби,
Хвалчаца цо гучаб черхалда лъурал
Лъилъуларел ругънал ругилан ккола.

Щибаб рузман къоялъ цо Аллагьасде
Цадахъ зобалазде рорхарал кверал,
Как бан лъугӀарабго, вагӀза цӀалидал,
ЩӀидасан цоцазде рукъарал зарал.

ДагӀбаги дугӀаги дур гьал къватӀазда
КъотӀараб къо гьечӀо гьал къарнабазда.
Какалги какдейги кидаго цадахъ
Цоцалъ хурхун руго хвалилаб кьалда.

Къуръаналъ беццараб сабрудул чирахъ
Сунеб щай мун жакъа, къо тӀаде ккедал.
ХӀадисалъ гьулчараб гӀакълудул ралъад
Къунеб щай салулъе сабаб гьечӀого.

Салул авлахъалъул жаниблъудасан
Лъукъ-лъукъараб ритӀучӀ тӀурараб гӀадин,
ЛъалкӀал, тӀанкӀал, тӀинкӀун багӀараб бигун
ЧӀегӀер нарт жубарал, жужан ракьалда.

Дир лъимер кьижизе хӀайранал бакънал
ХӀанчӀаз гъотӀода чӀун рачунеб мехалъ,
ГӀиракъалъул лъимал кьалул гъугъаялъ
Гъугълъизе гьарурал, огь, гъаримзаби.

Зодихъ къалъараб бакъ къулчӀизе къачӀан
БацӀаца гьакӀкӀарал кӀалал кинигин,
ГӀарабазул чилъи кӀкӀвине хӀадурун
ХӀурби гӀарадабаз ритӀизарурал.

РитӀухълъи, кин дуца кверал рорхарал,
Кверде ун хадуса хвелеб лъачӀого.
Бичас бечелъигун балагь щай кьураб,
КьагӀазда речӀчӀизе бацӀ щай бижараб?

Сибиралъул каранлъ, кенчӀолеб алмас,
Аляскаялъул лъелъ багӀараб месед.
Гьезде гуро, гуро гурарал гъуждул,
Дур чӀегӀер нартиде рихьула рорхун.

Бакъуца къвагъараб авлахъалда гъоркь
Нартил лъарал рати такъсирчилъийищ,
Яги тӀабигӀаталъ дуе кьураб гьеб
Кьур-кьурун бахъулеб хъантӀиялъулищ?

Гьеб бигьаяб суал, намус бацӀцӀадал
ЦӀадираби цохӀо ратулелани,
Амма дипломатаз данд бан хадуса
Дуниял хвезегӀан хадуб гъелареб.

## ЖАМАГӀАТАЛЪУЛ ПИКРУ

БукӀана годекӀан, ракӀарулаан
МаркӀачӀул гӀужалда гӀадамал гьенир,
ГӀумрудул бицине, ишал рорцине,
Цоцазул пикраби камил гьаризе.

**БитIаралъе гьениб къимат кьолаан,**
**ТIекъалде гIадамаз гIайиб чIвалаан.**
**ГIантаб ахIиялъе хъат чIваларoан,**
**ХъантIиялда цебе гали лъолаан.**

**Гьединан букIана жамгIияб пикру**
**ЖамагIаталъего лъугьун диванлъун.**
**Мисикн-пакъирасги къуват бугесги**
**Къабул гьаблулаан гьеб закон гIадин.**

**Амма годекIанир гIодор кIусизе**
**КIоларел чагIиги чанги рукIана.**
**Чилъи рехун тарал, тохаб иш ккарал**
**Гьелъул нагIанаялъ нахъе цулаан.**

**ЧIухIдарани, тIокIлъи тIалаб гьабуни,**
**ТIокIалъ гьединазухъ гIин бaларoан.**
**Чияр чванитибе квер бегьарасе**
**Камулаан тIалу тIад гIодов чIезе.**

## ПЕНСИЯЛДЕ УНЕС АБУРАЛ РАГIАБИ

**ГIумруялде рогьелллъун,**
**ГIищкъуялъул ругьелллъун**
**ГIолохъанлъи бачIана,**
**БачIана ва бечIана.**

**Дол гвангъарал къоязул**
**Къимат дица гьабичIо,**
**Церехун жеги рукIун**
**РикIкIинего рикIкIинчIо.**

**Гьанже сонал анагIан**
**ГIанчIлъи каранда свана,**
**Аваданлъиялъул бакI**
**РекIелъ ургъелаз ккуна.**

**Цебесеб таваккалги**
**Каранда сасун буго,**
**Сабурлъи, гIодой биччай**
**ГIумрудулъ бессун буго…**

**Дихъ рокьи ккарал ясал,**
**Дир рокьи ккарал ясал,**
**РакIалдщвеязульги**
**ШигIрабальги хутIарал.**

**ГьабичIо гIураб хIалалъ**
**ХIурмат цебехун нужер,**

**Цойги лъикIал рихьилин**
**Хьулаз дун гуккарав куц.**

**Нужер камиллъиялъулъ**
**Камуларoан гъалатI,**
**Къоялъ рихьанщиназда**
**Рекъоларoан дир ракI.**

**Гьанже нужер гьайбатлъи,**
**Гьанже нужер чIурканлъи,**
**Берцинай гурони яс**
**Росабалъ йихьуларо.**

**БатIиял бераз вуго**
**Валагьулев дун нужехь,**
**Берцинлъиялъул къимат**
**Къалъана, лъана гьанже…**

**Чанги къоял тIамуна**
**Гьекъон-кванан кепалда,**
**Компаниязда тана**
**Тамадалъун чанги дун.**

**Щибго нахъе хутIичIо**
**Дол рохалил къоязул,**
**ЩIа свиндал нахъе тараб**
**Рохъолъун гьорохъ ана.**

Чогъролъ жубараб рохел
Пашманлъилъун лъугьана.
Мехтун рорхарал тостал
Балагьаллъун ратана.

КІочонареб камилъун
Лъугьана хвараб заман –
ГІадада чвахун араб,
Чогърол гІоралъ хъамураб…

Кинабго гІумру гуро
Кепалда тІамун тараб,
Таманал бакІал къоял
Раччана дир гъуждуца.

Цебе чІолеб буго рагъ,
Цинги чІунтараб дунял,
Дир квераз зобалазде
Рорхизе ккарал гьундул.

Гьалагал гІоразда тІад
ТІамуна ганчІил кьоял,
Къурабалъцин рахъана
Росабалъе шагьраби.

Черхалда барахщичІо,
РухІалда барахщичІо,
Улка гвангъизабизе
Гучалда бахиллъичІо.

Гьеб цебехун бачараб –
Беричаб захІмат буго
Дир черхалъе, рухІалъе
ХІалхьиялъе батулеб.

## ДОСДЕ ТІАМУН ТЕЛА

Дун гьаб дунялалда гьоболлъухъ вуго,
Гьанивго вукІине ваяІарав гьечІо,
Дие БетІергьанас кьунщинаб лахІзат –
Ракьалда бищунго гьуинаб нигІмат.

Гьеб хІикматаб тІагІам бащад гьабизе
Щалгун гІодов чІелев, щалгун кІалъалев?
Рокьулищ бицинеб, кьалдейищ валев,
Кьун бугеб цо гІумру цогияб гьечІеб.

Гьанирго рукІинин чІарал чагІазе
ЧІвадарухъанлъиги рэкетлъиги тун,
Мунагьазул гьирал бакІлъарав дица
Дагьав гІолой къулун къоял тІамила.

Къоялъ хабаралда рукІананиги,
РекІеда хІунсулеб хІарп абиларо.
ХІеккизегІан тІаде цІадал раниги,
ЦІаха цогиясул тІаде цІаларо.

ТІекъав вугин абун чи какиларо,
Квешлъи гьабунилан гьеб бецІиларо.
Щивасе хасият ТІадвугес кьураб
Досде тІамун тела, тІасаги лъугьун…

Дун гьаб дунялалда гьоболлъухъ вуго,
Гьанивго вукІине вачІарав гьечІо,
Гьал къоязул нигІмат бащад гьабизе
Щивгун гІодов чІелев, щалгун лъугьинев?

## «ГЬАБ ГIУМРУ АНИЛАН АБЕ, ДИР ГЬУДУЛ»

**Кин вугев, ЖабрагIил, магIарухъа чи,**
**Чилъи учузлъараб заманаялда.**
**Кин бугеб рекIел хIал, ракIалъул гьудул,**
**Гьудулзаби гьегьаб дуниялалда…**

Гьадинаб кагъат хъван букIана дица, шагьаралде вахъун сонал райдал, росулъ вугев цохIого цо ракI батарав гьудул, ЖабрагIилихъе. Кинаб ургъел бугоники, рохел бугоники, цIияб кечI бугоники гьира букIунаан гьесда бицине, дандбазе, гьесул пикру ва къимат лъазе. Рагьараб ракIги роцIараб пикруги букIана гьесул. КъватIив-цеве вукIун ракI свакан бугоники, гьесухъе щведал, батIияб чIаголъиги гIумруялде гьираги бачIунаан. Гьесда кIолаан рокъов вукIун къватIив вугев чиясул ракI батизабизе. Бищунго гIумру-яшавалъе захIматал, хIукуматалда лъугьунеб жо бичIчIуларел 90-абилел соназде ккана ЖабрагIилил гIумрудул аслиял сонал.

ХIасанов ЖабрагIил гьавуна 1960 соналъул I9 июлалда Шамилил районалъул Бакълъухь росулъ. Гьоркьохьеб школаги лъугIун гьев цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультеталъул Дагъистаналъул мацIазул отделениялде. Гьенив гьев цIалана лъабго соналъ. ГьитIинго черх загIипаб букIун, кIудияв гIедал, гьесул гIузру цIикIкIана (щукIдул рукIкIунеб унти букIана гьесул). ЦIали, сахлъи гьечIолъиялъ, гьоркьоб къотIизе тана. Гьелдаса хадув гьев гIумру гьабун чIана цин ХIебда, хадув росулъе вахъана.

1980 абилел сонал магIарул поэзиялъе цIиял цIараз гьарзаяб, гьунар бугел шагIирзаби рахъараб рукIана. МухIамад ПатахIов, МухIамад ХIамзаев, ГъазимухIамад ГъалбацIов, Набигула Жаватханов, ТубхIат Зургьалова, ГIайшат ГIалиева, Сабигат МухIамадова, ГIайшат Малачиева, Зулайпат ГIалиева ва цогидалги. Гьезда гьоркьоб хасаб бакIалда вукIана ЖабрагIилги. Гьел цIиял цIарал рагIизариялъе, гIолохъанал шагIирзаби загьир гьариялъе, гьезда квер чIван, тIоцебе квербакъана Москваялдаса Литературияб институтги лъугIун Хъвадарухъабазул Союзалде хIалтIизе вачIарав машгьурав шагIир МухIамад АхIмадовас. Гьесул буго магIарул адабият бокьулел чагIазде, шагIирзабазде хасаб балагьи, кверчIвай. Гьал киналго гIолохъанал хъвадарухъаби АхIмадовасул гьудулзабиги мутагIилзабиги руго. ЖабрагIилицаги жиндирго бищун лъикIав мугIалимлъунги шигIрабазул гьудуллъунги рикIкIунаан МухIамад. Доб мехалда цIакъ захIматго гурони рахъулароан республикаялъул газет-журналазда гIолохъанал шагIирзабазул кучIдул. РакIалда буго, 1989 соналъ «МагIарулай» журналалда ЖабрагIилилги ХIамзаевасулги цо-цо гьумер кучIдузул рахъун рукIана. Гьеб букIана цойги чагIазе щвезе цIакъ захIматаб бакI. Гьеб бакI букIун буго

АхIмадовасул кучIдузе тараб, гьес Фазу ГIалиевалдаги гьарун, жинцаго гьазул кучIдузе кьураб. ЖабрагIилица абулаан, нахъа тIехь бахъараб мехалъ вохун вукIинчIилан жив гьадаб гьумералда кучIдул рахъараб мехалъ гIадин. Гьанже гIадин бокьа–бокьарав чияс тIахьал рахъулеб заман букIинчIо доб – цониги кечI, хабар цин Хъвадарухъабазул Союзалда гьоркьоб лъун гурони биччалароан. Гьелъги батила, доб мехалъ шагIирзабиги къиматалда, гьезул рагIиги къадруялда букIараб.

Гьединго, гIун бачIунеб гIелалъухъ ракI унтун, гIолохъанал шагIирзабазда квер чIван, гьезие кумек гьабулев вукIунаан ГIабасил МахIамадги. МагIарул махIалъ сверухълъи цIезабулев ГIабасиладса кIолаан хIеренаб рагIиялъ кигIанги кIудияб критика букIа, цоги абизе ккараб рагIи букIа, гIадамас къабул гьабулеб хIалалъ загьир гьабизе. МагIарухъе вахъун хадуса гьоркьо-гьоркьов шагьаралде щун гьалмагъзаби рихьизе хьулалда вачIунаан ЖабрагIил. Гьедин, цо къоялъ, ТIахьазул издательствоялда хIалтIуда вугев ГIабасиладса ЖабрагIил вачIун вугин рагIидал, гьев тIаде вахинавиларин абун живго (гьесдаса гIемерго кIудияв чи) кIиабилеб тIалаялъуса рещтIун къотIнове вачIуна гьасда кIалъазе. Гьединаб адабги рокьиги букIана гьезул цоцазде. Гьединаб берцинаб гьоркьоблъиялда бижараб ва цебетIураб букIана магIарул шигIру ва тIолго адабият.

ЖабрагIилица хъван букIана ГIабасиласухъе:

**ТIасалъугьа, ГIабасил,**
**ГIабаси гIадав дида,**
**Дун релълъана васасда,**
**Инсул адаб рехарав.**

**Дуца лъикIаб-квешалъе**
**Квербакъун вахъун чIарав,**
**Унтараб ракI батизе**
**Ватана мун дир нухда.**

**Цогидал шагIирзаби**
**Шишаялда нахъа тун,**
**ШаригIаталъул нухде**
**ТIоцеве гIедегIарав.**

**Щивав шагIир жиндирго**
**Напсалде машгъуллъидал,**
**Инхоса ГIали-хIажи**
**ГIаламалъе рагьарав.**

**ГьечIо щибго дир гIилла**
**ГIайиб дирго бацIцIине,**
**ГIадалав вугин абун**
**Дуца тани гурони.**

**ТIаса лъугьа, ГIабасил,**
**ГIабаси гIадав дида.**

Гьадин, ракI-ракIалъ тIасалъугьаян гьаризе кIолеб батула ракI бацIцIадав, узденав чиясда. Гьеб буго чIухIи-пахрулъи гьечIого исламияб нухалда живго гIодове гьавун бицунеб рагIи. Гьедин ракI бацIцIадго хъварал руго ЖабрагIилил тIолго кучIдулги. Дагъабниги шакаб рагIи гьоркьобе ккани гьесие щибго тIагIам букIунароан гьениб рагIи рекъезегIан. РекъечIеб яги асар гьабулареб кечI гьес бихь-бихьун рехулаан. «КечI букIине ккола гIенеккарав чиясул гьаракь кIанцIизабулеб», – абун абулаан гьес. Гьединаб гурони цониги асар гьес къватIибеги бахъизе биччачIо. Гьанже гьесул асарал данде гьарун, хасаб тIехь хIадуризе дунги ХIамзаевги лъугьиндал, гьесул архивалда чанги, жакъа кучIдулин абун нилъее гIадамаз цIалулездасаги гIемерго лъикIал кучIдул гьес, лъугьинчIел ругин абун нахъе рехун ратана. Нижецаги гьесул аманат хвезабичIо. Гьесие хIажат букIинчIо кучIдузул къадар, тIехьалъул биццалъи яги кIудияб тираж. Гьев вукIана абулеб

рагIиялда гъорлъ гьелъул къуватги, гьеб рагIиялъ баччизе кколеб бакIлъиги лъолев чи. Кинав вугониги кечI хъвалев чи ватидал гьев вохулаан.

Гьев цIакъ хирияв вукIана ГIумар-ХIажи Шахтамановасе. Москваялдаса гьев вачIанщинахъе ЖабрагIилги эхеве вачIун ХIамзаевас ккураб къваридабго бугониги рокъор данделъулаан шагIирзаби. ГIумар-ХIажияс гьелда цIар лъун букIана «сакля поэзии» – абун.

КучIдул ЖабрагIилица школалда вугев мехалдасаго, хъвалаан. Гьесул асарал тIоцере районалъул «БагIараб цIва» газеталда, хадуб республикаялъул «БагIараб Байрахъ» газеталда, «Гъудуллъи», «МагIарулай» журналазда рахъана. ТIоцебесеб тIехь гьесул бачIана «МицIрал» абураб гIаммал авторазул асарал жанире рачараб басмаялда 1989 соналъ. Гьелдаса хадуб гьесул асаразул «Пашманаб къиса» ва «Асарал» абурал тIахьал рахъана басмаялда.

«Асаразе» цеберагIиялда АхIмадовас хъвалеб буго: «ЖабрагIил ХIасановасул гьунаралъулъ буго хIеренаб гьимиги, гьуинаб махсароги, рокьул цIвабиги, рокьукълъи къезабулеб хинлъиги, лъикIлъиялъул лъалкIалги, лъаялъул дарсалги, дунялалда гIадамазе кьураб гIумруялъул магIна лъайги, магIарул кочIол рорженалда рекъон ккейги, рукъалъул ургъел дунялалалъул ургъеллъун лъугьинабизе кIвейги, къисматалда къварилъахъдичIого гьеб бихьинчияб къагIидаялъ къабул гьабиги. Гьеб кинабго цолъидал лъугьуна унго-унгояб поэзия».

2010 соналъ ЖабрагIилил 50 сон баялда хурхун творческияб вечер тIобитIана Авар театралда, Шамилил районалъул администрациялъул ва культураялъул отделалъул хIаракаталдалъун. Гьеб юбилеялде «Асарал» абураб тIехьги райадминистрациялъул харжазде бахъун букIана. Гьелухъ ЖабрагIил цIакъ нечон вукIунаан. Гьелъие квербакъун букIана районалъул бетIерасул заместитель ХIажиев ГIабдулвахIидица, культураялъул отделалъул нухмалъулев Гъапар ГIабдулмухIамадовас ва «Цолъи» газеталъул редактор ГьитIинова ПатIиматица. Гьединго районалда гьаруна ЖабрагIилилги цIалдолезулги данчIваял. Гьев цIакъ гьираялда къабул гьавуна гIенеккараз. Гьеб вечералдаса хадуб ГIабасилас ЖабрагIилихъе бачIана гьаб кагъат хъван: «ЖабрагIил, дир гьитIинав вац, салам буго дудеги дур хъизан-лъималаздеги. ЯчIун йикIана ГIалиева ГIайшатги, бицана дур цIияб тIехь бачIунеб букIинги. ЯчIана Малачиева ГIайшатги, бицана дур вечералъулги. Машааллагь, дур кучIдузе кьолеб къимат! Гьелъ бицун ракIалда чIана дур кочIол кIиго мухъги:

**«Дуниял сверулев ХIамзаевасда,**
**Бусада сверулев дир салам бице…»**

Цойги щибго хъвачIониги, гьаб кIиябго мухъалъ бицунаан дур шигIрияб кIодолъиялъул. Дурго къисмат рагьизе дудаго кIун бугеб къагIидаялъул берцинлъи бицун хIал кIолеб жо гуро…

…Гьанже, дир гьитIинав вац, дица гьабун бугоункъго рукъ бугеб бакI батIаго, «Авар маданияталъулги магIарул адабияталъулги рукъ» – абун буго гьелъул кIалтIа чIвараб хъорщода хъван. Нусго рамка буго дица гьабизабун. Гьенир лъолел руго аваразул артисталги, магIарул хъвадарухъабиги, нилъерго гIалимзабиги. Гьезда гъорлъ букIине дурги сурат къваригIун буго. Дуего бокьулеб сурат битIизе ихтияр буго. Дица киназулго цIарал гурони

чинал хъвачIо, киналго цого чагIи рукIин бихьизе, релълъун лъолел руго гьел.

Дида ракIалда буго цо духъе вачIинеги кIвезе, КIудияв Аллагьасул гьединаб хIукму батани. Цинги бицина кинабго.

Адабгун, ГIабасил МахIамад. I7. 08. 20I0с. ЛъагIилухъ .»

Пайда щиб, щвечIо гьел гьелдаса нахъе цоцазухъе.

ЖабрагIил киданиги цIаралда яги реццалда хадув лъугьинчIо. Гьесие хIажатал рукIинчIо шапакъатал. Бищун гьев вохулеб жо букIана пасихIаб унго-унгояб кечI. ЦIакъ лъазе тIалаб гьабулаан умумузул тарих. Имам Шамилил гъазаваталъул, бахIарчиял умумузул бицун чIалгIен-свак лъалароан гьесда. РогьинегIан гIодор чIун бицаниги гьев гIорцIулароан тарихалъул ва адабияталъул бицун. Гьеб кинабго гьесул асаразулъ загьирлъунги буго.

Гьесул асарал руго гIемерисел гIаданлъи, яхI, намус, ватIаналде рокьи цIуниялде ахIулел, умумузул бахIарчилъи, Шамил имамасул гъазаваталъул бицунел.

РагIи бегIерав чи вукIана ЖабрагIил. СагIид–апандияс цIакъ асар гьабун бицунаанила, тIоцеве жиндихъе вачIарав чи ЖабрагIилил загIипабго рилълъин бихьун гурхIун вукIун вуго асда. ЖабрагIилица абун буго: «Гьаб дунялалъе гьаб рилълъин гIолеб батанин жинда» –ян. Гьединал гIемерал рагIаби руго ЖабарагIилил халкъалъ бицаде цIунун. ГIумруялде рокьи бугев, ракI аваданав, гьудулзаби гIемерав чи вукIана ЖабрагIил. Гьев цIакъ къокъидго ана гIумаруялдаса. РакIалдаго гьечIого бачIана гьесие къадар щванилан хабарги. Гьеб букIана 2014 соналъул 21 сентябрь. Гьелдаса хадуб ХIамзаевас хъвана:

**Дир шигIрудул гьудул, гIумрудул гьудул**
**ГIумруялъ ракI базе вукIарав гьудул.**
**Мун цIехолев вуго цIиял кучIдуца**
**ЦIализе чи гьечIел чиякъал мухъаз…**

ЖабрагIилихъе машгьурлъи бачIана гьев цевеса индал. Цо батIаго халкъалъ къабул гьавуна гьев ахирисеб тIехь бахъун хадуб. ГIемерал кучIдул ва назмаби руго гьесул машгьурал, жакъаги автор цIехечIого халкъалда гьоркьор тIиритIун. «ТIаде рахъа, умумул», «Гьамида» –назмаби классикиял асаралльун лъугьана. «Дуда эбелалъул кверал рихьанищ», «Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб» ва цойгиги гIемерал асарал хвел гьечIллъун ва жеги чанго гIелалъе хазиналъун рукIина.

Живго ЖабрагIилил чIаголъиги гьесул рекIел хIалуцинги загьир гьарула гьал мухъаз:

**Гьаб гIумру анилан абе, дир гьудул,**
**АваргIор кинигин гьелчелаго дир.**
**Кьурабалъ кьабгIолел карачелазда,**
**Каранда хутIанин бице дир рокьи…**

***МухIамадрасул ГIУМАРОВ,***
***Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член***



**ЖабрагIил ХIАСАНОВ**

## ГЬАДИНАБ ЖОЙИЩ ГЬАБ ГIУМРУ БУКIАРАБ?

**Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,**
**ГIурччинаб ихилан дур хиял ккараб.**
**ГIадамасул гьумер гьимараб мехалъ,**
**Цо хIилла батилин хIинкъизе ккараб.**

**Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,**
**МагIица лъалъараб, лъеца чурараб.**
**ЛъикIалщинал чагIи къанабакь лъураб,**
**КъабихIабщинаб жо ракьалда тараб.**

**Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,**
**ГIунгутIабаз ккураб, квешлъабаз цIураб,**
**ЛъикIлъи гьабурасе нагIана кьолеб,**
**НагIана батаял тахида толеб.**

**Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб,**
**ГIуруца жиб аяб, дир ракI унтараб,**
**ЦIвак-цIвакун зобалахъ цIвабиги ругеб,**
**ЦIар ахIун ватизе гIаданги гьечIеб.**

## ДИДА ТIАСАЛЪУГЬА, БЕТIЕРГЬАН АЛЛАГЬ

**РитIухъав вукIине дир хIалги гIечIин,**
**ХIалакъав вукIине чехьалъги течIин,**
**Чияда релълъараб гIамалги гьечIин,**
**Дида тIасалъугьа, БетIергьан Аллагь.**

**Берал кьунаниги, канлъи бихьичIев,**
**Кверал кьунаниги, лъикIлъи гьабичIев,**
**Дуца кьураб гIакълу гIаданиб тарав,**
**Дида тIасалъугьа, БетIергьан Аллагь.**

**Дуца ракьалдаса вахъинавурав,**
**Дуца ракьулъеги тIерхьинавулев,**
**Дукьа хIинкъулареб гьаб дир къаркъала –**
**Дида тIасалъугьа, БетIергьан Аллагь.**

**Ракьулъ вукъичIого гIакълу щоларев,**
**Къаникье инчIого нур бихьуларев,**
**Мун вукIин лъай гуреб, лъикIлъи гъорлъ гьечIев,**
**Дида тIасалъугьа, БетIергьан Аллагь.**

**Гьабураб лъаларев, кьураб лъаларев,**
**Кьурса вортичIого Мун вичIчIуларев,**
**Мун хIалимлъанагIан хIалихьалъарав,**
**Дида тIасалъугьа, БетIергьан Аллагь.**

**Аллагьасе гIоло гьабулебщинаб**
**ГIадамасе гIоло лъугьунеб бугин,**
**Дуца вижаралъе жаваблъун гьечIев,**
**Дида тIасалъугьа, БетIергьан Аллагь.**

**Берал къанщулелъул, къанал чIвалелъул**
**Къваридаб лахIдуялъ дун кIкIун унелъул,**
**ГьадигIан гIадалаб гьаб дир къаркъала –**
**Дида тIасалъугьа, БетIергьан Аллагь!**

*** * ***

**Ахирисеб нухалъ Дагъистан толев**
**Дида цеве чIола херлъарав имам,**
**Доба Чирюрталъул шагьранухалда**
**Досул пайтоналъул пашманаб къири.**

**Цинги цеве чIола Хасавюрталда**
**Хаслихълъигун цадахъ тIерхьун унев дов,**
**«ТIарамагъадисеб Кавказалъул зоб,**
**ЦIуне Дагъистан», – ин рорхарал кверал.**

**Ва цеве тIамула гIорхъи бахунев**
**МугIрул имамасул ахираб сагIат,**
**МагIил горо гIадин, магIарул тIалъи,**
**ТIадго вуссинчIого тIагIун унев дов.**

**Дуца нахъа тана гъазаваталги,**
**Гъулдузулъ тIупарал муридзабиги,**
**ЦIадулъ как ахIулел дур росабиги,**
**Россия гьалгъарал гьал дур мугIрулги.**

Дуца нахъа тана гьаб эркенлъиги,
Кин гьеб балагьизе кколебалиги,
МагIарул чиясе гьаб хасиятги,
Хиянатлъиялъе бугеб рогьоги.

## РАКЬУЛ ГIЕРЕКЪ

Ракьул дагIба балев кIиго вацасда
КIалъан буго хIатIикь цо ракьул гIерекъ:
– Ле, гIадамил лъимал, гIодоре риччай,
Дунги, нужго гIадав, гIадан вукIанин.

Дуниял хирияв, хурзал чIахIияв,
Хабар-кIал гIемерав, гIамал кIудияв,
ГIадамал жиндица хIинкъизарулев,
Залимаб, къуватаб къаркъала бугев.

Ракьул гьурмадаса дун аралдаса
Сверана ракьалда аза-азар сон,
ТIагIана хабалал хулун цIадаца,
Чурана чваххияз чанги дир рукьби.

Ахир цо залимас, хъала балаго,
ХIуралде сверарав сокIкIана къадалъ,
ДодигIан чIухIарав хIарщуеги чIван,
Дица гьаб ракьалда барабщинаб мех.

Ханзаби лъугIана, зулму тIагIана,
Залимал хъулбиги хIурде руссана.
Пакъирав ятимас, сардал-къояца
Сверун къедги гьабун, гьабуна дир хур…

ГIорцIараз, ракъараз, иргаби гьарун,
Кьуна дун цоцахъе дагIбадилаго,
АнцI-анцI гIасрабаца нус-нус батIияб
Сипатазде вуссун, дун свакан вуго.

Букъуге ле, гIадан, гIададисеб зар,
Гьеб букъарал чагIи бергьинчIин жеги.
Лъугьунге хуриве вагъизе, инсан,
Рагъарал умумул угьданин хадур.

Квер чIвалеб ракьалъухъ ракьулъ чи лъурав,
Харил квацIиялъухъ ханжар бахъарав,
ЧIухIарав дун вуго – гьаб ракьул гIерекъ,
Риччай нуж гIодоре, гIадамил лъимал.

## ВАЛИГИ ХАНГИ

**Дида гьеб лъаларо, щиб шагьаралда,**
**Щиб росулъ букIараб, некIо заманалъ;**
**ВукIун вуго вали, гIабдалин абун,**
**ГIадамаца малъий жив гьавуларев.**

**Бокьа-бокьаралъув кьижун гурони,**
**БукIинчIила гьесул я рукъ, я бусен,**
**Щибго дунялалъул тIалаб гьечIев гьев**
**Кьижун вукIанила нухлул рагIалда.**

**АскIосан унаго, чIухIарав ханас**
**Малад гьавун вуго вегарав мискин,**
**Макьидаса тIуркIун тIаде вахъарав**
**КIалъан вуго пакъир цеве чIарасда:**

**Ле, дуца жиндие гьабураб щибан,**
**ВукIанин жив макьилъ чIухIарав ханлъун,**
**ГIемераб меседги боцIиги бугев,**
**Дуца ворчIизавун, брчIун анин гьеб.**

**Хан велъанхъанила, гIамал кIодого,**
**ГIабдалас бицунеб хабар щибилан,**
**ГIемераб улка-ракь бугев гьесие**
**Кеп щун буго гьасул хабаралда тIад.**

**Мискин кIалъанила гIодове виччан:**
**ГIемер велъугейин, щвараб бечелъи**
**Берал рагьарабго жинхъаги анин,**
**Берал къанщаралго духъаги инин.**

## В А С И Я Т

*Дун вукъеян васият росдал ГохIда хабалалъ.*
*М.ХIамзаев.*

**Вукъе дун ГохIда хабалъ,**
**Хвараб мехалъ, дир гьудул,**
**Хабалазул рагIалда,**
**КIудиясда гIагарда.**

**Бахчизабе, ракьги хъван,**
**Хъубаб дунял дидаса,**
**Мунагьаца жиб цIураб,**
**ЦIоб жинда гьорлъ тIагIараб.**

**Дир къаданиб къоно лъе,**
**Къварилъарав дир гьудул,**
**Зани чIвазе гIадинав**
**ГIаданги дун вукIинчIин.**

**Анкьица къулгьу гьабе,**
**Къуръан цIалун чиги те,**
**ГIададисеб каламги**
**Кверкьовуда гьабуге.**

Дир мискинаб малалъул,
МагIишат-яшавалъул,
ГIадаталда, ресалда
Рекъараб садакъа кье.

Дида тIадал хIакъалги
ГIедегIе тIоритIизе,
ГIоралъ унев чи вугин
Воре, дарман, дун тоге.

Мунагьазул гьиралгун
Гьоболасул рукъги тун,
Дунги анилан абе
Абадияб рокъове.

Абе гIолохъабазда
ГIодоре руссайилан,
Дунялалъул берцинлъи
Дица цадахъ босичIин.

Дир загIипаб черхалда
Мусру гуреб жемичIин,
Жаваб кьезе дир боцIи
Дунялалда хутIанин.

Вукъе дун ГохIда хабалъ,
Хвараб мехалъ, дир гьудул,
Хабалазул рагIалда,
КIудиясда гIагарда.

## ГЬ А М И Д А

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа, –
Нилъгоги гьитIинлъизе,
Гьалмагълъиги бичIчIизе;

Цере арал къоялги
Къанабакьа рахъизе,
Къварилъарал ракIалги
КIудиясде чучизе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа, –
Гьинал рекIелъ бетараб
Бигун чорхолъ жубараб,

Цересел анищазул
Жакъа лълъвараб бихьизе.
Жакъасел хиялазул
Хадуб кколеб бичIчIизе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
Гьабиларищ зиярат,
Зани чIвараб гохIалде, –

Доба гьури багъулеб
Гьаваялда рукIине,
Гьабураб гIумруялъул
ХIисабалъе лъугьине.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
ГIабдурахIман-хIажияв
Хьвадараб нух бихьизе;

Авар гIурул рагIалда
ГIодов вукIун гьабураб
Ахираб гьесул вагIза
Зобалазда цIехезе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
Гьаб ракьалда даимго
ХутIунгутIи бичIчIизе.

Ралъадалъул тIиналда
ТIагIарав ХIасан устар,
БецIаб туснахъ рукъалъув
Накълолъарав ЯгIсуби…

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
Гьури пулеб мехалда
ГохIде тIаде рахине;

МухIамадгIариф гьечIеб
КъахIиб росу бихьизе,
Къанабакь ХIумайд лъураб
Гьандихъе балагьизе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
Нилъ гьаниса бигьаго
Ине рукIин бичIчIизе;

ХIусейнил МухIамадил
ХIайранаб гьумералда
ГIурул къанал тIупараб
ГIурире ралагьизе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
Лъахъа ХIамзат-апанди
Вукъараб ракь бихьизе;

Гьесда тIад херги бижун,
Халикъас нахъе тарал,
Хайир гьечIел нилъерго
Дагьаб пикру гьабизе;

ТIидиса устарасул
Илагьияб асаралъ
Асир гьабун букIараб
Гьидерил ракь бихьизе;

Меселасул МухIамад
Молода восун араб
Нечаевка, хутIизе
Хиялазулъ мун даим.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
КIалъачIого рукIине,
РекIеда гIенеккизе;

КIудияв гIодов чIараб
ГIуруялда бер чIвазе,
ГIумру гьесул лъугIараб
Бакълъухъе балагьизе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
ХIайбулагь-хIажиясухъ
ХIайранлъизе цо дагьалъ;

СагIадухIажиясул
ХIужра жаниб букIараб
ГьитIинабго колоде
Керен чучун, гIодизе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
ГIесдерил щобал рихьун,
Пашманлъизе цо дагьалъ;

Цинги, зодов балагьун,
Лъан букIине дудаго
Гьаб ракьалда гьечIевлъи
ИчIил ГIалил МухIамад.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
Шайихул Ислам гьечIев
КIудиявгун гIодов чIун,

Къварилъараб рекIелъе
ТIинкIулаго магIугун,
Гьесул зани борхатаб
ЗанатIе балагьизе.

Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа,
Жакъа гIадин метерги
БачIунеблъи бичIчIизе;

Къилбаялде руссарал
Сиртазухъ ралагьизе,
Суждаялда жал чIарал
МугIрул-щобал рихьизе.

Кинабгоги гьаб гIалам,
ГIажаибго бижараб,
ГIадамасул бетIералъ
Босизе хIал кIолареб.

Гьеб киналъухъ хал гьабун,
Хвезе рукIин нилъго лъан,
БетIергьан Аллагьилан
Угьараб хIухьел биччан.

Борхатаб щобил тIогьир
ТIиритIун гIодор ккезе
Рилълъинарищ Гьамиде,
Гьудулзаби, нуж жакъа.

## ГIЕЛБАЩАДАВ МУГIАЛИМ

Лъил бугониги хIакъалъулъ абизе ялъуни хъвазе ккани, тIоцебесеб иргаялда, хъвалесулги цIалулесулги, кIалъалесулги гIенеккулесулги мурад букIуна гьев чиясул хаслъи, цогиязде дандеккун гьесул, гIамал-хасияталъул бугониги, гьунар-махщелалъул бугониги, батIалъи бихьизаби.

Байбихьудаго абила, ГъалбацIовги дунги рукIана адабияталде цадахъ рачIиналъ гуребги, гIелбащадал рукIиналъ гуребги, дагьаб хехаб, гIумруялъул законазухъ гIинбалареб гIамал-хасиялъги гьудуллъи щулиял чагIи. ГъалбацIовгун цадахъ радиоялда хIалтIулей йикIарай ГIабидат Минатулаевалъ цо нухалда дун радиоялдасан кучIдул цIализе гьезухъе щвараб мехалъ абуна: «Вай гьав ГъазимухIамадги гьай ТубхIатги ругел цоцада релълъарал жалин, я дагIбадулел рукIунин кIиялго, яги релъулел рукIунин». ДагIбадулаан ниж гьес дир цо-цо кучIдул, «гьабги гьереси бугин, бихъеян» гъорлъа чIаралеб мехалъ; релъулаан цо-цо хъвадарухъабаз абураб-тараб кепаб калима бицун, кIиязего рокьулел, халкъалда гъорлъ рижарал цо-цо махсароялъул харбал рицун.

РакIалда бугеб жо халкъалда цебегицин абун биччан течIони, чехь унтулеб хIисаб лъугьунаан дир. Гьебго хIал букIунеб букIун батула, чвахун унеб, гIадатияб, гIадамазул мацIалъ ракIалда бугебщинаб жо бугеб хIалалда диеги гьурщун, гьаб бегьила, гьеб бегьиларин тIаса бищичIого, ракI бащадав, живго вичIчIулев гьудуласе гIадин, дие бицун хадуб рекIел чIоло битIулеблъиги лъан, диргун пикруцояв гьудул (товарищилан хъвазехъин йикIана, нилъер мацIалда батичIо) ГъалбацIовас гIемерисеб мехалъ хьвагIулаго квералгун, яги «дуда щвезе гурилан, дур рахъалда бугеб гьаб квер чвантиниб лъелин, аб аниб чIаниха» – йинги абун, диде жиндирго пикрабазул гизма гъенезабулаго, къватI чIван цадахъ унеб мехалъ.

Дунго уней йигониги, кисаяли лъачIого, кIанцIунги вачIунаан, живго жанив цIурал дардалги, махсароялъ къинабулеб пашманлъиги бикьизе живго вичIчIулей дун ялагьулев вукIарав гIадин. Телефоналги рукIинчIелъул нижер заманаялъ.

Кинавго чи гIадин, дирго пикрабалъ цо нухалъ уней дида рагIана къватIалъул добаб рахъалда ахIулеб: «ТIалхIат!» – илан. РакIалде ккана: «Валлагь магIарухъа вачIарав чи ватула, тIокIав чияс шагьар бакьулъ гьедигIан кIудияб гьаракьалъ «ТIалхIат» ахIуларелъул… Нахъойги ахIулеб рагIана, дагьабги кIодого. Гьеб мехалъ ялагьана доехун ахIмакъ вихьизе. Вуго ГъалбацIов, диде квер хьвагIулев: чIайин, жив гьеб рахъалде вачIунев вугилан. ВачIана. Дица, ццинги бахъун, гьикъана: «Дидейищ мун ахIтIелев вукIарав?!» – илан. ГъалбацIовас гьакIкIан кIалгун хутIизаюна: «Уха. Цойги ТIалхIат кив вихьулев вугев дуда гьанив?» – ин, велъулаго, сверухъе битIун квергун. ЦогIаги ниж рихьарал яги рагIарал магIарулал сверухъ рукIаралани,

щибдай абилаанин дир тIокIцIаралъдайин, расги гьеб бокьичIей дир куц бихьидал гьес абуна: «Я росасе а, яги чIужу яче. Гьеб мехалъ лъала мун ТубхIатищ йигей, ТIалхIатищ йигеяли…»

Лъабго васасда хадуй гьаюрай дида инсуца ункъабилев васин абулеб букIиндалищ, школалда цо учителас, лъималаз гьавурав гIазул дада, досда бахъараб цциналъ дица щущазабидал «Бихьинмарин!» – ин дида ахIун тIокIцIар щун букIиндалищ, хадуй, университеталда цIалулеб мехалъ факультеталъулволейболалъулкомандаялдадир«кутак»бихьун,физикаялъул факультеталъул васазул командаялъухъа, дун ахIилищан, нижераз «очко» бахъидалищ лъаларо (гьеб кинабго лъалаан ГъалбацIовасдаги), гьес лъураб тIокIцIар дир гьудулзаби-васазе цIакъ бокьана. Хъвадарухъабазда гъорлъе доб мехалъ бачIараб нижер гIелалъулги васал рукIана дир гьудулзаби: ГъалбацIов, ЖабрагIил (цадахъ цIалулевги вукIана тIоцебесеб кIиго соналъ, хадув хьвадизе захIматаб унтуца гьесда цIали тезабуна), ПатахIов, ХIамзаев, Набигулла (цоязда – фамилия, цоязда – цIарал абулаан нижеца). Щокъав вукIиналъ ЖабрагIилица ахIа-ахIаралъуе гьезда цадахъ ун, цо хIикматаб, гIатIидаб, ракIал гъураб, бацIцIадаб, вацалги яцги гуреб гьечIеб гIадаб, кочIол гьудулзабазул гвай гIадаб жо букIана нижер. КучIдуз кIочон тезабун, дун щиялиги, гьезда гъорлъ свердизе магIарулалъе бегьулареблъиги дида ракIалда ккезабулев чиги эзул вукIинчIо. Заманаги гIадамалги лъикIаб мех букIиндалгIаги батила. КучIдул цIалун, бахIсалде руссун, сверухъ бугеб дуниялги гьелъул политикаги аскIосан биччан тун, хьвагIулел квералгун, жиндицаго абухъе, «чвахулаго хIацIцIугун, карандаса бетIулаго расгун» (гьедин абулаан ГъалбацIовас кутакалда кIалъалев чиясде) нижее жиндирабго бицунев ГъазимухIамадидасаги цоцаздасаги рохун, талихIалъ цIун рукIунаан. Жакъа доб заман ракIалде щвезе бокьуларо дие… Нижеда гъорлъа «командаялъулго» ракIал гIадал, жал рукIаго я чехь, я ракIал унтуларел, Аллагьасго гьунар кьурал васазул кIигояв камуна… Цойги: гьаб заманалде дандеккун, доб заман – алжан букIун буго… Доб мехалъ Батирайил къотIноб, къотIносанго гали рукъ бакьулъе кколеб, цо гьитIинаб хъош гIадаб, ХIамзаевас ккураб рокъоб дида гъорлъ лъезе бакIу гьечIого, ЖабрагIилица абухъе, «бездаразул» тIахьал сокIкIун гьабураб, ягъарани, биххулеб гIадаб гьадаб «бакIу» кьелароан дица жакъасеб заманаялъул бечедал чагIазулги хIакимзабазулги тамахал, рорхатал, амма хIалихьатал тахбакIазухъ…

ГъалбацIовги камуна, гьудулзабазе гуревги, хъизан-лъималазе гуревги, эбелалъе гуревги, росу-ракьалъе гуревги… Гьев камуна нилъер миллаталъе. Мех анагIан, гьев цIаланагIан, гьев вичIчIанагIан цIикIкIун бичIчIизе буго гьеб нилъеда… Гьев камуна Дагъистаналъе (гьесул цохIо «Тирулеб, сверулеб гьобоги буго…» гIурус мацIалде буссинабуни, гIола гьев Дагъистаналъулго халкъалъе камуравлъи лъазе). Гьеб камиялъул къварилъи бичIчIула гьев халкъалъул рекIел кIутIиги, гьелъул ургъелалгун агъазалги, гьелъул пикрабигун рагIабиги рагIизарулев хъвадарухъан вукIиналъ, халкъалъул матIу вукIиналъ, цо гьесулъ халкъ букIиналъ. Гьеб кколелъул хъвадарухъанасул, хасго журналистасул борч. Халкъиявлъун гьечIониги, гьев халкъалъул вукIана. ГъалбацIовас бергьенлъиялда тIубана жиндирго борч.

Хъвадарухъанлъиялъулъ гуребги, гьесул хаслъи миллаталда бихьана радио-телевидениялде ГъалбацIовин абурав, жиндирго фамилиялда рекъарав, гIодобе биччараб, чIамучIаб, чIобогояб рецц-бакъ гурони рагIулареб, бихьулареб гьеб бакIалдасан, щвараб гIор гIадав ГъазимухIамадица гIадатияб нилъерго мацIалда миллат асир гьабураб куц! Гьадингийищ кIалъазе бегьулел рукIарал гIаламалда цереги рахъунин ккана цебеселде ругьунал, амма ГъалбацIовасда жиндаго релълъарал магIарулазда. Щибаб хамиз къо щвеялъухъ ралагьун чIарал магIарулазе бигьаяб гуреб заманаялъ анкьалъ гьез гьабураб гIумруялъухъ цо кинабалиго шапакъатлъунги ракIал чучилъунги лъугьана эркенгоги гъваридгоги кIалъалев, жинца телевидениялде ахIун ватаниги, живго гьесухъе рокъове ун ватаниги, дандиявги живго гIадин, гIадатияв чи дагьав жиндаса «хIинкъулеб» объективги кIочон тун, годекIанир гIодор чIун гара-чIвари гьабулеб хIисабалде бигьаго вачунев, гIажаибго гьесие гIагарлъарав ва батIияв тележурналист ГъалбацIов. Гьебги букIана гьесул бергьенлъи – гIадатиял гIадамал гIадатго тей! Цо чиясулъ нилъер миллатго бихьизаби!

Кина-щиналъего аслулъун букIана гьесул гъваридаб лъай, гьесул гIакъиллъи, кандидатаздасаги доктораздасагицин живго бетIергьанаб лъай-гIакълу цIикIкIин… ГъалбацIовгIан гIемер цIалдаравги хIалтIаравги чиясда гурони бажаруларо халкъгун кIалъан… Гьесда лъалаан, нилъер халкъиял кучIдуздаса байбихьун, дунялалъулго адабият. Гьесул хъвадариялдаги кIалъаяздаги гъорлъ гьес рачунел рукIарал мисалаз тасдикъ гьабула гьеб…

ГъалбацIов вахинчIеб мегIерги гьев ваккичIеб кIкIалги батуларо гьев цIалидал. ХIайранлъун хутIула гьесул хаслъиялда, гьесул кIвахI гьечIолъиялда, гьес нахъа тарабщинаб хазинаялда!

КидагIаги, ГъалбацIов, дуца гьабгощинаб, гъорлъа щибниги нахъе бахъизе ихтияр лъиего течIеб, рачIунел гIелазегицин гIелмулъун хутIилеб, гIагараб миллаталъе гуребги, буссинабун хадуб, дунялалъегицин тараб, гIадатияб мацIалда хъвараб, амма гIумруялъулги, заманалъулги, гIадамазулги хIакъалъулъ гIелмияб хIалтIи гIадаб рагIул бечелъи кагътиде босараб?! Дуца дурго передачаялда лъураб цIаргицин букIунеб хIалалъ бичIчIуларелгицин ратила. Гьанже бичIчIана щвалде щун дидагоцин. Щибаб къоялъ радал дурго пикраби хъвалеб балъгояб тетрадалъги хIайран гьаюна дун, цеве вукIинчIев, Аллагьасде гIагарлъарав ГъалбацIов вихьун…

ГъазимухIамад цо батIияв, гIодове вуссинго гьечIев, гIодоб бугеб жогийищ нужеда бихьулебин абураб ХIажи Гъазимирзаевасул махсаро жиндиего рекъараблъун бихьунги, бицине бокьулев чи вукIиндал, дирго рекIее кIудияб асар гьабуна ГъалбацIовасул гьеб балъгояб тетрадь жанибе бачараб, «Тирулеб, сверулеб гьобоялда» бугеб «Как» абураб философияб макъалаялъ. Ахираталде ине живго гIагарлъулеб гьеб заманаялъ, цеве вукIаралдаса батIияв, Аллагьасде гIагарлъарав ГъалбацIов Аллагьасда гурев лъалев ватичIо…

Дунго чанго нухалъ дагIбадана гьевгун: «Бокьа-бокьарасда цIализе кIолеб жойищ дуца хъвалеб?! Берал гьетIарал жал рукIунин щайтIабийин кIодоца бицаралдаса нахъе гьездаса хIинкъулей дида кIоларо, вац, дур, щайтIаби гъорлъ ругел жал цIализе; эмен-ясалъул рекъечIеб гьоркьоблъиялъул бицараб бакIги нилъер адабияталда букIинчIо, дуца щай эб энибе бачараб, гьечIебги «тарбия» гIолилазе щвезе запад гIун букIана нилъее…» – гьелда

релълъараб цогидабги дица абуни, тIирун чIолаан: дуда лъалареб, рагIичIеб, амма букIунеб жо хъвачIого, дуе бокьараб, амма чIобогояб, чIалгIараб тема, хъваниги, хъвачIониги, кагъат хвезабиялдаго лъугIулайин, битIараб, бугеб хIалалъ хъвазе ккола кинабгойин. Гъесул реализмалда тIад рекъоларого, гIолеб гIелалъе тарбия кьезе кколарищ дур адабияталъин гьикъани, тарбия дуцаго кьейин, дун бугеб хIал бихьизабулев вукIинин лъугIулаан нижер дагIба. КIиялго жиде-жидер пикруялдаги хутIулаан.

Амма, гIелбащадав вукIаниги, ГъалбацIов вукIана дир хъвадариялъул мугIалим. Дир хъвадариялъулъ кинаб хаслъи батаниги, гьеб буго дир гьудул ГъалбацIовас кьурал, ракIбацIцIадав, адабият кутакалда бичIчIулев гьесулгун гьудуллъи букIинчIебани, дие щвезе рукIинчIел дарсазул хIасил. Гьале гьездаса цо-цоял (къокъ гьабун лъолеб буго кечIалда релълъараб дирго «ГIелбащадав мугIалим» – щибаб дарс буго гьереси гъорлъ гьечIеб, ГъалбацIовасул къиматалдаса жакъагицин хIинкъун…)

**1.**

**ГIантал чагIаз гурони,**
**КечI хъваларо, ТубхIатин,**
**ГъалбацIовас чан нухалъ**
**Дунги кечIги лъукъарал;**
**Гьеб абун бахъиналде,**
**«Яхъа цо кечI цIале», – йин,**
**Дир цIияб кечI къваригIун,**
**ЧанцIул гьес ялъаргъарай.**

**…Амма гьес лъураб къимат**
**Къадруяб букIунаан,**
**КъанагIатал щуйилаз**
**ШигIру цебе цIалаан;**
**МагIарул кочIол гIелму**
**Гьес гIадин рагьичIелъул,**
**ГIелбащадав мугIалим**
**Дие кIодолъулаан.**

**2.**

**ГьечIо… Ана ГъалбацIов…**
**Бахилаб нахърател тун…**
**РакIалдещвеязулъа**
**Цин вилун, цинги ваккун:**
**«ГIантал чагIаз гурони,**
**КечI хъваларо, ТубхIат», – ин,**
**Хадубго: «Зургьалова,**
**Йилълъа цо кечI цIале», – йин.**

**Дурго рекIел бацIцIалъи,**
**Пикрабазул гIатIилъи,**
**Лъикьаго бахчичIого,**
**Биччанте кучIдузулъе.**
**Дурго бихьинаб гIамал,**
**Хвалчен гIадаб хасият,**
**МагIарухъа гIор гIадин,**
**Чваххизе те гьезухъе.**

**ГIантай дир кечI щайилан**
**ГIакъилав дуейилан**
**Абидал щвараб жаваб:**
**«Дунгиха гIабдал», – илан. –**
**Амма чанги «цIодорав»**
**ШагIир – гьерсихъан вуго,**
**Гьединасул шигIраби –**
**ГIумру къокъал жал руго…**

**Дудаго релълъине те**
**Дур цIаралъ тарал лъалкIал,**
**Цогиязухъе хIаге, –**
**Гьерсица чIвала кучIдул.**
**РитIухълъи тIаде жубай**
**Дуй кьураб гьунаралда, –**
**Гьереси (гIажаиблъи!)**
**Бихьулеб куц халкъалда.**

Къадру-цIар шагIирасе
ЦIалдолес кьуни, гIола,
Гьесул пикрабилъидал
Нилъеца хъвалел ругел…

Дун йичIчIулелги камун,
БестIаллъун ятидалги,
«Товарищ ТIалхIат!» – илан
ТIаде щола ГъалбацIов:
Бачахъе чIамучIлъийин,
ЧIезе тоге гьунарин,
ЦIияб кечI цIаличIони,
ЧIвазе ккола мунилан…

Махщел кьечIел ратулин
Теларо шагIирлъийин,
КучIдул цIаличIониги,
ЦIаргIаги цIалилебин.

ГIолохъанго вукIаго
КIудияв хъвадарухъан –
Дир гьалмагъ ГъалбацIовас
Цудунго тана дунял.
Чанги хъвадарухъанас
ХерлъизегIан хъваниги,
Гьес тараб хазинада
Ращалъуларо томал…

Лъиданиги халлъичIеб
Бихьулеб пикруялъул,
Лъидасаго гвангъараб
РагIигун гIамалалъул,

Лъаларо гьаб щибали…
Лъала: шигIру гуреблъи,
Щуйилаб макьилъгицин
Лъелароан дос гьалъий.
Амма хъвана, жакъаги
ЖахIдаялъ хеч тункидал,

Дуего хасиятаб
Хаслъигун яхъа цее, –
МагIарулай щияли
ШигIрабалъ йихьизае!»

3.

Гьез, хъвадарун, гIадада
Инабулеб замана
Дуца, хъвадаричIого,
Ине тоге, ТубхIатин.

…ГIелбащадав мугIалим
ГIолев гьечIо жакъаги, –
Жигар лъугIараб мехалъ
Махсаро-релъи гIадин;
Щвараб гIорлъун рагIулев
РитIухълъиялъул байрахъ –
Гьесул гьитIинал харбаз
Рагьулеб гIумру гIадин…

4.

ХIели, хIинкъи, къабихIлъи
ХIатIикь букIун, ворхатав,
Кьерукъазукь гьечIелъул
Халкъалъе хиралъарав…

Рогьалил цIва гIадинан,
ЦIакъго къалъун свана гьев…
Амма Дагъистаналъул
Зодов даимлъана гьев, –
Дуниял – кида-къадги
Къанщулеб рукъ бугелъул,
БацIцIалъиги гьунарги
Наслабаз рехсолелъул.

5.

Кутакайин кканиги,
РакI тIеренай ятидал.
Добго къагIидаялда
Цеве чIана ГъалбацIов:
Воре, бихъун рехейин
Рехана дихъе тIанчал:

**«ЧIегIераб кIаз» гIадинан,**
**Дица беццизе тIехь кье,**
**ТIухьидул ракIалгицин**
**КечIалъ гIодизе гьаре!»**
**…ГIантал чагIаз гурони,**
**КечI хъваларо, ТубхIатин,**

**Дунго гIадинав гIантав**
**ГIодов чIана ГъалбацIов:**
**Бачахъе чIамучIлъийин,**
**ЧIезе тоге гьунарин,**
**ЦIияб кечI цIаличIони,**
**ЧIвазе ккола мунилан…**

* * *

Духъе вахарав, пикру гъваридав хъвадарухъанги, мун художникги вукIиналъ батизеги бегьула, заманаялъулги сурат рагIабазул релъабаздалъун бахъизе, дуда гIадин, бажарулев чиги, ургъараб мехалъ, миллаталъул гуребги, Дагъистаналъулги, ВатIаналъулги гьабихъги ватулев гьечIоха, ГъалбацIов. Дир квер гIунтIулеб гъварилъи дур цIияб тIехьалъульги дида батичIоха, ГъалбацIов…

Цо-цо «бичIчIи кьеялъул» докладал гьарулезда данде дур «Тирулеб, сверулеб гьобоялъ…» гIадатияб, гIадамазул мацIалъ гьабураб, заманаялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьеялъул хIалтIиялъул 600-ялдасаги цIикIкIун гьумер бугониги, тIаса ричIичIого цIалулеб, дур пикрабаз асир гьарулеб тIехьалъухъ баркалаха, ГъалбацIов… ЧIаго вукIаравани мун, кидагIаги дуда гьабгощинаб гIакъилаб бечелъи халкъалъе хъвазе замана батулеб букIарабилангIаги дуда гьикъизе… чIаго вукIаравани мун, миллаталъулги ВатIаналъулги халкъ цIодорлъизе кигIан гIакъилал дарсалдай дур баракатаб пикруялъ гьезие хъвазе рукIарал…

Дица щибаб гьумерги щибаб мухъги цIалун хадуб пикрабазулъ гъалатIал-жал ругодаян цIализе лъугьиндал батана тIехьалъул цIар хъвалаго битIизабиладай-гьабилародайин дидаго ккараб цо гъалатI: «Тирулеб, сверулеб гьобоги буго…» – ялъул бакIалда «Турулеб, сверулеб гьобоги буго…» – ян хъван. Эбги – кIигогIаги бакIалда. Амма гIадада ккун гьечIоха дидасан гьеб гъалатI, ГъалбацIов.

Жакъа анив вукIаравани, дуцаги гьедин хъвалаанин ккана. Лъаларо…

Дур хIакъалъулъ гьал ракIалдещвеял хъвалей дун, жакъа тIолабго дуниялго гIадин, лъабабилеб моцIалъ карантиналда «лъунха» йигей, ГъалбацIов. Цо, коронавирусин цIар лъураб, амма жинда данде даруцин дунялалдагицин жеги лъалареб, цIияб, гIалам чIаралеб, балагъаб унтиялъ холел, холел гIадамалги ругоха, ГъалбацIов… Гьеб унтигицин жидеего пайдаялъе хIалтIизабулел тIадчагIиги рагIулаха, ГъалбацIов… Гьеб унтиялда «данде рагъ базе» биччараб гIарацни гьез гьанже резиналъул квердаххелалги ххун хачалеб рагIулаха, нагагь гIарцудаги коронавирус батаниги-жогиян. Эл хвезе бегьуларелъул. Хвани, хола кинабго! Гьеб кинабго бицун бажарулеб жо гурелъул ккун батула дихъа гьалъаб гъалатIги…

Мун аралдаса дагьабги хведалха аб «гьабил» иш. Дур гьаб тIехь цIалулебаниха ал «ханзабаз» (дуца тIехьалда рехсараб, «ЦIунаги ханлъи щварав лагъасдаса», – йин гIарабазул абиялъ гьабураб асаралъ хъван борчIана гьаб рагIи), цIакъ бигьаго бичIчIилаан эзда жидедаго сверухъ тирулеб, сверулеб гьобо букIинги халкъалъул тIалабалъе гIоло рукIине кколел

чагIи тIадчагIи ругеблъиги. Гъабигъанги жиндир гъабихъе бачIанщинаб халкъалъул мугь жиндирго царгъинибе чIехьолев букIунарелъул, гьедин бугони, эв живгоги гьобоги гьечIого хутIулелъул… Амма, цебе лъуниги, гьез тIехь рагьулареблъи лъалеб жо буго, хасго дур аб гIадаб биццатаб. (Алдасаги биццатабни цеве вукIарав республикаялъул БетIерасулги бихьун букIана, дида бицанихъе, 11 кило бугеб. Килобаз рорцунелги рукIун руго тIахьал… Добги цIалун батуларо, баччизе кIвечIилангIаги тела эбни). ЦIалуларо эз, дур тIехь бичIчIулел чагIи тIадчагIилъунги рукIунарелъул… Жидеего гIураб цIодорлъи гьечIогони эл рукIинищха, нагагь жидеда хIакъаб рагIи абизе халкъ лъугьани, гьелъул дагъабги малъкъосинабизе, дуцаго абухъе, гIантаб ххвелги гьабун чIаниги… Амма, гьезулги бичIчIизе гIакълу гIоларогойищ бугебали, халкъгиха чIолеб гьанже гьезухъги гIенеккун, гIантаб ххвелги гьабун. Гьеб киналдаго лъезе цIарги дудаго гурони лъалароанха, ГъалбацIов.

Гьелъги долъги кколеб буго аб дуниял-гьобо, тирулеб гуреб, турулеб бугилан.

… Цо гьанибе рехизе бокьараб, бицун пайда кьолареб хабар «тупикалде» ккараб мехалъ нилъецаго рицунел рукIарал жалазда релълъараб жогиха бугеб ботIролъ женжелеб: Жиндир мунагьал чураяв, халкъалъе хирияв гIалим ГIабдулгъапурил МухIамадил вагIзаялъухъ гIенеккаразул цояс гьесие суал кьун буго: «Дуца щиб абулеб гьабсагIат нилъеда сверухъ бугеб положениялда?» – йин. ГIабдулгъапурил МухIамадица жаваб кьун буго: «Нижехъа цо чияс абухъе, положениялдасаги квешаб хIал буго», – ян.

Гьединаб хIал бугоха, ГъалбацIов, дуца тараб дуниялалъул жакъа…

Гьадинаб дуниял танилан вохун ватагиха мун, ГъалбацIов!

… Гьоркьоб ине бахъана: дурги, ЖабрагIилилги, дирги юбилейги рагIулаха исана. Чан соналиги бицун щай… Нужее гьересиги гьетIа-кIичIиги рагIабазулъцин бегьулеб букIинчIелъул, у, дир рагIула гьаз рицунел сонал… Нуж хилиплъана дие, къаламцоял, пикруцоял, гIамал цоял, хасиятгицин дирабго гIадал, гIелбащадал дир гьудулзаби…

Дуниял гъуждуздеги рекIедеги бегидал кIалъалаан нужехъе, махсарабаздалъун, кополаб, амма гъваридаб, гIакъилаб каламалдалъун гIатIид гьабулаан нужеца дир дуниял.

Берал гьетIарал рукIиналъ гьитIинго дун хIинкъулей йикIарай дол щайтIаби дида сверухъ гьанжегиха ратулел, ГъалбацIов. Дур харбазулъ гьезул бициндалищ, дудаса хIинкъулароан гьел. Веццулевцин вукIана, дуда щибниги бичIчIулареб гIадин, дуда гьезул ракIал рихьуларел гIадин. Дун жидедасаго хIинкъулейлъи кисан гьезда лъарабали, юбилей бугеб гIелалде щун йигониги, хIинкъула дун эздаса… МацIихъабийин абулел щайтIаби бищун квешалха ругел. ЩайтIабиго гIадин, рихьуларел жал эл ругониги, бищун берал гьетIаралги ратула… Дуцаги ЖабрагIилицаги чанги нухалъ цебеккунго бицунгиха букIараб дида эл дур гIумруялда жаниса тIагIараб къо букIине гьечIин… йихьуларелъуй чIезе кколин, амма мун йихьулелъуй гурони чIоларин… МугъчIвазе ратулел, ракI батизе йортулел нужги гьечIелъул, гьанже дир гIадатлъун лъугьун буго йихьулелъуе ккканщинахъе щайтIан бухьулеб… РакIгIаги гIодобе биччазе…

Нилъ – юбилярал лъабалго ругелъул, лъабалго цадахъ кканаха гьал пикрабазул, дур хIакъалъулъ ракIалдещвеязул ахиралда… ТIоцере Хъвадарухъабазул союзалъул нуцIихъеги цого заманалда рачIиндал.

Амма гьениве жаниве лъугьун вахъиналдего, нижергун гуреб, Расулилгун гІелбащадав гІадин мун кІалъалев вихьараб мехалъго бичІчІана дида унго-унгояб гьунар гІелалъ борцунареблъи… Гьунаралдаго рекъараб, унго-унгояв, кьурабазда гІурав магІаруласул хасияталъги, цебе-хадуб гьезда бихьун букІинчІеб чІваркьиялъги чІахІияб гІелалъул хъвадарухъаби, байбихьудаго, мукІурлъана дуда жибго адабиятги гьелъул гІелмуги гьезул цо-цояздасаги гъваридго лъалеб букІиналъе ва гІелалъул закон адабияталда букІунгутІиялъе.

Дуцаго абухъе, чІинкьа-кІитІун чІолаан мун, чІорогоял асарал гурелги, гІезегІан литературиял критикал ругеб заманалъ риччарал тІахьалгицин какун гІодор лъун. ТІоцере данде хичаниги, хадуб къабул гьабулаан гьезги къадруги тарихги кидаго борхатаб букІараб нилъер адабияталъул рагІул даража цІуниялъе дур «хІаракатчилъи».

Гьанже бугеб хІални талихІалъ дуда бихьулеб гьечІо. Гьарзалъиялъ пасатлъанагури авар адабият. Чияр кучІдулгицин жидерго цІаразда гъоркь лъурал асаразул тІахьазда хадур гьолеб хІалцин хутІичІо. Гьеб бичІчІизе ккани, цІалдолевги цІалдезе кколелъул, живго хъвадарулев чи гуревги… ЦІалдей тани, холеб, учузлъулеб букІун буго хъвадари…

Ахирал соназ мун вукІана, школалъул программаялда малъарал гІурус классикалги цІалун, гьез хІайран гьавун… Гьаб заманаялда мун хІайран гьавулеб адабият библиотекабаздагицин, кьищни гІадин, къватІибе балебха бугеб, ГъалбацІов…

Бихъарас букъулеб къохьол дуниял, бихъулев гурони, букъулев чиги гьечІелъул, гьелда бахъараб щцин цоцада бецІулел, какалги толарел, какдейги толарел, цо батІияб хасият-гІамалалъул гІадамалги руго…

Нилъго гІадаб, ракІал рацІцІадаб, гьудуллъи камилаб, адабият хиралъиялъ цоцалъ гъункиги, щайтІан гъорлъ гьечІеб, чвантиниб гъурущ гьечІониги (дуцаги цо-цо мехалъ къватІире цІалаан чунтби: гьечІоха капекинги абун), автобусалдеги рахунеб, къватІире унаго, гьелъул шоферасдаги, ракІбацІцІадго, гьаб гурони (кидаго дуда кодоб букІунеб цо тІехьги бихьизабун), гІарац гьечІилан бицунеб, цо мун гурев, «дур къайимлъиялда ругел» лъабго-ункъоял остановкалда къватІиреги рахъунеб, ракІ-ракІалъ релъулаго, жеги бихъичІеб дуниялалъул къватІ ккун унеб… Огь баркаманха доб заман!

Доб мехалъ «БагІараб байрахъалъул» редакциялда букІараб дурги ГІандийскиясулги «Бахьикъосалъул» кабиналъул нуцІида чІван букІараб «ЧІового вачІинегІан чІван вачІун лъикІ» – илан хъвараб «лъазабиялъ» ракІал гІатІид гьарулаан гьеб бихьаразул, релъулаго лъугьунаан нужер кабинеталде. Гьанже дол рагІаби нуцІида чІван ратани, тапанча бахъизе хІадурал, махсароялъ гІатІид гьабизегІаги рес бугеб дуниял дагьабги данде къазабулел, заманаялъ кІвекІулел рукІиналъ, боцІуда хадур лъугьиналъ, дуниялалда бахъараб щцин цоцаде тулел гІадамал гьарзалъун ругоха, ГъалбацІов.

«Огь байтулман дуниял, дие бижараб жони гуроха мун…» – илан абулаан дуца…

Дуниялалъул рукъалдаса Ахираталъул рукъ рекъон ккун батагиха дуе, мунагьал чураяв дир гьудул ГъалбацІов…

***ТубхІат ЗУРГЬАЛОВА.***



**ГъазимухIамад**
**ГЪАЛБАЦIЕВ**

# ГЪВЕТIГИ ЦОГИДАЛГИ

*(хабар)*

БегавхIажияв росулъе щолеб мехалда хъахIлъи рехизе байбихьун букIана. БукIаниги, жегиги дунял рогьун бугилан абизе кIолеб хIал букIинчIо. Гьев ун вукIана мадугьалихъ бугеб росулъе мавлидалде ахIун ва нолъ кватIизегIан гьенив хутIана. Мадугьалихъ росулъе, мавлидалде БегавхIажияв гIагарав, божарав чи вукIиналъ гуро ахIун вукIарав, гьев ахIун вукIана цIаларавчи вукIиналъ, чанго нухалда хIеж борхарав чи вукIиналъ, гIадамазда гьоркьов, хасго диниял гIадамазда гьоркьов къадру-къимат бугев чи вукIиналъ. Нолъ кватIизегIан хутIиялъеги гIилла ккана мавлид лъугIун хадубги гьесде гIадамал рачIунел рукIин, гьесие кьезе гIадамазул гIемерал суалал рати, гьезул къваригIел тIубачIого, кIанцIун вахъун, рокъове тIадвуссине жиндирго намусалъ къабул гьабичIолъи. Гьесда цIакъ гьарулеб букIана къаси сордо бан анивго чIайилан, амма кигIан кватIун букIаниги жамагIат гьабун боголил какги бан, какида хадур жалги цIалун, гьес пикру гьабуна росулъе тIадвуссине. Гьединаб пикру бачIинчIого букIинеги бегьилаан роцIараб, ургъунго моцIрое гIоло бижараб гIадаб сордо бачIинчIебани. Живго Бегавул-хIажиявги, Аварагасул хIадисалда рекъон, лъелго хьвади беццараб букIинги лъалев, жиндиегоги лъелго хьвадизе бокьулев чи вукIана. МоцIрол канлъуца рехизабураб жнидирго рагIадалда цадахъ, гьелъулгун хабар-кIалалда борчIизе ракIалде ккана гьесда сордо.

Гьадинан, къаси сардилъ вахъун, сордо борчIизе БегавхIажиясе бокьиялъе цогиги, гьесда жиндаго гурони лъалареб гIиллаги букIана. БегавхIажиясе бокьун букIана рогьалил как балелде жиндирго росулъе щвезе, рогьалил какде гIадамал рачIараб мехалда, гьезие имамлъи гьабизе. Гьес кидаго гьабулаан имамлъи, хирияб рамазан моцIалдаги гьеб батIиясухъе тезе бокьун букIинчIо БегавхIажиясе. Хасго бокьун букIинчIо имамлъи СагIидбегхIажиясухъе гьабизе тезе.

СагIидбегхIажиявги вукIана чанго нухалда хIежги борхарав, БегавхIажиявго гIадав, цIаларав чи. Живго БегавхIажияв росдал дибирги вукIун, гьесда ракIалде кколеб букIана СагIидбегхIажиясеги гьебго дибирлъи къваригIун бугилан.

Гьединал пикраби рачIараБ мехалда БегавхIажиясда бичIчIулаан гьел щайтIаналъ рачIинарулел пикраби рукIин, амма гьелдаго цадахъ гьес пикру гьабизе кколеб букIана живго СагIидбегхIажияв кинав чи вугевалиги. ГIолохъанаб мехалда СагIидбегхIажияв вукIана цIакъ чорокаб хьвада-чIвадиялъул, цIакъ гьекъолдулев чи. БегавхIажиясе бокьулеб букIинчIо умумулъанго диналъул адаб-хъатир цIунараб росдае дибирлъи гьабизе цеве вукIарав гьекъолдухъан СагIидбегхIажиясухъе кьезе. Жиндасаго СагIидбегхIажияв кIудияв вугониги, кигIан цIакъ гьанже гьев кантIун ватаниги, кигIан цIикIкIараб лъай гьесие щун батаниги, БегавхIажиясул пикруялда СагIидбегхIажиясда дибирлъи рекъон букIинчIо. Гьесул кинаб бугониги щаклъиги букIинчIо СагIидбегхIажиясе дибирлъи гьабизе бокьун букIиналда. «Гьекъолдулев вугев жиндирго васасе Идрисие гIадлу гьабизе кIоларев чияс росдае дибирлъи кин гьабулеб?» – илан жиндирго пикраби моцIроца рехизабураб рагIадалъе рикьулев вукIана БегавхIажияв. Амма рагIадалъ ургъелго гьабулеб букIинчIо гьесул пикрабазул, гIодобе биччан, гьесда цадахъ бачIунеб букIана гIансаги гIодоб тенкезабулаго.

РагIадалъ гIодоб гIанса тенкезабуна росдаде аскIобе жибго щвезегIан. Росдаде аскIобе щвараб мехалда дунялалде тIубанго хъахIлъи рехана ва рагIадги тIагIана. РагIадги тIагIана, гьелдаго цадахъ гIансаги тIагIана.

Рогьалил какде рачIарал гIадамазе имамлъи гьабизе кватIилин хIинкъун, росулъе рачунеб нухги тун, БегавхIажияс пикру гьабуна къокъидаго ине. Къокъиданух букIана росу рагIалдаса гIебеде гъутIбиги рижараб, цо хъит ккараб бакIалдасан. Гьенисан хъетулев вукIарав БегавхIажияв, циндаго, Жиндирго гIанса ракьулъ къан лъугьараб гIадин, лъалхъана. Гьес цин бичIчIизего бичIчIичIо сунца живго ккун чIезавуравали. БегавхIажияв нахъ валагьана. Щибго гIажаиблъи гьабизе ккараб жо букIинчIо. Рогьунеб дунялги букIана, тIадеялдаса тIаде якъинго рихьулел хъитIил рагIалда ругел гъутIбиги рукIана. «Дица гьабулеб щиб?» – илан жиндаго гIажаиблъи гьабураб гIадин, хьвагIезе бетIерги гьабун, БегавхIажияв жиндирго нухккун цевехун вилълъана. Амма ункъо-щуго гали тIамилалде, гьанжесалаги лъалхъана. Гьев кьурун вуссана. Гьесда бичIчIана сунца жив гьединан ккун чIезавулев вугевали – цо гъотIол тIамхал рагъарахьдилел рукIинчIо. Киналго сверухъе ругел гъутIбузул тIамхал рукIана гьорохъе тIеркIелел, щурщудилел – цо гъотIол тIамхал, цIер чIварал жалгIанги, щурулел рукIинчIо. Черхалда гьаргъар барав гIадин лъугьана БегавхIажияв. ЛъикI заманаялъ гьеб гъотIохъ валагьун хутIана гьев. БукIинчIо щурулеб тIамах. БегавхIажияв гъотIоде аскIовегIан къана. Гьес жиндицаго гIажаиблъи гьабилаан гъотIоде аскIове къазе хIинкъунгутIиялда, гьесда жиндицаго гьабулеб бугеб жо бичIчIулеб букIарабани. ГъотIоца аскIове цIан вачунев гIадин вукIана гьев. Гьелда аскIове щвезегIан гьес цониги нухалъ гIансацин гIодоб хъвазабичIо, гьаракь бахъинилан хIинкъун.

ГъотIода гъоркье рехун батана чIегIераб кьералъул руччабазул сумка. Сумкаялда жаниб батана хвараб, нолъ гьабураб лъимер. Вас. Басрияб сумка букIана гьеб.

* * *

Кодоб ккун сумкагун, БегавхIажияв мажгиталде жаниве кIанцIун вачIараб мехалда, гIадамал рогьалил какги бан къватIире рахъине къачIан рукIана. Цо-цоял тIад хьитал ретIунелцин рукIана. Мажгиталде жаниве лъугьаравго Бегав-хIажиясул бер речIчIана СагIидбегхIажиясда ва гьебсагIатго бичIчIана гьесда жакъа имамлъи гьес гьабураблъи. Гьадинги гьеки-гьунщиялда мажгиталъуве жаниве вачIунев вукIарав БегавхIажиясул ракI, имамлъи лъица гьабурабали бичIчIараб мехалда, бахъараб ццидал кутакалъ къватIибе кIанцIун бачIине дагьалъ хутIана. Каранда кверцин чIвалаан гьес кIиябго кверальухъ – цоялъухъ гIанса цойгиялъухъ руччабазул сумка букIинчIебани. Гьеб гIонсодаги, гьеб сумкаялдаги кверал сородилел рукIин бахчизе кIолеб букIинчIо. Бигьаго ццидахинавизениги, вохизавизениги кIолев чи вукIинчIо БегавхIажияв, гьесул хIал хисизегIан чанги чиясул бетIер чIараб бакIалдаго хъахIлъилаан, амма гьабсагIаталда гьесул кьунсрул рихьарав чиясул кинаб бугониги щаклъи ккелароан цо гIорхъолъа араб лъугьа-бахъин ккун букIиналда. Гьединан сородилаго, руччабазул сумкаги кодоб ккун, мажгиталде жаниве кIанцIун БегавхIажияв вачIин букIана ракIалдаго гьечIеб бакIалдаса мегIер ччукIун бачIин гIадаб жо. Хьиталцин тIаса рахъичIо гьес.

– Гьале, – илан абуна гьес сумкаги борхизабун ккун. – Гьале, гьалъухъ ралагье…

Лъиданиги щибниги бичIчIулеб букIинчIо, бичIчIулеб хIалалда мухIканго БегавхIажиясда бицинеги кIолеб букIинчIо. Амма киналго къватIире унел рукIаралщинал тIадруссун рачIана ва гIажаиблъи гьабун сумкаялъухъ ралагьун хутIана.

– Гьале… – жегиги гIебеде битIун букIана гьесул сумка кодоб ккун бугеб квер. – Гьале, гьалъухъ ралагье! Гьаниб жаниб щиб бугебали хал гьабе…

БегавулхIажияс сумка гIодоб лъуна ва гIонсоца гьакIкIазабуна гьелъул кIал, киназдаго жаниб бугеб жо бихьилеб хIалалда.

– Гьале! Гьале нилъ! – илан абуна гьес.

Щиб гьабизе кколебали лъаларого гIадин хутIарал гIадамал, цин сумкаялъухъ ралагьана, хадуб цо-цо ккун рачIун, жанире раккаризе лъугьана.

– Лъимер буго… Аставпируллагь…

– Вас… КIвезегIаги ккани…

– Нолъ гьавун къватIиве рехун ватизе вуго…

– Аставпируллагь… ГурхIаха, БетIергьан…

Сумкаялде аскIоре киналго рачIинчIо, рачIинчIониги киназдаго бичIчIана щиб ккун бугебали. БичIчIана росуго сурукълъараблъи.

– СагIидбегхIажияв, мун щайха сумкаялда жаниб щиб бугебали хал гьабизе вачIунарев? – илан гьаракь гьабуна БегавхIажияс, ворлъилеб хIалалда СагIидбегхIажиясухъги валагьун. – Ия?!

Киналго кьурун руссун нахъегIан чIун вукIарав СагIидбегхIажиясухъ ралагьана, гьес къватIибе рехараб лъимер жидеда цебе лъун бугеб гIадин. Киналго цадахъ СагIидбегхIажиясухъ ралагьулеб мехалда ракIалдецин ккезе бегьулаан гьел киналго рохизецин роханин жидецаго рогьо рехизе бакI батарал гIадин.

– Хал гьабун щиб гьабилеб, дида бичIчIана щиб эниб бугебали… ГIадамазда божула дун, – илан жаваб кьуна СагIидбегхIажияс.

Киназго гІажаиблъи гьабуна СагІидбегхІажиясул гІодове виччаялда. «Дида щайин дуца гьедин гьикъулеб?!» – илан, ццинги бахъун, гьев БегавхІажиясда данде ахІдезе лъугьун вукІаравани, ракІалде ккезе бегьулаан, бугин гьаниб цо жо, гуребани ав ахІдезе лъугьинароанилан. Амма СагІидбегхІажияс гІодове виччан абуна «дун гІадамазда божулилан».

– Амма дун дудаги дур хъизан-лъималаздаги божулароха, – ян абуна БегавхІажияс.

БегавхІажиясул гьеб рагІи букІана чІванкъотІун дур рокъоб ккараб жо бугин гьабилан абулеб гІадаб рагІи. Киназдаго гьедин бичІчІизеги бичІчІана. ХІакъикъаталдаги СагІидбег-хІажиясул рокъой йикІана, росасдасаги ятІалъун, тІадюссун ячІарав яс. Живго СагІидбегхІажияв гІолохъанаб мехалда чорокаб хьвади-чІвадиялъул чи вукІин хІисабалдеги босани, гьединго гьесул бищунго кІудияв вас Идрис росулъго гьекъолдулев чийилан цІар щварав чи вукІин хІисабалдеги босани… ХІасил-калам, БегавхІажияс абулеб рагІулъ цо магІна букІана.

– Гьединан дудаго лъалареб жоги бицун, ургъичІого рагІи рехизе рекъон букІунароха, БегавхІажияв, мунги гьитІинав чи гуревлъидал, – илан абуна СагІидбегхІажияс. ЦІакъ гІодове виччан абуна гьанжесалаги.

– Дун гьитІинав чи гуро, ургъичІого кІалъалев чиги гуро… Гьаб нилъер росулъ ккараб жоги буго, – илан абулеб мехалда БегавхІажияс сумкаялде килищ битІана, – гьаб жо ургъулел гІадамаз гьабулеб жо гуро. ХІайваналъ гьабулеб жо гуро гьаб… Дида гьадинаб жоялда лъезе цІарцин батулеб гьечІо…

– Диналъул вацал, гьаб иш хІехьезе кІвеялдаса ана. Гьаб рогьо росдаде тІаде цІазе кІвезе ккани, нужецаго хІисаб гьабе. Кинаб дин букІунеб, кинаб иман букІунеб, кинал бусурбаби нилъ рукІунел? Диналъе ихтияр кьураб заман бачІун буго, киса-кирего ралел мажгитал руго, кинавго чи бусурманлъулев, кантІулев вуго, цІи-цІиял мадрасал рагьун лъималазда ислам малъулеб буго… Дида лъаларо… Доба МахІачхъалаялда, Москваялда, доба капурзабазул ккун бугин гьадинаб жойилан рагІараб мехалдацин гІажаиблъи гьабулел рукІунел нилъ, нилъерго росу бакьулъ, ЧІегІерхъитІил рагІалде, гъотІода гъоркье лъимер рехун батизе ккани! Кин хІехьолеб жо гьеб букІунеб? Лъица хІехьолеб жо гьеб букІунеб? Умумулъанго диналъул кьучІда гІураб нилъер росу, кидаго диналъе цебетІураб нилъер росу, жанир устарзаби рахъараб росу!

Нилъер иш лъикІ гьечІо, диналъул вацал! Хъалиян цІалел, гІаракъи гьекъолел чагІи рихьулел руго – нилъеца тІаде кІвар кьечІого толеб буго. ТІад щватаби ретІинчІого, ботІрода кІаз чІвачІого чІужугІадан йихьулей йиго – нилъеца тІаде кІвар кьечІого толеб буго. Нилъер умумузул жакъа хоно бикъарас метер гІанкІу бикъулин малъулеб кици лъаларев чи ватиларо… Нилъеда буго, диналъул вацал, гІайиб. Нилъер тасамахІлъиялъ ккараб жо буго гьабги. Чучлъун буго дин, гьеб къваригІун буго къвакІизабизе. Сундулъго букІине ккола гІадлу.

Жиндаго лъачІого БегавхІажияв дагь-дагьккун ахІдезе лъугьана. Гьесда бихьулебцин букІинчІо тІокІав мажгиталда кІалъалев чи гьечІолъиги, киналго кІвар кьун гІенеккун рукІинги. Гьев тІадеялдаса тІаде гьалаглъулев вукІана.

– Жакъа нилъеца гьаб рогьоги хIехьани, нилъер тIубанго хIалтIи хола. Капурзабазул росу бугин нижеринги абун, хъанчие лагълъиги гьабун чIезе ккола, гурони бусурбабиян абун нилъедехун вуссун кIалъалев чи вукIунаро. Дида ракIалде гьадин кколеб буго, диналъул вацал… Гьаб хIалтIи гьабурай чIужугIадан нилъер росулъа йикIиналда кинаб бугониги щаклъи лъилниги батиларо. Гьей гIадан нилъер росулъаги ятани, нолъ къватIибе рехараб лъимерги гьаб батани, гьей чIужугIадан жегиги бусалъго ятула… Гьелда жегиги тIаде яхъине кIун батуларо. Дица бицунеб жо бичIчIулеб бугебищ нужеда… Щибаб рокъо-рокъоре раккани, нилъеда лъала лъил хIалтIи гьебали… Гурого, гьанжесалаги нилъеца ишалде кIвар кьечIого тани ,нилъ инжитлъула.

– Нилъ гьадинги инжитлъана, – ян абуна СалихIица.

СалихI вукIана къокъабго лагаялъул, хIалакъав, тIаргъида гъоркьан берал речIчIизарун гурони бадиве вуссун чиясда кIалъазе кIоларев чи. Кидаго нечон холев вукIунаан. Амма мехтараб мехалда гьесдаса кутакавги, гьсдаса бахIарчиявги, гьесдаса гIамал кIудиявги чи районалдаго ватизе гьечIо. Лъабго къоялъ тIа-тIала, мехтизеги мехтун, аххадаса тIараде щвезегIан росуги мерхьун, киналго къватIахъе щун бубудизеги бубудун, нахъияб ункъабилеб къоялъ радакьго вахъун мажгиталде вачIунаан. Аллагьасе какал разе, тIасалъугьаян гьардезе. Гьедин гьардезеги гьардолаан, анкьица цогиги нухалъ гIаракъи гьекъезегIан. Жакъа букIана гьесул Аллагьасда цевеги чIун тIасалъугьаян гьардолеб къо. Гьединаб гIамалалъул СалихIица абуна нилъ гьадинги инжитлъанилан.

– Нилъ инжитлъаниланги абун, гьаб рогьоги хIехьон, руцIцIун чIунищха рукIинел? – илан гьанжесала СалихIиде ахIдана БегавхIажияв.

– Мун диде ахIдоге, БегавхIажияв, – илан абуна СалихIица¸ кидаго вигьараб мехалда гIадин, тIаргъикьанги валагьун. – Дир пикруялда, лъица гьабураб лъимер гьебали балагьулел рукIиналдаса, гьеб лъимер букъизе хабзалазухъе рилълъине рекъараб буго. Гьеб лъица гьабун батаниги… Киданиги щибниги балъгого хутIулеб дунялги гуро аб… Кида-къадги лъачIого хутIиларо… Рекъон гьечIо жамагIат бахъун росу сверилел рукIине, кIалбиччан къоги гуреблъидал… Дир гьединаб пикру бугоха, дидаса гIакълу бугелги ругелъул гьанир, гьезги бицеха…

– БитIараб буго СалихIица абулеб рагIи, – ян гьесда тIад рекъана СагIидбегхIажияв. – Нилъеда рекъон гьечIо росу сверун унтарай чIужугIадан ялагьулел рукIин. КъватIибе рагIани, тIад гIадамал релъулеб жо буго гьеб. Кида-къадги лъачIого хутIиларо…

– Балагье цо, балагье цо, – янги ахIун, гьоркьов къотIизавуна гьев БегавхIажияс. – Азухъ балагье… Жидерго рокъор ясалги рукIун, гьезда кинаб бугониги божилъиги гьечIого, ал хIинкъарал куц бихьуларищ? Цогиги щив хIинкъарав? Дибирасул МухIамад, дурги йиго рокъой гIурай яс… Цогиги лъил йигей?.. Жамбулатил йиго, ХIасанил ХIажил йиго, МахIсудил йиго… Нуж щайха руцIцIун чIун ругел? СагIидбегхIажиявги СалихIги гурони щайха данде рахъунарел, гьезие щайха бокьулареб ритIухълъи балагьизе, зина гьабурав чиясе шаргIалда рекъон тамихI гьабизе. Гьединай яс рокъой йигони, гьей яхчизе гуро кколеб, гьей чIвазе ккола. ЧIвазе ккола жамагIаталде цееги ячун. Дица гIажаиблъи гьабулеб жо… Нужеда бичIчIуларогойищ бугеб нилъер иш ккун бугеб бакI?!

Киналго гIенеккун чIана. Рокъор ясал ругел гIадамал щибизе гIенеккун чIаралали бицине кколеб батиларо – гьел хIинкъана БегавхIажияв жидедеги ахIделилан. Амма мажгиталда жанир рукIана рокъор ясал гьечIел гIадамалги. Гьелги руцIцIун чIана, тIоцебесеб иргаялда щибилан абилебали лъаларого, кIиабилеб иргаялда абизе кколебщинаб жо росдал дибирасда СалихIицаги СагIидбегхIажиясги абуна, амма росдал дибирасе гьеб рагIи данде кколеб гьечIо. Гьел руцIцIун чIана щибизейин гьебго рагIи такрар гьабилебилан.

– Росдал дибирасги, росдал жамагIаталъги бокьараб хIукму къотIизе бегьила… Амма дун лъимер гьабурай гIадан ялагьизе росу сверизе вахъунаро…, – ян абуна СагIидбегхIажияс.

– Нижеца росуго сверизе кколаро… Бищунго цере дур доре ина… КидаллъагIан дур васасги дур ясалъги росу суризабизе бугеб?

Киназдаго бичIчIана иш цIакъго квешаб бакIалде ккезехъин букIин, БегавхIажияс СагIидбегхIажиясда хIехьезе кIоларел рагIаби абулел рукIин. Киназдаго бичIчIана гьел рагъизехъин рукIин. Гьезул гуро рагъ ккезехъин букIараб, кIиго ригь  арав чияс цоцазда рогьрал ранин, ялъуни гьел рагъунилан ккезе жо букIинчIо.

СагIидбегхIажиясул вукIана вас, вац. БегавхIажиясул вукIана кIигониги вас, цIа гIадал гIолохъаби, МахIачхъалаялдаса гIебеде лъикIаб бакIалда, ресалда ругел. Гьезда гьоркьоб ккезехъин букIана рагъ.

– Лъаларел жалги рицинчIого дурго лъималазул жавабги кьун чIа, БегавхIажияв, мун! – илан, гьаракь борхун, кIалъана СагIидбег.

– Дихъ гIенекке цо, – янги абулаго, тIаде вахъун вачIана, къандалъоялда накабиги чIван, жеги-жеги гIодовго вукIарав Шамхал. Шамхал вукIана росулъ бищунго чIахIиял гIадамазда гьоркьов рехсолев чи; гьесдаса кIудиялги рукIана росулъ, амма гьезда  мажгиталъуре-къватIире рахъине кIолароан, херлъун рукIана, гьезул гIелбащадав Шамхалида кIолаан. Гьев вукIана жиндирго ригьалда рекъараб, гIодобе биччараб гIамалалъулги пикруялъулги чи. Гьесухъ гIенеккизеги гIенеккулаан. Киназго гIажаиблъи гьабулеб жоги букIана цо – Шамхалида цониги хъахIаб рас букIинчIо.

– Дихъ гIенекке цо, – ян абуна Шамхалица. – Нилъер росдал дибирас абулеб рагIиги битIараб буго, гьединаб лъугьа-бахьин щибниги ккечIеб гIадинан, тIаде ракьги хъван, тIубаларо, кида-къадги гьелъул хабар бачIуна, амма къватIисан нилъехъе гьеб хабар бачIинегIан нилъецаго роцIинабизе ккола. БитIараб буго цогидаз абулебги – кигIан гьитIинаб бугониги лъимер букIине кколеб къагIидаялда букъизе ккола. Нилъги, кин бугониги, бусурбанал эбел-инсуе гьарурал лъималлъидал. Амма гьеб букъилалде лъазе лъикIаб букIина хIакъикъаталдаги лъил лъимер гьебали. Цин босани, нилъеда лъазе ккола лъил лъимер букъулеб бугебали, кIиабизеги босани, росулъ цо чIужугIаданалъ гьабураб хIалтIиялъ рагIад рехулеб буго киназдего. Мисалалъе, дирги руго ясал, руго васасул ясал… Щай дир ясазде рагIад рехизе кколеб батIияй гIаданалъ гьабураб чорокаб иш сабаблъун? Дие бокьиларо гьеб, дие гуреб, батIиязеги бокьиларо. ГьабсагIат нилъеца цIехечIони лъица гьеб гьабурабали, нилъер росдадаго тIад букIине буго рогьо. АхIуд рахъун гьей гIаданалъе тамихI гьабизе кколин абулев чи гуро дун, жамагIаталда цее ячун чIвазе кколин абулев чи гуро, инсуца, вацас, росас гьабила гьелъие гIадлу, кин гьабизе кколеб батаниги, амма гIумруялъ цоцазде щакдарилел хутIизе руго киналго. Дида ракIалде ккезе буго гьадасул

ясалъул иш бугилан, довцоясда ракIалде ккезе буго цогидасулилан… Нужеда гъабсагIатго бихьуларищ дур ясин, досул ясилан нилъелъ васвасал раккулел рукIин… ГIадамазда гьоркьобги, хъизамазда гьоркьобги, тухумазда гьоркьобги рагIи ккезе бегьулеб жо буго гьеб… Гьединаб пикру буго дир… Амма киналго рахъунги ине ккеларо росу тиризе, росдал дибирги а, лъил рокъоре унел ругониги, гьеб рукъалъул хважаинги а цадахъ, нугIзал хIисабалда цо-кIиго чиги а… Цогиги, гьанибго абун тела: гьабсагIаталда киназдаго ракIалде ккезе бегьула дун БегавхIажиясул гIагарав чиги вугин, гьединлъидал гьесул рахъ ккун кIалъазе вахъунев вугилан… РакIалде бокьараб жо ккезе бегьила, амма дир гIакълуялъ гьедин малъулеб бугоха… БегавхIажияв гурев, батIияв дибир нилъер росдал вукIараваниги дица гьадинго абизеги абилаан…

– Гьедин гьабизе бугоха…

– Кин бугониги, цо хIукмуялде рачIине ккколеблъидал, гьелда чIезе ругоха…

– БитIараб бугоха…

– Кидаго щакдарилел рукIиналдаса мухIканлъиго лъикI гурищха…

Гьединан, бугес бугеб пикруги загьир гьабун, киналго ралагьун чIана росдал дибирасухъ, киназдаго бичIчIулеб букIана ахираб рагIи гьесухъа нахъе бахъун бажарулареблъи. БегавхIажиясул гьумер хисана, гьелда бигъун букIараб ццинги нахъе ун, цо гIамалкIодолъи бачIана гьелъул бакIалде.

– Дирги Шамхалилги пикруялда нуж рази ратани, гIадада заман хвезабичIого къватIире рахъине ругоха, – ян абуна БегавхIажияс жамагIаталдехунги вуссун. – СагIидбегхIажияв, дур добасангIаги байбихьизе бугоха…

«Дур добасангIаги байбихьизе буго» – ян абулеб мехалда БегавхIажияв валагьун вукIана СагIидбегхIажиясул бадиве. Валагьун вукIана СагIидбегхIажияв жиндирго лагъ вугев гIадин, жиндицаго килищ битIани, чвархъан вортун ун, накабазда чIезе хIадурун гьев вугев гIадин. БегавхIажиясул гьурмада цо лъикI хал гьабуни гурони бихьулареб, амма цIакъ гIамал кIудияб гьимицин бигъана.

Лъиданиги бичIчIулеб букIинчIо щай гьаб хIалалда СагIидбегхIажиясул ясалъул лъимер сумкаялъуб букIиналда БегавхIажиясул ракIчIун бугебали, амма гьесул щибаб рагъа-рашариялъ бицунеб букIана ракIчIун бугилан. Киназулго букIунеб батизе буго цIакъго бокьараб жо хIакъикъаталдаги бугилан ракIалде ккей. БегавхIажиясул бугеб ракIчIей бихьараб мехалда жамагIаталда гьоркьосан цо-цоязда ракIалдецин ккана гьесда цо щиб бугониги лъалеб батилилан. Гурони рес букIинчIо гьединан СагIидбегхIажиясде тIаделъизе. Живго СагIидбегхIажиясулцин щаклъи рещтIана рекIелъе: гьединаб жо букIинеги букIинадаян, «Щиб лъалеб…цIуяб жоялда щив божулев…» - ин хадубго цун малъкъосиналъул асар рещтIана гьебго рекIелъе.

«Дир рокъоре нуж рачIунел ругони дун вилълъина цадахъ, амма чияр рокъове нужеда цадахъ дун вахъунаро», – ян абизехъин букIана СагIидбегхIажияс, амма гьев кIалъазе течIо. Гьоркьов речIчIун вачIана СалихI.

– ГьедигIан цIакъ гьабичIого гIолареб жо гьабизехъин нуж ратани, дир добасангIаги байбихьизе бугоха…, – ян абуна СалихIица жиндирго къагIидаялъ чIарбидеги къулун. – Бищунго гIагарда рукъги буго… ТIасабихьунги букIине. Щакдарилев вугоха дунги, щиб лъалеб…

Мажгиталда жаниб бакI-бакIалъан релъулеб гьаракь бахьана, кIудияб, эркенаб, киса-кибего щолеб рохалил релъиги букIинчIо гьеб, букIинчIониги, СалихIидаги рагIана.

– Расги релъуге нуж… Нуже-нужер ясаз щиб гьабулеб бугебали лъида лъалеб. Инсудаги вацасдаги гьикъун гуреблъидал гьабулеб… Нилъеда лъиданиги лъаларо нилъер ясаз щиб гьабулеб бугебали. Дудаги лъаларо, БегавхIажияв, кигIан цIакъав росдал дибир мун вукIаниги…

– Доя МахIачхъалаялда цIалулей йигей дир ясгIаги дуе щай? ГIадалал жал рицинчIого вукIа…

– Доя МахIачхъалаялда яс йикIиналъха мун ракIчIун жакъа гаргадилев вугев…

– Мун чIалгIаде гаргадилев вуго, СалихI, – илан къокъ гьабуна БегавхIажияс. – Малаикзаби свказаричIого нилъ къватIире рахъун лъикI. СалихIил гьариялда рекъон, цин гьесухъе щвела Бичас биччани, цинги хадуб СагIидбегхIажиясухъе раккила, хадур кире раккилелали жеги ургъиларищха… Гьа, нугIзалги къваригIунел ратила… ГIолохъаби… ХIасанилав, мунги вилълъаха, Хирачги… Бегьила гури? Сумка гьанибго лъун телаха, абги баччунищха росу сверилеб…

Бищунго цеве мажгиталдаса къватIиве лъугьана СагIидбегхIажияв.

* * *

СагIидбегхIажиясул чIужу Сакинат йикIана рагъиде яхъун цIилицI балагьулей. ЦIилицI балагьизеян къватIие яхъарай гIадан йикIинчIо гьей, амма рагъиде яккараб мехалда, гьеб чорокгоги батун, «гьай цо къватIулъа жо» – ян ясалдеги хьамун, цIилицI балагьизе лъугьана.

Сакинатил яс Майсарат росасдаса ятIалъун, тIадюссун ячIун йикIана рокъое. КIигониги сон батила ратIалъаралдаса. Майсаратил буго лъимерги. Майсаратил лъимер гьабсагIаталда кьижун буго. Жийго Майсарат боцIи рехъалъе гъезе ана. Амма гьей кватIулей йикIана. Майсарат кватIулей йикIиналдаги, цIилицI батунгутIиялдаги щцин бахъун Сакинатги йикIана. ЦIилицI батуларого Майсаратиде гIайибги гьабизе бегьуларого – яс тIадюссун ячIаралдаса нахъе гьелъ цониги нухалда килищ хьван батиларо цIилицIалда.

Сакинат кIвахIалай гIадан йикIинчIо, гьей йикIана рокъоса къватIие йорчIани, тIокIай кквезе щоларей гIадан. Цо мадугьалалъул доба хабарги бицун тIагIунаан гьениса, ятулаан батIияй мадугьалалъул доя, гьенибги бицине кколебщинаб жоги бицун кIанцIун яхъун унаан цогидалъул дое. Гьединан Сакинатица лъабго нухалъ росу сверичIеб къо букIана, гьелъул пикруялда рекъон, гIадада хвараб къо. Нагагьлъун цониги къоялъ Сакинат росу сверизе инчIого, рокъой хутIани, росулъ ругелщинал руччаби цадахъ рачIунаан гьелъухъе жакъа кколеб букIанщинаб хабар бицине. ЦохIо рагIудалъун бицунеб бугони, рищиязул заманалда кодое щолей гIадан йикIинчIо Сакинат. Рукъ кинабго баччун букIана ясалда Майсаратида. Рукъ-бакI гьелъ бакIарулаан, квен-тIехги гьелъ гьабулаан, эбелалъухъе рачIунел руччабазда цебе лъолеб жоги гьелъ лъолаан, гьабсагIат цIилицI киб бакIалда лъун бугебали лъалей чIужуги гьей йикIана.

Батана. ТалихIалъ Сакинатида цIилицI батана, гуребани тIаедеялдаса тIаде кутаклъулеб букIана ясалде гьабулеб хьами. ГьебсагIатго, къир-къиризабулаго, кавуги рагьун, Майсаратги ячIана рокъое тIадюссун. Яс азбаралъуе лъугьинегIан чIечIо Сакинат, рагъидасан тIаса гъоркье гьелде ахIдезе лъугьана:

– ЖужахIалъул цIадае ун йикIун ятила гьанжелъизегIан тIагIине ккани, тIарамагъадиса ун ятагийин мун гьаб каву рагьун къватIиехун!

– ЩибгIаги ккараб гьеб хIалалда… – янги гьикъун азбаралъуйго чIун хутIана Майсарат.

– Щиб ккезе кколеб, арлъуса юссине лъазе ккеларищ? Рехьед батуларогойищ йикIарай, батизе хъванги батугейин дуда гьеб! Гьаб щиб гьаб рагьиялъул чороклъи, чороклъиялъуса киданиги яхъунгегийин мун. Дица лъухьизейищ аб тун букIараб, туртида лъуд? ЯчIа, гьание тIаде яха, гьаб рагъи лъухьизе ячIа, чIван ячIад…

Щибаб къойил рагIулел «берцинал» рагIаби рукIиналъ батила, Майсаратица эбелалъул мацIалдехун цо кIудияб кIварго кьолеб букIинчIо. БатIияб къагIидаялъ гаргадизе Сакинатидаги лъалароан, лъалеб къагIидаялъ гаргадунилан гьелда гIайиб гьабулев чиги вукIинчIо. ЦохIо рокъосел гурелги, киналго ругьунлъун рукIана гьелъул мацIалде ва лъиданиги квеш букIунароан гьелъ абураб рагIи.

– Дица щибха гьабилеб, – илан абулеб букIана Майсаратица, болъодухъа тIаде рагъиде яхунаго, – рехьед рикIкIаде ун батана, дун гьал тапочкабиги ретIун ун йикIана, кинха дун рохьдода хадуй гъезе йикIарай...

– Щватабиги ххун рукIун гьечIо махIабазда, махIаби гъурагийин дур…

– РегIичIоха дун… КватIулей йикIана… Бихьея, цIилицI кье дихъе…

– Екере, щватаби ретIе тIад, бакъвазе бараб жо гIадинан дурго гьанги цебе лъун йикIинчIого…

Сакинат рагъи лъухьизе лъугьана Майсаратица щватаби ретIун рахъинегIан.

– Цо ахIи-хIур бугоан гьадаба СалихIил рокъоб, – илан гьаракь гьабуна Майсаратица, щватаби тIад ретIунаго, жаниб рокъосан.

– Щибилая?

– Цо ахIи-хIур бугоан гьадаба…

– Гьание къватIиеги ячIун бице, щибниги бичIчIулеб гьечIин…

Сакинатида бичIчIулеб букIана «ахIи-хIур» – илан абураб рагIи, гьединлъидал, рес букIинчIо щиб гьениб ккун бугебали мухIкан гьабичIого.

Майсарат рагъиде яккана.

– Дун рокъое ячIунеб мехалда цо ахIи рагIана СалихIил добасан. Цадахъ СагIидил ГIашураги йикIана дида цадахъ. Дадаги вугоан мажгиталда аскIов эхетун. СалихIил рукъ мажгиталда аскIоб гьечIищха, ниж кавуялда аскIорегIан рилълъана, азбаралъуб бугоан чIиргъи-хъуй. Раккана жанире росдал дибирги вуго, БегавхIажияв, ХIасанилавги вуго, Хирачги вуго, живго СалихIги вуго гIодове къулун чIун.

– АхIи-хIуралда щивха вукIарав?

– СалихIил чIужуха, Парзилатха…

– ГьанжелъагIан дида гьеб бицунарого щибулейха йикIарай, шайтIабаца кквегийин мун…

– Бицунеб бихьуларищха рокъое щварайго…

– СалихIил кIалтIасанго екерун ячIине кколаан мун рехун боцIиги тун дида гьеб бицине… – ян ахIделей йикIана Сакинат, цеего кавуги рагьун, къотIное щвараб мехалда. Гьейги гъорлъ гIахьаллъичIого, гьелда мухIканлъиги лъачIого росулъ баккараб цо ахIи-хIур гьоркьоб ине бахъана…

СалихIил рукъалъул кавуги рагьун Сакинат гьесул азбаралъуй кIанцIун

ячIараб мехалда «ахIи–хIур» лъугIун букIана. Азбаралъур эхетун росдал дибир БегавхIажиявги, ХIасанилавги, Хирачги, СалихIги, гьесул чIужу Парзилатги рукIана. Бихьинал киналго руцIцIун чIун рукIана.

– Дида лъаларо росулъ цохIониги бетIер хIалтIулев бихьинчийищ гьечIевали… Мажгиталде руссун нужеца рарал каказул мунпагIат щиб букIунебалиги бичIчIуларо дида, – ян гаргадилей йикIана Парзилат. – Гьеб гурони гIакълуги гьечIел, гьеб гурони бичIчIиги гьечIел… Росила дир гьав цо жоги… НечезегIаги нечоларев ясалъул гIадлу-низам цIехезе росуги бачун вачIине…

СалихIица абулеб жо букIинчIо, азбаралъур хIатIида цере ругел чIинхал рикIкIунев вукIана гьев.

– РорчIами, рахъарилищ? – илан гьикъана Сакинатица азбаралъуе ячIунаго бихьиназда. Хадуб хас гьабун Парзилатидаги кIалъана:

– ЙорчIами.

– ЙорчIами, Сакинат. Рахъана валлагь…

– Щиб хIал бугеб, Сакинат? – илан абуна БегавхIажияс, СагIидбегхIажиясул чIужу йихьараб мехалда.

– Ва, мунгийищ анив вукIарав? – илан росдал дибирасдехун юссана Сакинат. – Жакъа рогьалил какде мажгиталдецин вачIун ватиларин мунилан йикIана дун…

– Дуцаго бицунеб бугеб жо дудаго бичIчIулеб бугебищ? Аб щай дун мажгиталде вачIине кколарев? – илан гIажаиблъи гьабуна БегавхIажияс. ГIажаиблъи гьаби гуребги, гьесул ццинги бахъана Сакинатида. БегавхIажиясул ракI букIана балагьейинха гьанже цо лъида гаргадилев жив вугевилан.

– Кутакалда бичIчIулеб буго… Дуда бичIчIуларого буго…

– ЛъикI ккун рагIулаха… Мун гIадал кIалбазаразда кIалъан бажарулев чи гуро дун… Мун гьание щибизе ячIараялиги бичIчIулеб гьечIо, гьабсагIат дур рокъоре рачIинехъин рукIанин… духъ урхъун рукIун… – иланги абун, чIухIараб гьимиги гьабун, Сакинатидехун мугъги рехун чIана БегавхIажияв.

ГIебаб мугъ букIана гьесул. ЛъикIаб, биццатаб шалил гьабураб гIурччинабги сурмиябги кьер жубараб курткаги букIана гьесда тIад ретIун.

– Дунали гьание Паризатиде яккизе ячIун йиго, мун гьанив щиб гьабулев, унтарай ясги босной рехун тун?

– Кинай яс?

– Дур ясха… Нолъ МахIачхъалаялдаса юссун ячIана, унтун йигилан бусалъго йиго, яхъине кIоларого…ГIумру кьун йохун ятагийин. Мун СалихIил азбар мерхьунев, радакьго вахъун…

РоцIараб, хинаб къо бачIинехъин букIана. Росдада цебе бугеб магIарда тIад баччун чIун букIараб накIкI бакъукьа хIинкъизе байбихьана. Ургъунго гьеб хIинкъизейилан бакъуца гьабулеб жоги букIинчIо, амма кин бугониги накIкIуда бичIчIулеб букIана кида-къадги, гьеб бакIги тун, жиб нахъе ине ккoлеблъи. Нолъ рогьинегIан гьаниб букIараб гIела, жакъаги бакъ букIине ккела… Гьеб накIкIудаго цадахъ жидерго рукIел толеб букIана нолъ рогьинегIан росдал къадазда хурхун букIараб реччелалъ, харида ккараб савуялъ, гьединго тIадеялдаса тIаде мухIканлъулел ва бецIлъулел рукIана рагIадал. РагIдукье ккараб реччел букIана бакъукье ккараб реччел лъугIулеб бугеб куцалъухъ балагьун, ирга щвезегIан чIун. Киналдаго бичIчIулеб букIана бакъуца кверщеллъи гьабулеб букIиналда.

Бакъуца кверщеллъи гьабулеб букIана киса–кибего, БагавхIажиясул гьурмада хутIизегIан.

Росдал дибирасда гьеб «рохелги» бицун, Сакинат, гъеж ккун Парзилатги ячун, гьелъул рагъиялде тIаде рахун ана. ХIасанилавги, Хирачги, СалихIги щибилан абилебалицин лъаларого гIунун хутIана. Гьезул цонигиясда кIолеб букIинчIо БегавхIажиясухъ валагьизе. ХIисаб гьабураб мехалда щибниги ккараб жоги букIинчIо, МахIачхъалаялдаса ячIун йиго яс ва унтун йиго… Амма киназулго ракIаз цадахъ бицунеб букIана щиб унти гьебалиги, сумкаялъубе рехун батараб лъимер лъилалиги. Гьединго бицунеб букIана БегавхIажиясул ракIалъги.

Гьев рокъове ана.

ХIасанилавги, Хирачги, СалихIги тIадруссана мажгиталъуре. Мажгиталда цеве чIун ватана гьезда СагIидбегхIажиявги.

– Нуж кирехa… БегавхIажияв кивеха арав?

– Рокъове…

– Щиб ккараб?

– МахIачхъалаялда цIалулей йигей гьесул ясалъ гьабураб гIадаб жо буго… Нолъ росулъе ячIун рагIула, жакъа къватIие яхъине кIолеб гьечIила, унтун йигила…

– ГьебгIаги лъица бицараб жо?

– Дур чIужуялъ…

– Алда щиб лъалеб?

– Руччабазда, хасго дур чIужуялда лъалареб жо щиб букIинеб?

* * *

Лъимер гьебго къоялъ букъана.

БегавхIажияв рокъоса къватIиве вахъинчIо тIокIав. Къаси сардилъ жиндирго хъизанги бачун, васасул машинаялда къайги лъун, росу тун ана.

ТIокIав гьев росулъа гIадамазда вихьичIо ва киб бакIалда вугевали лъаларо.



**ХIажи ГIАРИПОВ**

## ГIАСРУЯЛЪУЛ БАЙБИХЬУДА МАГIАРУЛЛЪИ

Махщел камилав журналист ва хъвадарухъан, гIемерал соназ магIарулазул миллияб «БагIараб байрахъ» газеталъе нухмалъи гьабурав лъикIав инсан ГIарипов ХIажил махщалил ирс бечедаб буго. Газетаздагун журналазда магIарул ва гIурус мацIазда рахъарал нус-нус макъалаби гурелги, гьес къватIибе биччана публицистикиялгун художественниял асаразул къогогIанасеб тIехьги. Ратила ГIариповасул жеги басмаялде рахъичIелги асарал. «ГIасруялъул байбихьуда магIаруллъи» абураб гьаб макъала бахъун букIана 2002 соналда къватIибе биччараб ХIажил «РекIел пикрабиги рахIатхвейги» абураб тIехьалда. ХIужабаздалъунги баяназдалъунги бечедаб гьаб макъала магIарулазе кIвар бугеблъун бихьана нижеда.

### Халкъалъул къадар

ГIасру байбихьизе кIиго сон хутIараб, 1899 соналъул тIоцебесеб январалде Дагъистаналда вукIун вуго (гьениб букIараб аскар малъичIого) кинавниги 606632 чи, гьездаса 310168 бихьинчи ва 296464 чIужугIадан.

Аваразул вукIун вуго 120500 чи. БатIаго хъван руго гIандисел – 30100 чи ва дидоял (цIунтIисел) 10100 чи. Киналго дандекъан росани, магIарулазул кколеб буго 27 процент. Халкъалъул тIаде цIикIкIин мукъсанаб букIун буго, гьаруразулги хваразулги къадар цого гIадаб букIиналъ. Гьеб бихьула гьадинал мисалаздасан:

Авар округалда 1897 соналда ригьин гьабун буго 321, тIаде гIун руго 304 вас ва 218 яс, хун тIаса ун руго 277 бихьинчи, 261 чIужугIадан.

Гъуниб округалда гьединго: 647 ригьин, 954 вас ва 920 яс, 8880 бихьинчи, 599 чIужугIадан.

## Хвел ва унта-щокълъи

Дагъистаналдаго вукIун вуго, жиб-жиб округалъе цо-цо хIисаб гьабун цо тохтур, щивас хъулухъ гьабизе кколаан 63926 чиясе (гьоркьохъеб хIисабалда). ВукIине кколаан кIи-кIи тIадерахъиялъул прививка гьабулелги. «Амма, – абун хъван буго документалда, – гьел гьенир хIалтIизе унел гьечIо, лъагIалие 180-200 гъурущ гурони харж гьечIолъиялъе ва гIумру гьабизе цIакъго захIмат букIиналъе гIоло».

Халкъалъе кинабгIаги больница букIун гьечIо, гIицIго Къасумкенталда гIадамаз жидецаго гIарац бакIарун рагьараб щуго чи вегизе рес бугеб бакI гурони. Лъабго амбулаторияги, гьенибго аптекаги букIун буго, гьелги – Дербенталда, Темир-Хан-Шураялда, Петровскиялда.

Хасго гIемер гIадамал унтулел рукIун руго бакъул унтиялъ ва тIадерахъиялъ. Областалда гьез унтун вуго 9451 ва 5600 чи, гьеб ккола 35 ва 18 процент. Сифилисалъ унтун вукIун вуго 1074 чи, аслияб куцалда Кюри ва Самур округазда (774 ва 96).

МагIаруллъиялда тIиритIарал унтабазул дагьа-макъабго батIалъи буго. Масала:

Авар округалда тIадерахъиялъ цо чи унтун вуго, скарлатинаялъ (лъималазул щекъер унти, черхалда тIаде жо бай) 255 чи, бакъул унтуца 449 чи, цунлърул ран – 414, хъирисалъ 244 чи.

ГIанди округалда: тIадерахъиялъ – 84, скарлатинаялъ – 103, бакъул унтиялъ – 384, цунлъруз – 201, хъирисалъ – 144 чи унтун вуго. Гъуниб округалда: тIадерахъиялъ – 76 чи, скарлатинаялъ – 99 чи, бакъул унтуца – 525 чи, цунлъруз – 198 чи, хъирис бан – 154 чи.

РацIцIа-ракъалъи цIуничIолъиялъ лъугьинарулел цIадул унти, чехь биххи гIадал унтаби гьеб соналъ магIарухъ рукIунго гьечIин абизе бегьула. Гьез дагьал гурони гIадамал унтун гьечIо.

ЦIакъго гIемер кколеб букIун буго лъималазул хвел. Масала, 1899 соналда Гъуниб округалда хун руго 769 бихьинчи ва 619 чIужугIадан. Кинаб гIумруялъул гIадамалха гьел рукIарал?

Цо моцI балелдего хун руго 55 вас ва 48 яс. 1-3 моцI барал 41 вас ва 31 яс, 3-6 моцIил гIумруялъул 49 вас ва 30 яс, 6 моцI-лъагIел баразул 36 вас ва 24 яс. Къокъго абуни, щуго соналде рахинчIел лъималазул хун руго 319 васги 246 ясги. Гьеб ккола хваралщиназул гIага-шагарго 35-45 процент. Щуго соналдаса хадуб лъималазул хвел лъабго нухалъ гIадин гIодобе кколеб буго.

Гъуниб округалда хваразда гьорлъ руго 80-85 сонил гIумруялда рукIаразул 24 бихьинчи ва 19 чIужугIадан, 85-90 соназул 13 ва 15, 90-95 соназде рахаразул 11 ва 16, 95-100 сон баразул 4 ва 2, нусгоялдаса тIаде гIумру аразул 4 бихьинчи ва 3 чIужугIадан. Гьелъ нугIлъи гьабула доб мехалъ цIикIкIараб ригьалъул гIадамал лъикIаланго рукIиналъе.

## Такъсирчилъи

Дагъистаналда 1897 соналда гьабун буго кинабниги 1720 такъсир. Гьездасан буго гIадамал чIваялъул, захIматго лъукъун хвеялъул 158 хIужа, лъукъа-къотIиялъул 513, чIужугIаданалда хIалзина гьабиялъул, гьей хIакъир гьайиялъул 319, цIогьодиялъул ва гуккиялъул 592 хIужа. Гьел руго аслиял такъсирал. Ригьин бихххиялъул, дагIба-рагIи ккеялъул буго 7 хIужа, жалго жидецаго чIваялъул – 18 хIужа.

Кинаб хIал букIараб магIарухъ?

Авар округалда гьабун буго 102 такъсир, жанив тIамун вуго 65 чи.

ГIанди округалда: 107 такъсир, туснахъ гьавун вуго 46 чи.

Гъуниб округалда: 192 такъсир гьабиялъе гIоло жанив лъун вуго 144 чи. Гьезухъа зарал ккаразе 5220 гъурущ ва гIаммаб ишалъе 7756 гъурущ бахъун буго. Бищун цIикIкIун такъсириял ишал ккун рукIун руго Дарги округалда (484 хIужа).

Аслияб къагIидаялъ такъсирал гьарун руго 21 соналдаса 50 соналде щвезегIан гIумруялъул гIадамаз (823 хIужа). Балугъалъиялде рахинчIелги гIахьаллъун руго, гьез гьабун буго 85 такъсир.

## Лъай боси

БатIи-батIиял руго баянал магIарухъ рукIарал мажгитазул къадаралъул. Гьединлъидал, рехсон тела гьезда цере рукIарал мадрасазул ва гьенир цIалун рукIарал гIадамазул къадар.

Авар округалда букIун буго 80 мадраса, гьениве унев вукIун вуго 282 бихьинчи, чIужугIадан гьечIо.

ГIанди округалъул 86-ялда цIалулаан 583 бихьинчи ва 95 чIужугIадан.

Гъуниб округалда букIун буго 301 мадраса, цIалулъ гIахьаллъулаан 870 бихьинчи ва 645 чIужугIадан.

ГIаммал школал рукIун гьечIо. Архивалда ругел баяназда рекъон, хIаракат бахъулеб буго ТIелекь школа рагьизе. 1902 соналда хъвараб хIисабкьеялда бихьизабулеб буго школа 1901 соналъул ахиралда рагьанилан (ф 21, опись – 3, дело 11, стр. 396).

## ГIи-боцIухъанлъи

Абизе бегьула гьеб бутIаялъ хьихьун букIун бугин магIаруллъиялда гIумру гьабулеб халкъ. Гьанже бугелдаса гIи-боцIул къадарги дагьаб букIун батиларо. 1897 соналда округазда букIун буго хадуб рехсараб къадар:

Авар: чуял – 1694, хIамул – 5824, оц-гIака – 25781, гIиял – 129811, цIцIани – 42683.

ГIанди: чуял – 4275, хIамул – 7720, оц-гIака – 35809, гIиял – 249465, цIцIани – 38023.

Гъуниб: чуял – 5113, хIамул – 8641, оц-гIака – 45271, гIиял – 226700, цIцIани – 46476.

Гьанибго абун тела, ролъул пудалъул багьа цо гъурущги 30 копекги букIун бугилан. Гьеб ва бугIа апрель-июнь моцIазда 10 копекалъ хиралъулеб букIун буго.

# Авартеатралъе - 85 сон

*Исана 85 сон тIубалеб буго ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Аваразул музыкалиябгун драмаялъул театр гIуцIаралдаса. Гьединлъидал, нижеда лъикIаблъун бихьана РФялъул халкъияв артист МахIмуд ГIабдулхаликъовасул «Дир театр» абураб тIехьалдаса цо-цо бутIаби журналалда кьезе. Гьениб бицунеб буго нилъер театр бижараб куцалъулги гьелъул хадусеб къисматалъулги.*

## УНЕЛ РУГО, ВАЦАЛ, НИЖ АРМИЯЛДЕ

*(байбихьи цебесеб номералда)*

* * *

ТIаде щвана Гитлерил фашизмаялъ нилъер гIагараб ВатIаналде тохлъукьего гьужум гьабураб 1941 сон. ВатIаналде тIаде ккараб къо борхизе кисанго росабалъан къватIире рахъунел рукIана гIолохъаби. Щибаб къоялъ къо-лъикI гьабулеб букIана умумаз васазулгун, яцаз вацазулгун, абурас абуралъулгун, лъудбуз россабазулгун. Руччабазул магIид бецIцIулеб букIана магIарул тIалъи.

Иргадал артистазул къукъаялъги къо-лъикI гьабуна рижараб ракьалъулгун, кьибил-тухумалъулгун, гIагараб театралъулгун. Дида жакъа гIадин ракIалда буго, Хунзахъ хъалаялъул военкоматалъул кIалтIасан чуяздаги рекIун нижерго Гъоркьколодерил росдал гIолохъабигун цадахъ, артистазул къукъа ВатIан цIунизе нуха регIулеб къо. Гьеб къоялъ гIолохъабазда гьоркьосан, биччан гьаракьгун, ЧIалдаса ГъазимухIамадица ахIураб гьаб кечIги:

**Унел руго, вацал, ниж армиялде,**
**Улка цIуниялъул цIар кодоб ккезе.**
**Толеб буго, яцал, рижараб росу,**
**Меседил хъулбузе къо-мех лъикI гьабун.**

**Биун месед тIеги тIадмагIарухъе,**
**Бергьенлъиги босун ниж руссиналде.**
**ГIарцул хъал биччайги гьаб хъалаялде,**
**Хъачагъазул ботIе балагь рещтIине.**

**Вореги гIодуге, гIагарал улбул,**
**ГIумру къокъ гьабилин фашизмаялъул.**
**Инагьдуге хадур, хириял лъудби,**
**Хоб гъваридаб чIвалин чIегIер чудказе.**

…Тирана сагІтал, сверана моцІал, ана сонал. РуссинчІо рагъдаса Дайитбег, Сурхай, МахІамад-ХІажияв, ГъазимахІамад, Малла-ХІосейн, ГІабдулатІип, Гь.ХІамзат, ХІайдарбег…

Гьезухъ балагьун чІараз чІегІер базе ккана. ЗахІматаб ками ккана цохІо театралъе гуреб, тІолабго Аваристаналъего. Мармар гьецІоялъул къанида хъван руго гьезул цІарал. Авар театралъул кІалгІаялъул бищунго хІурматияб бакІалда бан буго гьеб, даимаб реццалъе мустахІикълъаразул цІарал хъвараб хъарщи. Гьелдаса нахъе ана 55 сон.

ТІоцебе гьез бахъараб сухъмахънухалъул гьанже гІатІидаб шагьра нух лъугьун буго. Гьез тІоцебе Хунзахъ гІуцІараб Авар театралъ гьанже Дагъистаналъул тахшагьар МахІачхъалаялда гІумру гьабулеб буго.

## КІиабизеги цІидасан

Цо-цо ккун, гьунараз къо-лъикІги гьабун, цаби гьечІеб кІал гІадин хутІана Авар театр.

ЛъабгогІан моцІалъ гьоркьоб хІалтІиги къотІизе тун, театралъ байбихьана кІиабизеги цІидасан гьунарал тІаса рищизе. Фронталде ине гІумруялде рахинчІел гІолилаздасан данде гьарурал гІолохъабазул къукъаялда гьорлъе ккана: ХІ.Асадулаев, М.МахІамад-Дибир, М.ГІабдулхаликъов, М.ГІабасов, Я.Сулиманов ва гь.ц.

ЦІидасан гІуцІизе ккана добго концерталъул программа. Концерталъ магІарулал ахІулел рукІана ВатІан цІунизе, фронталъе кумекалъе, рагъухъабазул бахІарчилъи халкъалда гьоркьоб тІибитІизабизе; цо-цо рахчи-рукъ хІалезул хІалихьалъи къватІиб чІвазабизе. Рагъул соназ гьеб букІана театралъул аслияб мурадги. Концерталъул программаялъе тІаса рищулаан рагъул соназ поэтаз хъварал кучІдул, харбал, цо-цо пардавалъул гІисинал пьесаби.

Рагъ ккараб къоялъ ЦІадаса ХІамзатица магІарул халкъалде хитІаб гьабун радиоялдасан цІалараб гьаб кечІалдасан байбихьулаан нижеца концерт:

**Рахъа дида хадур, харабазул тІел,**
**Хиянатаб квералъ каву рагьанин.**
**Хехго ярагъ бухье, бихьинал-цІуял,**
**Бахьи гьечІеб гІумру гІунтІулеб бугин…**

ГІамикьа гІолохъанав поэт Абакаров Мухтарица фронталдасан рачІунаан театралде кучІдул ритІун, гьединазул цояб ккола гьаб кечІги:

**Дуниял рукІкІана, сордо борчІана,**
**Щуб ккун гІурччинаб хер, цІалтун биччана.**
**ЦІур-цІулаго тІасан гуллби роржана,**
**Гаргадизе хьолбохъ «максим» лъугьана.**

* * *

**Рагъ ккана, къо щвана, къвакIе, бахIарзал,**
**Тушман ракьалда лъе, ракь нилъейго те!**
**Хъубаб квер баханин, хал гьабе вацал,**
**Фашист лъелълъ къазаве, нилъго тIад лъеде!..**

*(Р.ХIамзатов).*

Чан–чан гьединал поэтазул ахIиял артистаз магIарул халкъалъухъе сценаялдаса кьолел рукIарал. Рагъул заманаялда артистазул церерахъин буссинабун букIана: аслияб куцалъ, тушманасда тIад бергьенлъи босиялде, фашизм щущахъ биххизабиялде халкъ ахIиялде.

1942 соналъ ЦIадаса ХIамзатица хасс гьабун Авар театралъе хъван бачIана ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ бицунеб гIемерал пардавазул пьеса, «Базалай». Гьелдаса аслиял ролал хIалел рукIана: М.МухIамад-Дибир (Базалай), А.ХIажияв (Тидурилав), И.Басир (Дадуч), М.ГIабдулхаликъов (Амин), ГI.Къурбанова (Гъумай), З.Набиева (Аминат). Постановка лъун букIана П.Шивановскияс, художник М.Шивановский (кIиялго вацал).

Спектакль къабул гьабизе МахIачхъалаялдаса Хунзахъе рачIун рукIана культураялъул управлениялъул начальник Батыров, Верховный судалъул председатель Хашаев ва живго авторги. Гьединго комиссиялда гьоркьор рукIана районалъул нухмалъулелги, культураялъул хIалтIухъабиги. «Базайил» постановкаялъе комиссиялъ лъикIаб къимат кьуна. Дол къоязда жаниб гьеб чара гьечIого хIажат букIин загьир гьабуна. Хасго Базалайил роль хIарав МахIамад-Дибирасе комиссиялъ лъикIаб къимат кьуна.

Ахиралда ЦIадаса ХIамзатица абуна: «Нужеца хIараб «Базалайихъ» балагьараб мехалъ, дида ракIалде ккана дица хъвараб «Базалай» кагътида бахъараб сурат букIун бугилан. Нужеца, артистаз гьелда рухI лъун буго. Гьеб ккола нужер кIудияб гьунар. Баркала режиссерасе, баркала тIолабго коллективалъе. Нужеца дир рахIат хвезабичIебани, жеги гьаб «Базалай» дир столалдаго букIине бегьулаан. Баркала дов Сивухъа артист МахIамад-Дибирасеги дир 120 сон барав «Базалай-кIуди битIун вичIчIиялъухъ». Гьале гьеб, ХIамзатил «Базалайидасан» байбихьана кIиабилеб, цIидасан гIуцIараб гIолохъанаб коллективалъ драматургиялъулгун лъай-хъвай гьабизе. Щибаб «Базалайил» цевевахъин балагьулез ракI-ракIалъ къабул гьабулеб букIана.

* * *

1943 соналъ Аваразул театр гочана Буйнакск шагьаралде. Цо-цо артистазе рекIее гIечIо гIагараб тIалъиги рехун тун шагьаралда гIумру гьабизе. Гьел хутIана Хунзахъго. Нижерго ретIел-хьит, квен-тIех лъурал тургьбиги мугьалда рекъезарун, радал рахъун, лъелго Буйнаксиялде сапар бухьана нижеца. ГIазул цIун рукIана нухалги, мугIрулги. Сордо ГьаракIунибги бан, нахъисеб къоялъ маркIачIул гIужалда нижер микьгоял шагьаралде щвана: З.Набиева, М.ГIабдулхаликъов, ГI.ГIусманов, ХI.-ХI.МухIамадов. ГI.Магаев гъоркь бакI хIадур гьабизе цевего ун вукIана.

Дол захIматал рагъул соназ бигьаго букIинчIо шагьаралда гIумру гьабизе, рекIее бокьулеб иш чорхолъ бессун бугони, кигIан гIакъуба бихьаниги хIехьезе кIолеб батана.

Хъизан-рукъ гьечІел гІолохъанал артистазе гъизараб чуризеги, хвараб букъизеги, хІатта квен-тІехалъеги гІемер кумек гьабулаан ГІайшат Къурбановалъги Зайнаб Набиевалъги.

Дагь-дагьккун ругъунлъун ана ниж шагьаралъул гІумруялде. ГІатІилъана нижерго хІалтІуе ресал. Гьелдаго цадахъ цІикІкІана жавабчилъи. Театралъе нухмалъи гьабулезги, жибго шагьаралъул рукІа-рахъиналъги малъулеб букІана нижеда ургъун, гъваридго пикраби гьаризе, кІудияб театралияб искусствоялде каву рагьизе.

## Лъабабизеги цІидасан

Шагьаралде щун цо анкьидасан Магаев ГІабдурахІманица байбихьана лъабабизеги цІидасан театралъул гьитІинабго къукъа кІодо гьабизе. Лъазабураб конкурсалъ квешал хІасилал кьечІо. Конкурсалъ тІасарищаразда гъорлъ рукІана: Ума НурмухІамадова, ПатІимат Хизроева, Написат ИсхІакъова, ПатІимат ИсхІакъова, ГІалиасхІаб МухІамадов, Тажудин ГІабасов.

Гьел гьунар бугел гІолилаз коллектив кІодо гьаби гуребги, театралъул творчествоги бечед гьабуна. Театралъе рес щвана чІахІиял пьесабаздасан жиндирго репертуар гІуцІизе. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букІана театралъул бетІерав режиссер А.А.Артемовас. Гьев вукІана кІудияб гьунаралъул, кІвахІ лъаларев, жиндирго хІалтІул хІасил лъикІ ккезелъун бихьулеб гІакъубаялъухъ балагьуларев, таваккалав режиссер. А.А.Артемовасул хІаракатчилъиялдалъун Авар театралъул сценаялдасан балагьулезда рихьана: Островскиясул «Зоб гъугъай», «ГІайиб гьечІониги гІайибиял», Ширванзадел «Намус», ГІ.ХІажибековасул «ГІаршин-мал-алан», Ахундовасул «Рокьи ва макру».

Азербайджаналъул гІамал-хасият нилъер халкъалъе гІагараб букІиналъгІаги батизе кколаха, гьел рехсарал пьесаби Авар театралъул сценаялда гІемерал соназ хутІана.

«Рокьи ва макру» абураб постановка сценаялда хІалаго гІолохъанал артистазул махщел цІубалеб букІин бихьулеб букІана. Гьеб спектаклялда 125 сон гІумруялъул барав кІудада Прибабал роль хІалаго, жеги 18 сонил гІумруялъул дида – МахІмудида бичІчІана театралияб искусствоялда жанир кинал бальголъаби лъазе кколел артистасда, авторас кьураб сипат-сураталда, гьесул героясул гІамал-хасият цебе чІезабизе ккани.

Артистас хІалеб щибаб образалъул букІуна хассаб бальголъи. ЧІалгІаде гуро А.П.Чеховас абун бугеб: «Спектакль хІалаго, гьелъул къадада туманкІ бан нилъеда бихьани, балагьулезда гьеб кьвагьулебги бихьизе кколилан». Гьединго щибаб хІалеб образги артистасулъ цІураб туманкІ гІадин хІадур букІине ккола.

Гьал нилъеца рехсарал постановкабазда бергьенлъиялда цере рахъана, гьезул аслиял ролал жидеца хІарал: З.Набиева, ГІ.Къурбанова, П.Хизроева, У.НурмухІамадова, М.ГІабасов, ХІ.Асадулаев, Б.Инусилов, Т.ГІабасов, нужеца гІайиб гьабичІони, гьезул рачІчІалда дунги чІелаха.

Гьел гьунар бугел, махщел камилал артистаз нахъа тараб захІматаб, цІакъго хІажатаб творчествоялъулаб нухалъул бицине ккани, гьезул щивасул хІакъалъулъ тІубараб тІехь хъвазе ккола.

* * *

Рагъул заманаялъ мугIрузул сухъмахъаздасан росабалъа-росабалъе хьвадулаго, щибаб къоялъ 5-10, хIатта 20 километрцин лъелго рилълъун нахъа толаан артистаз. Гьанжеян абуни автобусалда нахъабакI ккани, барщарилел рукIуна…

Рагъда цебе Хунзахъ театралъул букIараб кIиго чу балеб гьоко хисана хIамузги, артистазул мугъзада даларал сумкабазги.

Риидалил гастролазда ругеб мехалъ халатал сапаразда, гьоркьо-гьоркьор кIудиял захIмалъаби данде чIвалаан тIабигIаталъул хиса-басияз. Цо нухалъ нижер артистазул къукъа КIаратIаса ТIукитIе унаго нухтIа цIад бана. Кьо гьечIеб лъар бахине кколеб букIана. Лъарин абуни хIамил чахьикь тункулеб букIана. ХIамица инкар гьабуна лъаралъе лъугьине. Нижеда цадахъ вукIана лъикIго хIамузул хIал жинда лъалев Унсоколоб районалъул МокIсоса М.ГIиса.

Кодоб ккун букIараб балалайкаги дихъе кьун, бахъун тIасагун дарайдул гурдеги горбода жемун, тIаждал гIагалги ракьанде щвезегIан гурун, цо гъазаваталде унев азнавур гIадин, хадуб хIамаги цIан, лъаралъе лъугьана ГIиса. ХIамил кIиябго гIинги ккун ГIисаца гьеб лъаралъе цIана. Хадусан гIолохъабаз кумекги гьабун, хIарам-балагьалъ хIама доб рахъалде бахинабуна. Гьелдаса вохарав ГIисаца абуна: ГIисада лъикI лъалин ал хIамузул хIалилан. КIиабилеб хIамаги, гьедин бачун унаго, лъарал бакьулъе щведал, ГIисае саламги кьун, кьуричIого чIана. Дида лъалин алъул хIалилан кIиябго гIинги ккун ГIисаца хIама цебехун туркIана. Гьункьун бачIараб хIамил щинкIил ГIисал гIицIаб хIатIида тIад чIана. Гьеб гIазабалдаса хIетIе хвасар гьабизеян ГIисаца хIамил ратIа кодобе босана. ХIама цинтIаго лъаралъе бегун ана. Цо чанго галул манзилалъ лъараца цадахъ бачунги ун, хIама тIаде бахъиндал, гьелъул гьодитIа цохIо тIенкел хутIун бугоан. Лъараца унеб къайиялда хадувги валагьун, ГIисаца абуна: «Гьанже ГIисада лъарабги кIочана» – илан.

Чан-чан лъугьа-бихъаналха ракIалдаса унареллъун хутIулел. Риидалил сапаралда ругеб мехалъ артистазда гьоркьоб букIунаан жидецаго ургъун бахъараб киналго разияб закон, ай, гIадлу-низам. Масала: спектаклялде, бихьизабураб заманалдаса кватIун артист вачIани, яги артистасда рекъечIеб гIамал-хасият гьесулъ загьирлъани, гьесде тIаде кколаан цояб росулъа цоги росулъе щвезегIан театралъул къайи лъурал хIамузул милат гьабизе. Гьелъие гьес инкар гьабуни, гьединас гьеб къоялъго театралъулгун къо-лъикI гьабизе кколаан. Нагагьлъун хIамузда къайи лъолаго гъоркь кинаб бугониги кIочон тун батани, гьес жаваб кьезе кколаан.

Цо нухалъ хIамузда хадув вукIарав ГIабасов Мусада кIочон хутIун батана театралъул буртина. Хунзахъа вахъун гьелда хадув гьев, лъелго, ТIелекье ине ккана. Гьединабго гIадлу-низам гьанжеги буго артистазда гьоркьоб. ЧIезабураб заманаялдаса 5-10 минуталъ чи кватIани, гъоркьго гьевги тун, нухда рахъуна. Гьедин жидерго харжалдалъун хадур рачIине ккана Агъвалиса КIаратIе щвезегIан ГIарип МухIамадовги Муса ГIабасовги.

Гьединаб гIадлу-низамалъ квербакъи гьабулаан коллективалда жаниб жавабчилъи цIикIкIинабизе. Спектаклялдаса хадур росабалъан райцентралде гостиницаялде нахъруссунаго, машинаялъул чирахъал рекIинаризе кIоларел

сардалги гIемер дандчIвалаан. Гъединаб сордоялъ кIигояз тIад ретIунаан театралъул хъахIал буртаби, цере гьелги тIамун, хадуб бачунаан машина.

Цо нухалъ, Хунзахъе унаго, БагIараб кьодухъан свери босулаго, нижер автобусалъул цебесеб кIиябго гьакибер гIурулъе далун чIана. Мегьедги цо кIудияб ганчIида цун, гьанкIеркIу гьабулеб букIана автобус. Нахъисеб цIерги гъурун артистал къватIире кIанцIана. Цинги хех гьабун маххул кваралъ автобус цо кIудияб ганчIида щула гьабуна. Нух гьабулаго тIаде щвараб бульдозералъ къварилъи ккечIого автобус нухтIе бахъана. Гьеб киналъего ниже кIудияб кумек гьабуна тIаде щварал хунздерил шофераз. Гьеб балагьалъул кIичIикье ниж ккун рукIаралани, къогогIан артистас Гелбахъалда гьоболлъи базе ккелароан.

МоцIалъ сапаралдаги рукIун, ахирисеб сордоялъ хIухь бахъизе тIадруссун рокъоре рачIунаго, МахIачхъалаялъул перевалалъул сверутIа артистазул цIураб автобус бегана. Автобусалъул моторалда циндаго цIа рекIана. Балагьун чIезе заман букIинчIо. Цоцазе кумек гьабун артистал гъурарал гордазухъан къватIире кIанцIана. Цоцазул тунка-гIусарал бакIазул хал-шал гьабулаго автобус цIадулъе тIерхьун ана. Жаниб букIараб артистазул къайи-цIаялъулги, автобусалъулги рохъо лъугьана. РогьинегIан гьабизе жоги тIагIун, бацIица чехь тIурал чахъаби гIадин, артисталги хутIана. ТIадагьабго тIад ретIараб ратIлилъ хутIана нух битIичIел артистал. Рохизе ккараб жо букIана хвалил кIичIикье чи ккечIолъи.

Гьеди-гьединал захIмалъабиги къулчIун, къварилъабиги раччун, магIарухъа гIи-боцIухъабахъги, авлахъалда хурухъабахъги, риидал бакьукъги, хасало гIазукьги Авар халкъалъе хъулухъалъе борчараб рачел артистаз чучизе течIо.

* * *

Соналдаса-соналде театралъ ракIчIун гали цебе бахъулеб буго. Камиллъулеб буго гьелъул репертуар, цIубалеб буго махщел, дуруслъулеб буго гIадлу-низам, цIикIкIунеб буго жавабчилъи. Коллективалда бичIчIула кигIан кIудияб кIвар кьезе кколеб рухIияб рахъалъ инсан куцазе ва эстетикияб тарбия гьесие кьезе ккани. Гьеб захIматаб, цIакъго хIурматияб иш жинда бараб букIиналъин театралъ жиндирго репертуаралде цIикIкIун кIвар кьолебги.

Авар театралъул сценаялде ракIалдаго гьечIого рачIарал руго М.Горький, С.Михалков, Чингиз Айтматов, Мустай Карим, Расул ХIамзатов гIадал гьунар тIокIал советиял авторазул цIарал. Гьелъ цоги нухалъ нугIлъи гьабула театр бокьулезда тIадегIанаб даражаялда цере рахъине творчествоялъул коллективалъул бажари букIиналъе.

## Гьадин буго

1955-1985 соналде щвезегIан гьоркьоб араб 30 соналда жаниб нилъер пачалихъалъул батIи-батIиял республикабазда Аваразул театралъе тIадегIанаб лъай жидее щвараб щуго театралияб студия къватIибе биччана.

Россиялъ, Украиналъ, Грузиялъ жидерго гьудуллъиялъул квер бегьана Авар тетаралъухъе. Къечедал лъехь гIадин гIащикъ букIана Авар театр тIадегIанаб театралияб лъай щварал артистазухъ.

1955 соналдасан байбихьун Авар театралъе рес щвана жиндирго творчествоялъулъ профессионалияб гали цебе тӀамизе.

Москваялда Луначарскиясул цӀаралда бугеб Театралияб институтги лъугӀизабун, жидецаго хӀадурараб репертуаргун Авар театралъул коллективалде гъорлъе жубараб гӀолилазул къукъаялъ цадахъ босун бачӀана тӀадегӀанаб даражаялда хӀадур гьабураб лъабго спектакль: К.Гоцил «Нухъа», Мольерил «Скапенил пишаби», Рахмановасул «ХӀалхьи гьечӀеб херлъи».

Гьел постановкаби рукӀана гӀолохъанал артистазул щуго соналъ цӀалун жидеего щвараб махщалил, гьунаралъул, жидехъ балагьулезда цебе кьолеб кӀудияб экзаменлъун. Бергьун кӀудияб махщалил, щвалтӀе щун, тӀад калам гьабизе бакӀ гьечӀого, дурусго гӀуцӀун рукӀана режиссераз гьел спектаклал. Декорация-костюмазул рахьин абуни балагьулел урхъуледухъ гӀуцӀун бугоан художниказ. ТӀоцере театралъул сценаялдасан рихьулел гӀолохъанал артистазе магӀарулаз кьабулеб хъатил гъугъаялъ гьезул церерахьиналдаса разилъи загьир гьабулеб букӀана. Гьез Москваялдасан цадахъ босун бачӀараб репертуаралъ сценаялда гӀемерал соназ къо хӀехьана.

Пьеса хъвала гьелъул авторас. Гьелъул постановка гӀуцӀула режиссерас. Хъорщол рукъзалги, катаналъул дарайги гьабула художниказ. Амма гьеб киналдаго рухӀ лъола хӀурматиял артистаз. Гьал рехсарал спектаклазда чӀагояб рухӀ лъуна К.Закарьяевас, М.-Р.Багъдуловас, ИмахӀажи Тахъиевас, ГӀайшат Мамаевалъ, МахӀамад Батыровас, АхӀмад МухӀамадовас, Юсупбег Шахназаровас, Сидрат Мажидовалъ, МахӀамад Мусаевас, М.-Бег Бадрудиновас, ГӀабдурахӀман ГӀалиевас.

Махщалие куцарал, культураялъулъ лъадарарал гӀолилазул хӀаялъги, хӀалтӀудехун гьезул бугеб тӀалабалъги гӀемераб лъикӀабщиналде ургъизе ва кантӀизе тӀамуна нижер церегосел артистал.

Профессоналияб цӀияб къуват тӀаде бачӀингун театралда цӀияб рухӀ речӀчӀана. Гьелъулъ махӀабазулъе хӀалги бачӀана, хӀатӀазулъе жанги щвана. Лъимал гӀемеразул хъизан кӀодолъула, кӀодолъана коллектив, цӀикӀкӀана гьелъул ресал. КӀудияб гамаялъе гъваридаб ралъад къваригӀунеб гӀадин, балугълъулеб коллективалъеги къваригӀуна гъваридал пикрабазул, пасихӀаб каламалъул магӀарулазул гӀумру бихьизабулел пьесаби сценаялде рачине.

КватӀичӀого театралъе рес щвана Р.ХӀамзатовасул «МагӀарулай» пьесаялда тӀад хӀалтӀизе.

1960 соналъ Москваялда тӀобитӀизе бугеб Дагъистаналъул литератураялъул ва искусствоялъул Декадаялда бан нилъер культураялъул Министерствоялъ гуржиязда гьарана «МагӀарулай» лъезе гьунар бугев режиссер, художник, композиторасул кумек гьабеян. Тбилисалда бугеб Театралияб институталда аваразул лъабго студия къватӀибе биччай гуребги, гьез доб мехалъго нилъер Авар театралъухье кумекалъул квер бегьана. Гуржиязул, Маржанашвилил цӀаралда бугеб театралъул бетӀерав режиссер А.Е.Чехардашвилиги, художник Тавадзеги, композитор Милодоваги Дагъистаналъул Аваразул театралъе кумекалъе рачӀана.

Гьел лъабалго гуржиязги, театралъул коллективалъги гьабураб къокъабго заманаялъул ракӀбацӀцӀадаб хӀалтӀул хӀасил букӀана Декадаялда Авар театр бергьенлъиялда цебе бахьин. Нилъер ватӀаналъул тахшагьар Москваялда лъабго къоялъ тӀатӀалаго бихьизабуна «МагӀарулай». «ГьитӀинаб театралъул» кӀалгӀаялда гӀодор чӀезе чӀобогояб бакӀцин хутӀун букӀинчӀо.

Театралияб искусствоялъе къимат кьолел какдарухъабаз (критиказ) кӀудияб къимат кьуна спектаклялъе, режиссерасе, артистазе. Ролал хӀалезда гьоркьоб кӀудияб къиматалъе мустахӀикълъана Асиятил ролалда – ГӀ.Мамаева, Хадижатил ролалда – З.Набиева, ГӀалил ролалда – Б.Инусилов,

ГІусманил ролалда – ГІ.ГІалиев, Юсупил ролалда – Юсупбег Шахназаров. З.Набиеваги, ГІ.Мамаеваги, Б.Инусиловги мустахІикълъана «РСФСРалъул мустахІикъав артист» абураб хІурматияб цІаралъе. Авар театралъе шапакъаталъе щвана РСФСРалъул Президиумалъул ва СССРалъул Культураялъул Министерствоялъул хІурматиял граматабиги.

Малъизе чи тІагІунаро малъараб босулеб бугони. Гуржияс малъана, артистаз гьеб гІадахъ босана. ГІадахъ босиялъул хІасилги нухтІе бараб тІех гІадин батана.

## Балугълъи

Творчествоялъул балугълъи ккола тІолабго коллективалъул махщел камиллъи. Артистазул махщел камиллъизе ккани гьезул гьунар цІикІкІине ккола. Гьелъие заманги захІматги къваригІуна. Заманги ана, захІматги бихьана. Гьанже ирга щвана хІакъаб рагІи абизе хІал бихьизе, театралда цебе чІараб гьеб суалалъулъ бижун бачІана бечедаб классикияб репертуар: Шекспирил «Отелло», Гольдонил «Мекъал гІадамал», Лермонтовасул «КІиго вац», Мольерил «Фигарол бертин», Гоголил «Ригьин» ва гь.ц. Режиссер вукІана РСФСРалъул культураялъул мустахІикъав хІаракатчи Павел Васильевич Джафаридзе.

МагІарулазда рихьана Ч.Айтматовасул «МоцІ ккураб сордоялъ» (режиссер Лукин), Еврипидил «Медея», Б.ХІажиевасул «АхІул гохІ», «МухІамад ХІажиев», Расул ХІамзатовасул «Дир Дагъистан» (режиссер – РСФСРалъул культураялъул мустахІикъав хІаракатчи Э.П.Асланов), ГІ.Къурбановасул «ЦІадулъ росарал мугІрул», Д.Труновасул «ГІурус ротаялъул командир» (режиссер А.Я.Векслер).

Цо–цо ккун, иргаялда, Авар театралъул сценаялда гІумру гьабизе байбихьана аваразул авторазул пьесабаз: ХІ.Заловасул «ХІасратай кочІохъан», Муса МухІамадовасул «ХІуригаталъе гІоло» (режиссер Н.И.Молчанов), Заирбег ГІалихановасул «МугІрузул ГІали» (режиссер Джафаридзе), МухІамад Сулимановасул «Росулъа яс»; ГІабасил МахІамадил «ХъахІабросулъа МахІмуд», «Камалил Башир», «Саба Меседо»; Машидат Гъайирбековалъул «Вехьасул къиса», «Бертадул къоялъ»; ГІабдулмажид Хачаловасул «Аманат», «КъватІел»; МахІмуд ГІабдулхаликъовасул «Терекалъул рагІалда», «Ракь сабаблъун», «ТІасалъугьа», «Гъоркьохъан»; ГІабдулбег Загъаловасул «ЯхІия», «ТІасалъугьа, эбел».

Къокъго рехсон тараб гьаб сияхІалъулъги нилъеда якъинго бихьулеб буго кигІан кІудияб кІвар кьун Авар театралъ хІаракат бахъулеб бугеб, бакІалъулаб, хасго аваразул драматургия театралдехун гІагар гьабизе, гьезулгун бухьен щула гьабизе, цо къадаралдагІаги балагьулезул тІалабал тІуразаризе. Гьеб рахъалъин абуни Авар театралъ хІалкІварабгІан куцалъ кумек гьабуна ва гьабулебги буго нилъер гІолохъанаб драматургиялъе. Театралъул щулияб бухьен букІана М.ГІабасиласулгун, М.Гъайирбековалъулгун, ГІ.-М. Хачаловасулгун, Н.ГІалиевасулгун, Б.ХІажиевасулгун ва гь.ц.

Драматургия – цІа бакулеб цІул батани, театрги ккола цІетІа лъолеб хьаг. ЦІаялъ гурони хьаг гьалуларо, хьагица гурони чехь хьихьуларо. Гьединан буго гІумруялдаги, гьедин букІине ккола театралдаги.

# Критика ва библиография

## МАГIАРУЛЛЪИЯЛЪУЛ МАТIУ

Ахираб заманаялъ битIахъе цIад бана цIиял рахъулел тIахьазул.

Гьединал тIахьазда гьоркьоса цо тIехьалъ гьабураб асаралъул бицине бокьун буго дие. ТIалхIатил МухIамад кколаро гIолохъанго поэзиялде вачIарав чи. Гьесул тIехь цIалараб мехалъ дида ракIалде ккана гьав цIакъ кватIун вугин поэзиялде вачIинеян. Гьваридаб пикругун, пасихIаб мацIгун гьелда цадахъ тIаде гIолезе гIакъилдал малъа-хъваялги.

Гьеб тIехьалда дида ратана асар гьабулел, церегосел къисаби. Гьезул цояб «ХIесолезул гьенги гуржимеседоги». Гьениб бицунеб буго Къелеса ГIалил, гьесул гьунаразул, бажариялъул, гьесул, гьев гIадинаб тухумалъул васас ячине изну кьолареб букIараб лагъалъухъ ккараб рокьиялъул. КигIан цIодорай йикIаниги, берцинай йикIаниги, кигIан кутакаб рокьи ккун букIаниги, гьей ячине, ригьин гьабизе кьолеб букIинчIеб изнуялъул. ГьитIинго гуржиялъа хъамурай ясалъул рокьи ккола бахIарчияв ГIалихъ. Гьесул йиго гьитIинго абурай яс, гьей ячинчIого рес гьечIо. СогIав инсул тIалабал захIматал руго. Амма гуржимеседода хIехьезе кIолеб гьечIо вокьулес лъади ячин, гьелъ хвел босулеб буго. Гьеб кинабго цIализе бокьуледухъ берцинаб мацIалда хъвалеб буго. ГьитIинаб поэмаялда бихьизабизе кIун буго некIсиял магIарулазул гIамал-хасият, лебаллъи, квергIатIилъи, гьалбал хиралъи. Бицараб рагIи кьолбода гьоркьоб хвезе гьукъараб букIин, гьеб хвей рогьо букIин. Гьединлъидал ячуней йиго йокьичIониги абурай яс.

**Хвалчадул чапиялъе чи хадув гьечIев ГIали,**
**Йокьулелъе бикьизе кьогIаб ургъелгун вуго.**
**Тушманасул яргъие мугъ сверуларев игит,**
**Инсул буюрухъалъе сверизе хIинкъун вуго.**

Умумазул лъикIал гIадатазда цадахъ рукIарал согIал цо-цо гIадаталги какулаго, МухIамадица рагьулеб буго лирикияв героясул захIматаб рекIел хIал. Изну гьечIо, рокьи ккун букIаниги, бусурбанаб дин босарай йикIаниги, лагъ ячине. Гьеб буго рогьо. ЛъикIаб, бечедаб тухумалъул, зулму гьабун, йикъун ячIарай гьитIинай ясалъул гIолей йиго берцинлъиялъулги, цIодорлъиялъулги, таваккалалъулги цIурай Кисай. Гьелъул талихI къунеб буго, гьей вокьарав чияс ячуней гьечIо.

**Мун дир рекIелъ йикIина, гуржиязул меседо,**
**СогIаб гIумрудал кьогIлъи кIияцаго гьекъела.**
**Лъади рокъой йикIина, рокьи нилъгун букIина,**
**Бичасул къотIиялъухъ хадусан балагьила…**

Кисай йиго чIухIарай яс. Гьелъ хIал лъазе биччачIого чIезе яхI бахъулеб буго, жеги магIугицин бахчулеб буго. Гьелъ абулеб буго:

**Щиб гьабилеб, гьудул, гьаб гIумруялда,**
**ГIазабалъе нилъей рокьи бикьараб?**
**ГьитIинго камураб гIумрудал талихI**
**Тархъанлъи бихьичIей дур асиралъе…**
**Бодул къимат хвезе тоге, багьадур.**

Лъади йигев чигун бальгояб рокьуда йикIиналдаса Кисайица хвел тIаса бищулеб буго. Рокьиялдаса гьелъул бергьунеб буго намусги, къадруги, магIнаяб рахъги.

Кьурул рагIалдеги ун, «Габуралда гвермендо бетIер сверун жемана, тIасалъугьа, ГIалиян – гали цебе тIамуна…»

**Гьале пашманаб къисса рокьул икъбал кьечIезул,**
**БухIараб хIухьел жубан жаниб рекIелъ багъулеб…**

ЦIакъ берцинго, мухIканго рагьулел руго заманаялъул «хаслъабиги», гIадатазул согIлъиги.

Амма жакъа батIаго беццизе гIадинаб гIумру гьечIеблъи бицунеб буго авторас. Цо квешлъи хисун, бачIун буго цоги квешлъи – хIарамлъиги хIиллаги гIемерлъун буго. Цере хъамун, сивунир, босизе гьабун бусурбанаб дингун рукIарал ясал – сивуниб рукIел хисун «саунабахъ» рещтIун руго.

**Сси бугел рагIдукь руго, рокьукъал чода руго…**
**Ришват кьей гIадат буго, босулев гIакъил вуго,**
**КIиябго къабул гурел гIабдалзабилъун руго.**

Поэмаялъул ахиралда ТIалхIатил МухIамадица заманаялдаги гIадамаздаги цебе лъолеб буго суал:

**Алазан квегъаразул биценал дагьлъун руго…**
**ГIун бачIунеб гIелалъе нилъер щибдай рехсела?**
**Нилъ рехсезе хутIарал варисал щалдай ккела?**

ЦIакъ захIматаб суал буго авар мацI кIочон толеб бугел наслабазда цебе лъолеб.

ТIехьалъул кIиабилеб бутIаялда лъун руго назмаби. Гьезул аслияб тема буго Дагъистан, вижараб ракь. Гьеб цIунейилан Аллагьасде балеб бугеб ахIи.

ЦIакъ асар гьабиледухъ рагьун буго эбелалъул образ. Гьеб буго лъикIал магIарул руччабазе гIаммаб образ. Улбузул малъиял – тIоцебе Аллагь лъазавиялдаса байбихьун, тIуразе кколел киналго арканал, гьел дурус гьаруни, дуниял гьабизеги, гIумру бачинеги, ахираталде хьул лъезеги чиясул рес букIин. Алжан эбелалъул хIатIикь букIин. КигIан берцинаб тарбия кьураб эбелалъ хIарамлъиялдаса цIунизеги, питнаялдаса рикIкIалъизеги, мунагьал гьечIого гIумру гьабизеги. Жакъа цояб хьатикь чIумал руго цо-

цоязул, цояб хъатикь гIарац. Жидедаго тIад релъулел рукIиналъул хIисаб гьабичIого, ракIарулел руго кепкал. Бищун квеш ккараб жо буго жиндидасаго мискинасухъагицин босулеб буго.

Цо лъикIаб тIехьалда цIалун букIана – Аллагьасдила гьесул лагъас гьабураб хIалихьалъи тIатинабичIого толарилан. ТIатаниги, сурукъ букIаниги, жакъа гIадан къун вуго гъурщикьа. Росасул адаб цIуниги, лъадуда аскIоб исламалъул тIалабал цIунизе ккейги – гьаб назму буго щибав чияс рекIехъе лъазабизе мустахIикъаб назму. Гьаб асаралъ бихьизабулеб буго хъизан–рукъалда, гIумруялда, магIишаталда баракат лъезе хьвадизе кколеб къагIида.

Лъабабилеб бетIералда авторас цIар лъун буго «Балаялъул жугьаби» – ян

Дие асар гьабураблъун ккана анлъабилеб бетIер. МагIарул яхIалъул адаб цIунарал, гьалбал хириял магIарул росаби чIунтулел рукIин рекIеда унтарав МухIамадица щибаб къелдерил росдае сайгъат гьабун буго кечI. Сомода, Ругъелда, Хьонохъ, ГIурчухъ, Мусрухъ, Хьиндахъ, Рокъдахъ, Гьаадерил росу – гьел умумаца кьураби гIанлъун гьарурал нухалги тун, щобазда эхетун сиялги тун, чIунтун лъугIулел руго. ГIемерал хъвадарухъабаз хъвана росдаде кучIдул. Гьаб тIехьалъул цIилъи буго жиб-жиб росу рехсон букIин, щибалъул берцинлъиялъул, рухIияб дунялалъул тIокIлъи рагьун букIин. Щибаб росулъ рохьоб бижараб пихъ рехсон буго – горцIо, сигри, гъубил, махил гъотIол мачIо, чIегIерпихъ, гIалхул чIакIултIан ва гь.ц.

Гьаб бичIчIи гьечIеб заман кIочон тезе, гIаданлъи-адаб билараб заманаялдаса цодагьаб хIалхьи гьабизе ахIулел руго ракьцоял росулъе.

Гьал цере рехсарал росабазул берцинлъи бицунаго, цоники кечI цоцада релълъунаро, щибалъул буго жиндирго хаслъи, жиндирго берцинлъи. Росабалъ гIумру гьабун рукIарал гIалимзабазул цIарал ракIалде щвезе гьариялъ хассаб тIокIлъи кьолеб буго асаразе.

Росдал гIадамазе къимат кьолаго МухIамадица абулеб буго:

**Росабазулъ букIараб битIун гьечIеб ритIухълъи,**
**РекIаравги лъелавги цо лъалинир рорцунеб.**
**ГIадатгун яхI ккурасул кидаго букIараб цIар,**
**ЦIар босун кIодолъарас буголъи цIехолареб.**

**ХIалихьалъи загьирал, зaралалъе ургъулел,**
**Заманалъул тIахьазда хутIичIеб рехсезе бакI.**
**ЦIукIабазде букIараб анкьго росдал рокьукълъи,**
**Ракьулъе арал гьезул тIагIараб цIаруе лъалкI.**

ТIехьалда цIакъ берцинго рагьулеб буго чIужугIаданалъул образ – эбел, яц, абурай яс, лъади – гьел руго доб араб заманаялъул вакилзаби хIалтIулги къимат гьабурал, захIмалъиги хIехьарал, гьел руго кирго захIматабщинаб бакIалда – магъилъ бакъукьги, рукъалъулги, лъималазулги тIалабал рорхулелги. Гьезда цохIо хIалтIизе гуребги лъалеб буго, сверухъ ругезул рекIелъ гIумруялдехун, хIалтIудехун рокьи бижизабизе, бажари бижизабизе:

**Колхозалъул зулму-хIал, кодор гIиссинал лъимал,**
**Ками гьечIого рокъоб гьалбазул хIама-хьвани.**
**Радал цIвабигун яхъун, къаси боголилъ егун,**
**Кинабго бaччизе ккун, лъадарарай ХIалимат.**

КучIдузул руго батIи-батIиял роценал. Гьел хисула рагьулеб бугеб темаялъухъ балагьун. ТIехьалда грамматикиял гъалатIал риччан рукIаниги, бечедаб буго мацI. ХIалтIизарун руго цересел, жакъа каламалъулъ гьечIел рагIаби – малака, макъсуд, мурут, мугьлатлъи, ламарт, мугьалат, лукъма.

ГIемер руго замана какарал кучIдулги.

Депутатазде хъвараб кечI буго къокъаб, чIванкъотIараб гьезул гьечIеб пайдаялъул бицунеб:

**РагIабазул гучалъ гIаламги гуккун,**
**ГIакъиллъи бихьулищ депутатазул.**
**Кьураб рагIиялъул аслуги билун,**
**КIодолъи рагIулищ хIакимзабазул?**

«Ралъад» абураб кечI буго пашманлъиялъ камиллъараб:

**Дица ралъад тола гIакъилабилан,**
**ГIемерал лъаразул лълъимал жураялъ…**
**РекIел пикрабазе дарулъун буго**
**КъатIра цолъун гIураб гIоразул жубай…**

Цо-цо кучIдузулъ чвахун бачIунеб буго рифма:

**РачIунге рекIелъе рекIкIал пикраби,**
**РикIкIад гьаре дунгун хIилла-макраби…**
**Борхалъи щулияб дир рекIел тIалъи,**
**БецIун лъугIулареб гIищкъудал налъи.**

**БетIергьан гуро дун дирго черхалъул,**
**Бокьула чучизе рачел чехьалъул.**

Дица МухIамадил цIалун букIана «Къелеса ХIажи» абураб тIехь. Гьеб тIехьалъ гIолохъанаб гIелалъе рагьулеб буго гIалимчиясул гIумру. Бицунеб буго гьес нахъе тараб гIелмияб ирсалъул. Гьеб буго лъикIаб хIалтIи, нилъер рукIарал рухIиял церехъабазул гIумру миллаталъе рагьи. Гьеб тIехь цIалулаго, гIемерал дида рагIун лъан рукIинчIел цIарал лъана, гьезул гIумруялъул лъана. Устар ГIободиясул нахъе тараб 26 тIехь гьеб буго кIудияб хазина.

КигIан лъикI букIинеб машинабазда рекIун гурони гали бахъуларел гIолохъабаз нилъехъе щварал гьезул тIахьал цIалани, лъелго росулъа росулъеги хьвадун, хьимал бусадаги регун, напакъаде кьураб хинкIги кун, кинан гьабулеб букIараб гIалимзабаз цIали. Кинан гьел рахунел рукIарал кIудияб даражаялде.

Дие рокьана ТIалхIатил МухIамадил тIахьал. ЦIале нужецаги, ратила чанги рекIее асар гьабулел пайдаял асарал.

*Залму БАТИРОВА,*
*Дагъистаналъул халкъияй шагIир.*

# Рагъул соназул къисмат

## ЧӀЕГӀЕРАБ КАГЪАТ

Гьаб пашманаб лъугьа-бахъин ккун буго дол захӀматал рагъулал 1941-1945 соназ цо магӀарул росулъ. КӀудияб ВатӀаниб рагъде росс тӀовитӀизе ГӀайшат ана хӀамида рекӀинаюн кӀияйго ясгун. Вас цӀикӀкӀарав вукӀиналъ, инсуда цадахъ, лъелго, хабар-кӀалалда унев вукӀана. Инсуца васасе малъа-хъваял гьарун, гӀемераб жо бицун толеб букӀана. Амма ГӀайшатил щибниги жо рагӀулеб хӀал букӀинчӀо. Зама-заманалдасан, гьездаса балъго, кӀазил рагӀалалъ магӀу бацӀцӀунеб букӀана гьелъ. Гьединаб хӀалалъ гьел щвана Шурагьабе унеб шагьранухде. Гьенирги лъалхъана гьел цодагьаб мехалъ. ГӀисинго рукӀаниги, ясазда бичӀчӀулеб букӀана кинабго ва инсудаса бер босулеб букӀинчӀо гьез. Цоги росабалъаги рагъде унезул къукъаби, рекӀарал, лъелал рукӀана нухдасан унел-рачӀунел. Цогидал, гьел тӀоритӀизе Шурагьаре, гьел поездалда рекӀинаризе унел рукӀана. ЛъикӀаланго нух тана ГӀайшатицаги лъималазги ГӀусманида цадахъ рильлъун.

Нуж гьанже нахъруссун лъикӀилан абуна ГӀусманица хъизаналда ва къомех лъикӀги гьабун, хӀамида букӀараб квен-тӀехалъул цӀураб къвачӀаги босун, цо къукъаялда цадахъ ана. Сверудаса гьев тӀерхьун инегӀанги эхетун хутӀана гьел хадур ралагьун гӀодулел. Зама-заманалдаса ГӀусман нахъвуссунаан гьезда берчӀвазе. ГӀемерал батӀи-батӀиял пикраби гьаруна ГӀайшатица росулъе щвезегӀанги. Амма гьезда жеги лъалеб букӀинчӀо хадусеб жидерго къисмат.

Инсуца гьабулеб букӀарабщинаб жо гьабизе тӀаде ккана васасде, кинабго бегана гьесул гъуждузде. Риидал каникулазги колхозалъул хӀалтӀи гьабизе вахъана МухӀамад. ГӀайшатги, гъуждул гурун, хӀалтӀизе ккана. Гьеб соналъул хаселги къирун-къарун ана гьезул. Рагъдаса рачӀарал инсул кагътал цӀалулел рукӀунаан лъимал, хадусеб бачӀинегӀанги эмен рокъов вугеб хӀисаб букӀунаан. Гьезул хьул букӀана, рагъги хехго лъугӀун, эмен тӀадвуссине, гьев вихьизе. Инсухъе хъвалеб гьезул кагътидаги букӀунаан рагъ лъугӀулеб гьечӀищан кьолеб цого-цо суал.

Амма цо къоялъ бачӀана чӀегӀераб кагъат, магӀу бахъараб. Гьелда хъван букӀана ГӀусман рагъда бахӀарчиго хванилан абун. Гьеб къоялъ гӀагарлъиялъги росуцоязги цӀун букӀана гьазул азбар.

Гьедин ана сонал.

ГӀайшат лъалаго херлъулей йикӀана. Къо бахъанагӀан колхозалъул хӀалтӀи захӀмалъулеб букӀана. Гьелда ракӀалде кколеб букӀана жиндир ургьимесалда цӀа рекӀун бугилан. Хадусеб соналъ ГӀайшат дунялалдаса ятӀалъана ва лъимал тӀубанго бесдаллъана. МухӀамад анкьго класс лъугӀарабго колхозалде лъугьана. Амма кинабго захӀматго букӀана. Колхозалъул захӀматкъоязухъ щолеб жо дагьаб букӀана. Чадикълъиги ратӀликълъиги бугониги, «Кинабго фронталъе! Кинабго бергьенлъиялъе гӀоло!» абураб ахӀиялда гъоркь цӀакъго

захIматал шартIазда хIалтIулаан. Жалго колхозчагIи разилъун кьураб гуреб, рагъул соназ хIукуматалъ тIадаблъун гьабуна ва щибаб цIаракиялъ лъагIалие кьезе кколаан:

**Рагъулаб налог** – 10 гъурущ;

**ХIораб налог** *(лъимер гьечIей, рос гьечIей чIужуялъухъа)* – 60 гъурущ;

**Гьан** – 56 кило;

**Хоно** – 60 шт;

**ЦIоко-тIехь** – лъабго;

2 кило гIакдал нахул бичун босулаан гIадамазухъа 10 гъурщиде.

Гьелде тIадеги хъвазе кколаан заемал. Гьеб букIана «хIалгьабун бахъулареб, хъвачIогоги толареб жо». МухIамадие гьеб кинабго захIмалъулеб букIана. Школалде унел яцазе босизе кколаан ретIел-хьит ва цогидабги хIажатабщинаб. ГIагарлъиялъулги гьезде регIарав чи вукIинчIо. Яцал ракъун теларин абун МухIамадица байбихьана рокъоса цо цIакъго хIажалъи гьечIеб, къайи-къоно бичизе. ТIад мина базе инсуцаго данде гьабун букIараб хъарщи-цIул ва цогидабги бичана ва хисана къунмухьдахъ. Гьелъги гIей гьабичIо. Ихдалил заманаялъ росулъ гьарулелщинал ракугваязульги ва цогидал ишазульги гIахьаллъулаан МухIамад, гьениб, дагьабго бугониги, кваназе жо щолаан гьесие.

Дол соназда росулъ букIана рагъухъабазе фронталде битIизе данде гьабураб кванил нигIматазул склад, хассав чиги тIад тараб. Гьеб цIунун букIана сверун рухьарал гьабзаз. Рес къотIиялъ, МухIамадил ният ккана, къаси кватIараб гIужалъ ун, гьениса дагьа-макъаб квен-тIехалъе жо босизе. Гьеб лъачIого хутIичIо складчиясда. Росулъ руччаби ва хараби гурого хутIун гьечIелъул, гьев гIемер ургъана цIогьор кквезе. Кин бугониги, щаклъи ккана МухIамадида. Цо къоялъ, гьал кIиялго данделъараб бакIалда, гьес МухIамадида цIехон буго:

– Дуцайищ искладалдаса жо босулеб бугеб?

– Дир яцал ракъун руго. ГьечIо рокъоб кваназе жо, – ян къварилъун вуго вас.

– Кинха мун жаниве лъугьунев, гьагъадин ццидалал гьабиги сверухъ рукIаго?

– Дун гьел гьабзазда аскIове ана накабазда хьурщун, ункъида вилълъун ва гIодулаго. Дица гьезда бицана дир яцал ракъун ругин, кваназе жо гьечIин, дун гьениве виччайилан. Гьеб хIалалъ хьвадана дун къаси-къаси гьениве, щибаб сордоялъго гIадин.

– МухIамад, дун гьел гьабзаздаса квешав чи гуро вугев. Дуца гьабулеб жо дида бихьичIо ва рагIичIо, амма цоги чиясда гьеб лъан хадуб, мун туснахъалда лъолевлъи лъалищ дуда… – ян абун, малъа-хъваял гьаруна МухIамадие искладчияс.

Гьедин, цин ракъун, цин къечон, хвалдаса рорчIана гьел ятимал рагъулал соназ.

Гьанже хаду-хадуб заманаялда, яцазул цоялъ жиндирго лъималазда бицун, нилъехъе щвараб буго гьаб къисса. Бихьугеги нилъедаги, нилъер наслабаздаги рагъул кьогIлъиги, ракъи-къечги, къварилъиги.

***ГIумар АВАРСКИЙ,***
***Россиялъул Хъвадарухъабазулги***
***Журналистазулги союзалъул член.***

# КучӀдул



СайгидахӀмад
АХӀМАДНАБИЕВ

## МУГӀРУЗДА СВЕРДИЛАРО

**МугӀрул тӀогьахъ свердизе, тӀокӀав дун вахинаро,
ТӀабигӀат гӀажизлъулел, гӀиял рехъабаз тарал.
ТӀокӀкӀарал иццул лъимахъ кӀал чӀвазе къечеларо,
Къаябазда кьурдулел кьагӀазул гъади арал.**

**Ахазукь свердиларо, ссанда гӀодов чӀеларо,
ЧӀоролабазул бакънахъ гӀенеккизе рес гьечӀел.
Ахал лъалъалел рахъал рихьизе хьул лъоларо,
Жанисан чӀахӀилги цӀун, чӀаголъи хвезабурал.**

**ГӀачиязул пермабахъ щвезе анищ кколаро,
ТӀохалги гьороца ун, чӀваднazде руссун ругел.
Дояркабазул кочӀол гьаракь гӀинда чӀваларо,
ЧӀорто-къехь бичулезул кьерал цӀикӀкӀинарурал.**

**Авлахъалде, хурзабахъ, инего бокьуларо,
РекьичӀого, гӀуру къан, муцӀидалги цӀун ругел.
ЩӀигьабун гӀуцӀиялъул гӀаламат батилаха,
Тукадаса кинабго кагътил гӀарцухъ босулеб.**

## ТЕ ДИЕ ГЬАРАНЩИНАБ

Дун гIатIиракьалде вахъанин абун,
Дихъа нахъ бахъуге магIарул гIадат.
Гьаниб гIодоблъуда рукъ ккун чIанилан,
ЧIваге дида гIайиб, гIагараб тIалъи.

Дир урхъи буссине рес гьечIел мугIрул,
МагIарул мацI цIуне дир наслабазе.
Дие кколеб бутIа – ирс бикьулелъул,
Дир намусги цIарги дида хадуб те.

Дир инсул росу те, росдал кулал те,
РоцIцIарал зобал те, цIадал щеней те.
ЦIад бан хадуб чIвалеб чIурканаб нур те,
Харда щурщудулеб щобил гьури те.

Щобдасан баккулеб багIараб бакъ те,
Бакъуй керен кьурал кьурул парсал те.
Росу бихьулелъув цо сасие те,
Ссанда гIодов вукIун кечI ахIизе те.

МугIрул щобал гирун гьоболлъухъ щведал,
Росдал годекIаниб ганчIида бакI те.
Гьобол-гьудуласул хIурмат кIудияб,
МагIарул хирияб халкъги дие те.

Къаси моцIол канлъухъ хурзал лъилъулел,
Ясазе гул къалев гвавулъего те,
Горда гъоркь гIодов чIун гIолил ясазе,
Умумузул бакъан тIамизеги те.

Лъараца босун ун бащдаб хутIараб,
Дир росдал сверуда свак чучизе те.
Будунас ахIулеб какиде гIин чIван,
КъулгIадухъ ганчIида гIодов чIезе те.

Те дие цIар араб ЦIумада район,
ЦIвабзазда жал цурал рорхатал мугIрул.
Те дие хирияб умумузул ракь,
Гьенисан – дие кечI ахIулеб гьаракь.

Те дие кечI хъвазе бегIераб къалам,
Къойилго рагIизе магIарул калам.
Кье дие мугIрузде вахине сахлъи,
МагIарул халкъалъе – даимаб вацлъи.

## УНГЕ МУГІРУЛ ТУН

I

Унго, магIарулал нужер хиялаз,
Хаган ватула дун цо-цо мехалда.
Парахалъи гIурал гIадамал рихьун,
ГIажаиблъун гьезухъ валагьула дун.

Нужей бихьуларищ чIанда чагIаца,
ЧIвалеб бугеб малакь магIарул гIадат?
ГIагараб ракьалде рокьи тIагIарал,
ТIаде гIолел гIелал гIемерлъун рукIин?

Рахьдал мацI кIочарал, чунтби понцIорал,
ЧамгIаллъи гIемерал гIагарлъун рукIин.
Жиндир тIомол гуреб, тIокIаб жоялъул,
Ургъел гьабуларел, гьарзалъул рукIин.

МагIарул гIадамаз гIагараб рещтIен,
ГIатIиракьал рокьун кьололеб букIин.
Кьварарал васаца жидерго руссен,
ЛъарагI байдабазухъ хисулеб букIин.

Гьениб чед гIечIого, гIорцIи лъачIого,
ГIодоб авлахъалъухъ урхъун лъаларо.
Кьолбол авалги тун, аб гьаваги тун,
Гьанисан щвезе жо бугин кколаро.

Унго, тIагIинадай тIадмагIаруллъи,
ТIабигIат берцинаб мугIрузул тIалъи.
ХутIиладай занал, зодихъ ралагьун,
Ниж рехун тогеян гьарулел гIадин.

II

ТIадмагIарухъ ракьал рекьулел гьечIо,
Ракьул къимат лъалел дагьлъулел руго.
ЛъикIалщинал рищун гочунел руго,
Росаби дагь-дагьккун чIунтулел руго.

Рихьун тарал кулал, рехун тараб мегъ,
Магъилъан ахIулеб кечI рагIуларо.
Харил хIама цIолев чи вихьуларо,
Чода рекIун унев вас дандчIваларо.

КъанагIалъун йиго, харил магьлги цIун,
Хурисан ячIуней магIарул гIадан.

**Мугъзада кинигун, кодоб лъимергун,**
**Колода хьвадулев росасул чIужу.**

**МагIил гIоралги тIун гIодула дир ракI,**
**ГIадамал дагьлъараб росдахъ балагьун.**
**Жаниб пуруц хъвачIел хурзахъ балагьун,**
**ЧIвадназде руссарал кулахъ балагьун.**

**МугIрул цIун рукIарал гIиял кир арал?**
**ГIачи-бачаз цIурал мучIдул кир арал?**
**Бакълъазда беричал ахал кир арал?**
**Ахакьа хIанчIазул бакънал кир арал?**

**Лъаразда гьарурал гьабал кир арал?**
**Гьабихъ ххенолеб доб тIорщел киб араб?**
**ТIохда тIибитIараб чIар кибе араб?**
**ЧIалда мохмохалъул нах кибе араб?**

**«Нилъее умумуз ирсалъе тараб,**
**ИяхIги намусги», - гьеб кибе араб?**
**Гьудул–гьалмагъасде къо ккараб къоялъ,**
**КъватIире рахъунеб гIадат киб араб?**

**Оцаз хурги бекьун, хIалухъиналъул,**
**ХIамида гьир къалел къедисел кире?**
**Къали хьалеб хуриб, гохI ракулги бан,**
**БачIин бакIарулел багвалал кире?**

**Риидал магIарда гIачиги хьихьун,**
**Хьагахъе рахь тIолел тIиндисел кире,**
**ТIогьол бакълъабазда гIиялги речIчIун,**
**ХIанил кеп босулел сасикьел кире?**

**Куракалъул ахалъ бачIин кьелилан,**
**Гьелда божун чIарал чIамалал кире?**
**Росда нахъа ругел хурзалги рекьун,**
**Гьелъ бетIербахъарал хъварщисел кире?**

**Бихьинал гIиязул журайги гьабун,**
**МагIарде вуссунев сильдисев киве?**
**БугIа–ролъул гьирал гьороги сокIкIун,**
**Гьелъ ракъи гьукъарал гьакъосел кире?**

III

Рехе гочаразда гIайиб батани,
ГIемеразда гьоркьоб гьеб дирги буго.
Гьедарун щибизе, щивасул буго,
Щибаб килищ рикIкIун гъалатIал руго.

Щибулел нилъ гьанир чияр ракьалда?
Чахьал гIорцIиялъе чед щвечIогонищ?
ЦIумазул роль хIалел хIанчIазда гьоркьор,
ХIули чияр гъурал гъудулгун цадахъ?

Гьанир рачIаралъухъ щиб нилъей щвараб?
МагIарул гьогьенищ? Гьекъолеб лъимищ?
«Мага», «Гуля»-базул гурулъ ккелилан,
Дурго лъималазда бугеб хIинкъийищ?

Тушман вихьулареб, рохьазда рагъищ?
Рагъ гьечIелъур чIвалел гIолохъабийищ?
ГIарцухъ хъулухъ щвезе, дандиялги чIван,
Депутатлъиялде нух бахъунелищ?

Нилъер мацI бицунел, саяхъ хьвадулел,
Авал сверун ругел саунабийищ?
ЦIалул идарабаз экзаменазухъ,
Эркенго босулеб дадал гIарацищ?

Сордо-къо лъачIого ресторанazде,
Рокъоб нух лъалареб, къосараб къавмищ?
ЛъикIаб адабалъул асар лъугIарал,
ГIаданлъи кIочарал гьал гIоркьилалищ?

Херазул рукъзабахъ умумулги кьун,
Гьезул малалдасан кеп босулелищ?
ЧIарал рокъор тарал, эмен лъаларел,
Лъималазул гIоди рагIизеянищ?

Нахъасан балагьун бихьинал-цIуял,
БатIа рахъунареб ратIлил формаймщ?
Патя, Зуляйилан, Шома, Ханчикин,
Цоцазде ахIулел нилъер цIаралищ?

Васасул кинидахъ кечI ахIуларей,
Керенги диргьарай дур цIияй нусищ?
ДахIададал мацIалъ кIалъазе лъачIел,
Росулъ рачIунарел дур гьитIичалищ?

**Чохьой хинкIил гуреб хабар лъалареб,**
**Хирияб мацIалда цIали лъалареб,**
**ЧIужу йичаризе базаралда лъун,**
**Бихьиназ кIалалъ бакI кверде босараб.**

**Абила, рорхатал ригьзалги ранин,**
**РекIине чIухIараб машинги щванин.**
**Нилъ рекIине ругеб цIулал «чуялъул»,**
**Чанго натI ххамилги хиял гьабунищ?**

**Кьварараб мугIрул ракь бокьун пайда щиб,**
**Бокьараб ккайилан тезе кканин мун.**
**Ургъелазул гьираз гьинал ракIги цIун,**
**Гьавураб ракьалде рокьиги цIунун.**

**Суалал, суалал, жаваб щоларел,**
**Жакъа дица ракIчIун абулеб буго.**
**Кив дун вугониги, къилбаде гIадин,**
**Къулила мугIрузе, гIодоб наку чIван.**



**Рукъият АМАГАЕВА**

## УНКЪИДЕ РИКЬАРАЛ ЛЪАГІАЛИЛ ГІУЖАЛ

**Ана хинал къоял, къокъана рии,**
**Къваридго, мех-мехалъ нахъбуссунаго;**
**Гьоболлъухъе рещтІун букІараб гІадин,**
**ГІурччинаб ретІелги тІогьилалъ хисун.**

**БачІана хаслихълъи, хинал гьуралгун,**
**Меседилаб кьералъ гъветІ-херги белъун.**
**Дагь-дагькkун къокълъулел къоялда цадахъ**
**Цо хассаб берцинлъи нилъей кьолаго.**

**КватІичІого щвела гІазулаб хасел, -**
**Хиси гьечІеб чвахи заманаялъул.**
**Ункъиде рикьарал лъагІалил гІужал, -**
**ГІаламатал жидер щибалъулъ ругел.**

## ГЬЕЧІО ДОБ ГІУМРУ

**ГьечІо гьал къоязулъ хутІун берцинлъи,**
**ГьечІо гІадамазулъ букІараб хинлъи.**
**ГьечІо цоцалъ гъунки, цоцалъ гьуинлъи,**
**ГьечІо щибго хутІун доб гІумруялъул.**

**Рекьулел хурзалгун дол ахал гьечІо,**
**Ахихьан, хурухъан, гьабигьан гьечІо.**
**Колхозал, совхозал, завод, фабрикал,**
**Кинабго биххана – хутІичІо щибго.**

**Фермабазда кочІол бакъан къотІана,**
**Бакълъазда кваналеб боцІи тІагІана.**
**ГІиявехьас цере къотІун рачунел,**
**Дол гІиял рехъаби лъедерлъун ана.**

ГьечIо, гьудулзаби, гьечIо доб вацлъи,
Доб букIараб хинлъи гIадамалъ гьечIо.
Гьоболлъухъе рещтIун, сордо бан чIезе,
РегIарав чи гьечIо гIагаразулцин.

## ЛЪУКЪАРАБ РЕКIЕЛ АХIИ

Жакъа лъутун ана дидаса рокьи,
Ракьа кьватIун унеб гьаракьги бахъун.
БецIаб бокIнилъ кIусун, гIодойги къулун,
Дур пикрабаз йиго гьаглъизаюлей.

Щайдай рехун тана гьав вокьулес дун?
Щайдай мугъ диде кьун кьурун вуссарав?!
Щай тIубанго дуе кьураб гьаб дир ракI,
Рошнолъе рехараб агъаз гьечIого!

Вокьулилан такрар гьабураб калам,
Божи гIечIогойищ гIадахъ босичIеб?!
ЧIегIерал дол сардал дур пикрабазулъ,
Рогьарал лъаларищ, дир дару-дарман?!

* * *

Чанги щола ракIалде,
БукIана цо замана,
РакIалги ращад гьарун,
Цоцалъ гьуин рукIарал.

Чиясул къимат бугеб,
Кванида тIагIам бугеб,
ГIаданлъи, иман, намус
Киназульго рекъараб.

Гьанже тIорщел гьарзалъун,
Гьуинлъи тIагIун буго.
ГIакъилаллъун хIалаго,
ГIаданлъи лъугIун буго.

Жиндирго гIамалалъул
Милат гьабулеб гьечIо,
Бицараб рагIигицин
ГIадахъ босулеб гьечIо.

ГIаданлъи билун буго,
ЯхI-намус лъугIун буго;
ГIарац кодоб бугони,
ГIолилан кколеб буго.

Цадахъ босизе гьечIеб,
Гьай байтулман дуниял.
Гьаниб тезе захIматаб,
Мун хиралъун бугеб куц.

Цебеги гьабулаан
МагIишат дингун цадахъ,
Цоцахъеги унаан
Адаб, гIаданлъи цIунун.

Гьанжейилан абуни
Яц-вацин кIочон руго,
Телалъ къваригIел тIубан,
ТIаде инги тун буго.

Цебе букIарабщинаб
ТIокIаб нахъбуссинаро,
РачIинаро дол къоял
Нилъ кигIан хIакъданиги.

## ДИЕ БОКЬУЛАРО ГЬАНЖЕ ЗАМАНА!

**Дие бокьуларо гьанже замана,**
**Гьарзалъи бугогIан гIорцIи лъалареб.**
**ГIарац-меседалъул хIалго гIолареб,**
**ГIадан хъантIиялъул гIорхъиго гьечIеб.**

**Дие бокьуларо гьанже замана,**
**Эбел-инсухъ урхьун ракI тIамулареб.**
**КIодо-эбелалъухъ сордо балареб,**
**Яц-вацазде ракI щун щвезе унареб.**

**Дие бокьуларо гьанже замана,**
**ГIарац гIемерлъараб, намус дагьлъараб.**
**Кепкал тIокIлъанагIан яхI учузлъулеб,**
**Чвантихъги ралагьун гьудуллъи кколеб.**

**Дие бокьуларо гьанже замана,**
**Бечедав чи вихьун бетIер къулулеб.**
**Мискин-пакъирасул къимат лъалареб,**
**Данде гьабун гуреб гIаданлъи гьечIеб.**

**Дие бокьуларо гьанже замана,**
**Къварилъаби рихьун чи кантIулареб.**
**ГIадамал унтараб, хвел гIемерлъараб,**
**Хвалил ургъелалъул ххвелал гьарулеб.**

**Дие бокьуларо гьанже замана,**
**Как-дин цIилъанагIан гIадлу чучлъараб.**
**ЦIи-цIиял гIелаца адаб рехараб,**
**Цоцада нахъасан гъибат гьабулеб.**

**Дие бокьуларо гьанже замана,**
**Рихьдай хьвади гьабун хьитал рагьараб.**
**ЧIухIигун къаცанди къецалъ хIалтIулеб,**
**Цоцада нахъасан цIакъ мукъсанлъараб.**

# Хардал



**Шамай**
**ХЪАЗАНБИЕВА**

## БИГЬАРОДАЛ ХЪУПИЛ ГIАЗУЛ САРИНАЛ

БухIун щвараб бакъги, бакъуе салам кьолел чIирчIириялда ругел хIанчIиги, хIанчIазул бакъназ пана гьаюрай Зайнабги. Гьей, бигьа гьаюн, ракьалда унтиларедухъ, хIеренго галабиги лъолаго, щвана шагьаралъул паркалде.

Зайнаб чIаралъуйго хутIана – гIурччинхарида баулеб бугин кколеб букIана хъван балеб хъупил гIазуца. Гьалъул расалги лъухьулел рукIана хIеренаб хъупалъул хIулабаз. Гьезул щибалъ щурулеб букIана Зайнабие гьелъул рекIелъ жеги щулаго чIун бугеб хъупил гIазул хIулабазул хIайранаб къиса.

Гьале жакъаги добго хъупалъ рикь-рикьизарулел руго гьелъул пикраби. ГIазу гIадин хъван балеб хъупалъ Зайнаб цIидасанги ячана жиндирго бигьародал гьотIохье. Гьеб дагьабги чIурканлъун, халалъун, гIолохъанлъун бугоан. ГьотIода къвалги бан, гьелъ хъван бачунеб бугеб «гIазуги» цояб кверalъ кколаго, синкъиялда гIодулей йикIана гьей.

Унго, гьаб хъупалъ Зайнабие сайгъат гьабунщинаб талихI! Гьалъие бищунго бокьулеб моцIги май букIана. Гьанжеги гьеб тIаде щведал, пашманал пикрабазул гьамутакье ккола.

Гьале гьаб гьотIокь, хъванго хъван балеб хъупил хIеренаб гIазуги нугIлъиялъе ккун, йокьулилан гьедун вукIана Рустам Зайнабие.

ХIикматаб гIазу бан лъугIизегIан, кьойил унаан гьел гьотIохье. ГIанчIилъилъулъги гогьлъиялъулъги квелъбан лъедолей Зайнабида ракIалдецин кколеб букIинчIо гьеб цIакъго талихIаб къиса цIакъго къокъаб букIинеблъи. Гьале жакъаги гьей хъупил сариназухъ гIенеккун йиго.

Огь-гьай! Унго-унгоги берцинлъи гьаб лахIзаталъул – киса-кибего гIурччинаб партал ретIараб тIабигIатги, диргъун роцIараб хъахIилаб зобалда нурги базабун, гвангъараб бакъги, росунго росун бигьародал гIазул хIулаби майилан Зайнабихъе кьолеб гьеб бакъул чIоразул бакъназухъе, каранда

жаниб гьунарого, кьурдулеб бугеб гIолилалъул ракIги, гIазуца бахчараб гIурччинлъиялда гьоркьосан раккарал тIугьулги.

ГьадигIанго берицинаб букIарабдай гьаб хъупил «хасел» доб мехалдаги!?

Долдаса нахъе ана гIемерал сонал. СасинчIо Зайнабил ракI. КIвечIо гьелда кIочене Рустамил хилиплъи. Амма жинцаго Зайнабица гьеб хилиплъилъун рикIкIунеб букIинчIо. Гьелъул гIаксалда,гьей талихIай йикIана тIубачIеб рокьул цIорораб гъасда. ЙикIинчIо гьей Рустамица бакулеб цIадул канлъунги, гьесул гIумруялъул бакъул чIорлъунги, гьесул рекIел рокьул чIвалъунги, гьесул къисматалъул нухазда цее лъел цIураб гIеретIлъунги. Амма Рустамиде бугеб рокьуца гьей лъугьинаюна къвакIарайлъунги, къохIехьолейлъунги, жинцаго абухъе, талихIайлъунги. Зайнабида лъалаан Рустамил гьесие кинидаго абурай яс йикIинги гьей ячинчIого, гьесул рес гьечIеблъиги – Рустамил хъизан тIубанго бараб букIана абуралъул инсуда, тIадежоялъе кIиязулго улбул яцгIалзабиги кколаан.

ТалихIай йикIана Зайнаб. ГIодобе биччараб гIумруги букIана гьелъул. Зама-заманалдасан цIалулеб бакIалдаса гIемер рикIкIадаб гьечIеб паркалде унаан гьей. Хасго маялда гIемер щолаан гьей, бигьародал хъупил хъван балеб гIазу бихьизе. ГьотIокь егарай Зайнаб яцизаюн йикIунаан тIаде бараб хъупалъ. Цинги гьелъул сариназухъ, сас тун, гIенеккулаан гьей. Унго–унгоги, гьелъул рекIее лъугьунеб букIараб бигьалъи, хъупил гIазукь тIупун йигеб мехалда.

Гьеле гьединаб цо къоялъ лъай-хъвай ккана Зайнабилги Рустамилги.

Бигьародал гъотIокь ягарай чIужугIадан йихьидал, вихха-хочарав Рустам гьелъухъе векерана. Гьесда ракIалде ккана гьей унтарай гIадан ятилилан. Амма Рустам дагьавги виххана, хъупикь гьапуллъун ккарай гIолохъанай яс йихьидал…

Гьев хIикмалъизавуна Зайнабилги бигьародал хъупил гIазулги гIажаибаб къисаялъ. Гьесиеги бокьана хъупил гIазул къисаялъул багьадурлъун вахъине. Гьелъие гIемер заманго къваригIинчIо. Дагь-дагьккун Рустамица нух бахъана берцинай Зайнабил недегьаб рекIелъе. Гьелъул къисматалда гьес рекьулел рукIана цIияб талихIалъул цIиял мугьал. Хъупил гIазуялъ, щибаб май бачIиндал, реэдулел рукIана гьел мугьал. Ва заманалдасан гьез рекIеда чIвараб рокьул мугьру даимаблъун хутIана Зайнабие. Гьелда бичIчIулеб букIана Рустам рес бугеб хъизамалда гIурав вас вукIинги, гьесие жий ячине кинго ихтияр кьезе гьечIеблъиги. Гьеб лъанагIан, бичIчIанагIан, цIалей йикIана Зайнаб Рустамихъе.

Цо къоялъ рогьалилъго хъупихъе гIедегIун уней йикIарай гьалде данде ячIана жийго гIадай гIолилай. Пахруго, берзуего Зайнабги гIечIого, кIичIардилаго, къвалакь кIиябго кверги чIван, гьелъ абуна:

– Йо, хъупил бахIарай! Дихъа абурав вахъизейищ ракIалде ккараб, росулъа гьардухъан? Нолъги досул къвалакьин дун йикIарай, гьайбат. Гьесха бицараб диеги дур, пакъир–пуланалъул, рокьул къисаги. МашаАллагь, нижее щун букIараб кепха. ГьотIокь мун егулеб куцгицин бихьизабуна гьес. Мохмохалде хьулги лъун йикIунге, хьалбазул гьангицин щвечIого хутIизе гурин. Цо мунго гIадав гьардухъанасе ине гIамал гьабе,– янги абун, гIолилай ана.

Йохъ! Бицине рес гьечIо Рустамица гьеб, гьурщизе рес гьечIо гьес дир рокьул къиса!

БицинчIеб батани, кинха гьелда гьеб лъараб?

Хиянатлъи! Хиянатчи! Гьадинал пикрабаз йосахине гьаюрай Зайнаб лъутун ана паркалдаса.

Гьеб букIана хъупил гIазулгун ахирисеб дандчIвай.

Май моцIги лъугIана. Июнь моцIги тIаде щвана. Дипломги щун, Зайнабги шагьаралдаса ана.

Гьанжеги гьелъул рекIелъ рохелги пашманлъиги цадахъ рещтIуна, май моцI тIаде щведал.

Май моцI. Гьале доб бигьародал гъветI. ТIупан тIун балеб хъупил гIазуги. Гьале цIидасанги еэдулей йиго Зайнаб гьеб хIикматаб гIазуца. Гьелъие бокьун букIана, кидаялиго гIолиллъиялда гIадин, бигьароялда къвалги бан, гьелъул хъупилъ чвердезе. Щибаб хъупалъ гьелда ракIалдещвезабулеб букIана талихIалъул цIураб доб къиса. Гьеб кIигъеж гьабун баччун букIана Рустамиде бугеб рокьуца.

ГIуцIичIо Зайнабица жийго бетIергьанаб хъизан. КигIан хIаракат бахъаниги, кIвечIо гьелда рекIелъа Рустам вачахъизе…

Хъизаналъул битIккечIев Рустамги гIедегIун унев вукIана бигьароялъухъе. Гьалеха паркги. Хъван балеб хъупил гIазуги. Тохлъукьего Зайнабида берчIварав Рустам гIунун хутIана. Хъупил гIаздаца яхчизаюрай Зайнаб йихьидал, Рустамида ккана жиндирго хIатIазда гъокь букIараб ракь тIун арабилан. Гьеб лахIзаталъ гьев гIенеккун вукIана бигьародал хъупил гIаздал сариназухъ…

# Гьабги, дорги, дорцоябги

## БОСАРАСЕ ГІАКЪЛУ, БОСИЧІЕСЕ…

***

Цо гІакъилас васасда абунила:

– Дуца дуего бихьизабураб заман бикье цоцазда бащадаб лъабго бутІаялде:

Цояб дин гьабизе, цогидаб дунял гьабизе, лъабабилеб хІалхьиги, дурго черхалъул тІалаб-агъазги гьабизе. Кколеб куцалъ хІалхьиги дурго черхалъул тІалаб-агъазги гьабичІони, цебесеб кІиябго налъиги тІубазабун бажаруларо духъа.

***

– Щуго батІияб тайпа буго гІадамазул, жидеего пайдаги дагьал, цогиязе заралги кІудиял, – ян абунила цо гІакъилас. Цогиязда гІелму малъизе лъугьарав жагьилчи – 1. ТІекъаб мурадалде щвезе хІаракат бахъулев чи – 2. Сверухъ ругел божарал гІадамазулгун гІакълу дандбаларев хІакимчи – 3. Жиндихъа гьабун бажарулареб иш тІаде босарав чи – 4. ГІадамал махсароде ккун, мурадалде щвезе нух балагьулев чи – 5.

***

ЦІакъ бечедавги, цадахъго сахаватавги чиясда гьикъанила:

– Щай мун гІорцІизегІан кваналарев? – илан.

– ГІорцІизегІан кванани, кваназе жо гьечІого ругел гІадамал дида ракІалде щоларо, – ян жаваб кьунила гьес.

***

Дунялалъул рахІат боси, ралъдал лъим гьекъей гІадаб, кигІан гьекъаниги къеч буссунареб жо батанилан абунила хвалда цебе цо ханас.

***

Диогенида гьикъанила цо пуланав чи бечедав вугищилан.

– Бечедав вугищали лъаларо, лъала дида гьесул гІемераб гІарац бугеблъи, – илан жаваб кьунила Диогеница.

– Батани, гьев бечедав вугоха.

– ГӀарац гӀемер букӀин гуро бечелъи. Бечелъи буго, бугелда разилъи, – ян хабар къокъ гьабунила гьес.

***

Аристотелида гьикъанила:

– ЖахӀдачагӀи кидаго сундаго рази гьечӀого щай рукӀунел? – илан.

– Щайгурелъул, жидерго битӀккунгутӀиялдасаги, цогиязул битӀккей гьезул рекӀее захӀмалъула, – ян жаваб кьунила гьес.

***

КӀудияб вилаяталда бищунго гӀакъилавилан киназго рикӀкӀунев чиясда гьикъанила:

– Дурго гӀакъиллъиялъул борхалъудасан балагьун хӀасил кинаб дуца гьабураб? – илан.

– Дун гьанже лъиданиги божуларо ва лъилниги кумекалде хьул лъоларо, – ян жаваб кьунила гьес.

***

Цоги гӀакъиласда гьикъанила:

– Дур гӀаданлъиялъулги гурхӀел-рахӀмуялъулги гӀорхъи киб бугеб? – илан.

– КигӀанго цӀакъ чиясда ццим бахъун бугониги, дица дирго рекӀелъ цо гьитӀинаб букӀаниги бакӀ гьесдаса тӀасалъугьиналъе тола, – ян жаваб кьунила гьес.

***

Гьевго гӀакъиласда гьикъанила:

– Дур пикруялда, бищун гӀакъилав чи щив? – илан.

– Бицунелъухъ гӀенеккизе лъалев чи, – ян абуна гьес.

***

Дунял бихьарав, гӀумру лъарав херас жиндирго васасда абунила:

– Тушманасдаса балъго гьабизе кколебщинаб, гьудуласдасаги бахче. Дуда лъаларо гьеб гьудуллъи кигӀанаб мехалъ букӀинебали.

***

Сократида цо гӀолохъанчияс гьикъанила:

– ЧӀужу ячине ракӀалда буго: ячунищ лъикӀ, ячинчӀогойищ? – илан.

– Ячаниги бухӀила дур ракӀ, ячинчӀониги бухӀила, – ян абунила Сократица.

* * *

Цоги гIакъилас абунила:

– ГIажаибаб хасият буго инсанасул: дагьа-макъабниги бечелъи тIаса ани, хвезе вахъуна; унеб заманалъул, къокълъулеб жиндирго гIумруялъул хIисабцин гьабуларо.

* * *

Пифагорил баргъичалда тIад букIанила гьадинаб хъвай-хъвагIай: «Дагьаб заманалъул битIгьечIолъи лъикI, дагьаб заманаялъул битIккеялдаса».

* * *

Цо философасда гьикъанила, гIабдалилан кинав чиясда абулебилан.

– Цого гъалатI кIиго нухалъ такрар гьабулев чиясда, – ян жаваб кьунила гьес.

* * *

– Мун щай нилъер хIакимасе вокьуларев? – илан гьикъанила киназго адаб-хIурмат гьабулев чиясда.

– Щайгурелъул, хIакимзабазе киданиги рокьуларо жидедаса гIакълу-лъай бугел гIадамал. Гьеб буго гьезул киназулго хасият, – ян абунила гьес.

* * *

Цо гIакъилас абунила:

– УнкъхIатIилаб бацIидаса кIихIатIилаб бацI хIинкъи цIикIкIараб букIуна. ЦIуне гьелдаса, – илан.

* * *

Жиндирго цIалдохъанас Сократида гьикъанила:

– Дида киданиги дур гьурмада пашманлъиялъул асар бихьичIо, мун кидаго рази-ракиго вукIуна. Гьелъие гIилла щиб? – илан.

– Щайгурелъул, дир гьечIо билилин, камилин, тIаса инин хIинкъараб щибниги жо, – ян жаваб кьунила гьес.

* * *

Цо гIакъиласул йикIанила цIакъ берцинайги, гIакъилайги, лъикIайги яс. Гьей гьарун инсухъе вачIанила кIигояв – цояв бечедав, цогидав мискинав. ГIакъилас яс мискинасе кьунила. Гьес гьабуралда гIажаиблъарал гIадамазда гIакъилас абунила:

– Бечедав гIолохъанчи жиндирго буголъиялдаса чIухIиялъ чIезе бакI лъаларого вуго – гьев мискинлъизе бегьула. Гьесда гьеб хIехьезе кIвезе гьечIо. Мискинав гIолохъанчи кида букIаниги бечелъизе рес буго жиндирго хIаракаталъ. Гьесда мискинлъиго гIадин бечелъиги хIехьезе кIвезе буго.

* * *

– Дуца дурго балъголъи кIиго чиясда бицунге, – йилан гIакълу кьунила ханасе гIакъилав вазирас. – Гьеб къватIибе загьирлъани дуда лъаларо лъица дуе рекIкI гьабурабали. Гьезул кIиясего дуца тамихI гьабуниги, гIайибиясда цадахъ гIайибго гьечIесеги зарал ккезе буго. КIиялго щибго гьабичIого таниги, такъсирчи тамихIалдаса ворчIизе вуго.

* * *

ГIакъиласда гьикъанила:

– ГIакълу бугев чийилан лъида абулеб? – илан.

– ГIемерисел анищал тIуралев чиясда, – ян жаваб кьунила гьес.

* * *

– ГIакъилав чиясда гIабдал бачIинахъего ватIа вахъизе лъала, – ян абунила цо гIакъилас. – Щайгурелъул, гIакъиллъизегIан гьев живгоги гIабдал вукIиндал. ГIабдаласдайин абуни гIакълу бугев чи ватIа вахъизе лъаларо. Щайгурелъул, гьесул киданиги гIакълу букIинчIо.

* * *

– ЦIакъ квешаб жо буго ракIалдаго гьечIого бачIараб къварилъи, – ян абунила цо чияс.

– Дагьабги квешаб буго цIакъго цIакъ нилъее лъугьине бокьун букIараб, нилъ хIасратго балагьун чIун рукIараб жо лъугьинчIони, – ян абунила цогиясги.

* * *

– Сабру гьаби цIакъ лъикIаб жо буго, – ян абунила цо гIакъилас, – амма квеш ккараб жо буго, кIудияб сабру гьабизе гIурабгIан гIумру чиясе кьун гьечIолъи.

* * *

БичIчIуларев чиясе лъикIлъи гьаби, хIамил гарбида меседил рахас бай яги гьоцIоги кьун борохь кваназаби гIадаб жо бугилан абунила цо гIакъилас.

* * *

Сократида гьикъанила, кваназе кида лъикIаб букIунебилан.

– Бугес бокьараб мехалъ кваназе бегьула, гьечIес – щвараб мехалъ кваназе ккола, – ян жаваб кьунила гьес.

* * *

– Щай гIакъилал гIадамалги цо-цо мехалъ ццидахунел? – илан гьикъанила Платонида.

–Ункъабго рахъ рекъарав чи вукIунаро, – ян хабар къокълъизабунила гьес.

* * *

– Цоги гIадамазде дандеккун дур тIокIлъи сундулъ бугеб? – илан гьикъанила Диогенида.

– ТIокIлъи дир кинабгIаги гьечIо, – ян абунила гьес, – цоги гIадамал кваназе гIоло хIалтIула, дун хIалтIизе гIоло кванала.







Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

